

**TINGKAT KESOPANAN TINDAK TUTUR DIREKTIF WONTEN ING
RUBRIK WACAN BOCAH KALAWARTI DJAKA LODHANG EDISI
JANUARI-JUNI TAUN 2016**

SKRIPSI

Dipunaturaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Kangge Njangkepi Sarat

Pikantuk *Gelar Sarjana Pendidikan*



Dening :

Inggit Dwi Karunia

NIM. 13205241038

PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA

JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH

FAKULTAS BAHASA DAN SENI

UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA

2017

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan “*Tingkat Kesopanan Tindak Tutur Direktif Wonten ing Rubrik Wacan Bocah Kalawarti Djaka Lodhang Edisi Januari-Juni Taun 2016*” menika saged dipunuji awit sampun dipunsarujuki dening *dosen pembimbing*.



Yogyakarta, 24 Juli 2017

Dosen Pembimbing,

A handwritten signature in black ink, appearing to read "Endang Nufhayati", is written over a vertical line that extends downwards from the signature.

Prof. Dr. Endang Nufhayati, M.Hum.

NIP 19571231 198303 2 004

PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan “*Tingkat Kesopanan Tindak Tutur Direktif Wonten ing Rubrik Wacan Bocah Kalawarti Djaka Lodhang Edisi Januari-Juni Taun 2016*” menika sampun dipunandharaken ing pendadaran wonten sangajengipun *Dewan Penguji* nalika tanggal 4 Agustus taun 2017 saha dipuntetepaken lulus.

DEWAN PENGUJI

Asma	Jabatan	Tapak Asma	Tanggal
Prof. Dr. Endang Nurhayati, M.Hum.	Ketua Penguji		29-8-2017
Avi Meilawati, S.Pd., M.A.	Sekretaris Penguji		29-8-2017
Prof. Dr. Suharti, M.Pd.	Penguji Utama		29-8-2017

Yogyakarta, 29 Agustus 2017

Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta

Dekan,



Dr. Widyastuti Purbani, M.A.

NIP. 19610524 199001 2 001

WEDHARAN

Ingang *tanda tangan* ing ngandhap menika, kula :

Nama : Inggit Dwi Karunia

NIM : 13205241038

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Fakultas Bahasa dan Seni

ngandharaken bilih skripsi menika kula damel piyambak. Sapangertosan kula wosing skripsi menika beda kaliyan skripsi ingkang dipunserat dening tiyang sanes, kejawi bab tartamtu ingkang kula pendhet kangge pamanggih dhasar kanthi njumbuhaken tata-cara saha *etika* panyeratan.

Seratan ing wedharan menika dipunserat kanthi saestu. Menawi wedharan menika kabukten boten leres, dados tanggel jawab kula piyambak.

Yogyakarta, 19 Juli 2017

Panyerat



Inggit Dwi Karunia

SESANTI

Tan ana panjangka kang bisa jinangka tanpa jumangkah.

(Panyerat)

PISUNGSUNG

Kanthi raos syukur dhumateng Allah SWT, skripsi menika kula pisungsungaken kangge tiyang sepuh kula kekalih, Bapak Warsono saha Ibu Musripah ingkang tansah paring panjurung, panyengkuyung, pangestu, saha pandonganipun.

PRAWACANA

Puji syukur konjuk dhumateng ngarsanipun Gusti Allah SWT, ingkang tansah paring nikmat kasarasan saha kabegjan dhumateng kula, satemah kula saged nyerat skripsi kanthi irah-irahan “*Tingkat Kesopanan Tindak Tutur Direktif* Wonten ing *Rubrik* Wacan Bocah Kalawarti Djaka Lodhang *Edisi* Januari-Juni Taun 2016” kanthi lancar dumugi paripurna anggenipun nyerat. Skripsi menika dipunserat kangge njangkepi salah satunggaling sarat *pendadaran* kangge anggayuh gelar Sarjana Pendidikan.

Boten kesupen, panyerat ugi ngaturaken agunging panuwun dhumateng Ibu Prof. Dr. Endang Nurhayati, M.Hum. minangka *dosen pembimbing* skripsi ingkang sampun paring panjunjung, pamrayogi, panyaruwe, paring *bimbingan* kanthi sabar ing sadangunipun kula nyerat skripsi menika, saha sampun paring kathah kawruh ingkang migunani sanget satemah skripsi menika saged paripurna kanthi sae saha lancar. Skripsi menika saged dipunserat kanthi paripurna, amargi wontenipun mapinten-pinten pihak ingkang sampun nyengkuyung. Awit saking menika panyerat ngaturaken agunging panuwun dhumateng sedaya pihak ing ngandhap menika.

1. Bapak Prof. Dr. Sutrisna Wibowo, M.Pd., minangka Rektor Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring wekdal dhateng kula kangge pados kawruh.
2. Ibu Dr. Widyastuti Purbani, M.A., minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring kalodhangan anggenipun kula nyerat skripsi menika.
3. Prof. Dr. Suwardi, M.Hum., minangka Pangarsa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, ingkang sampun paring idin palilah kangge nglampahaken panaliten menika.
4. Ibu Avi Meilawati, S.Pd., M.A., minangka *Dosen Penasehat Akademik* ingkang sampun paring bimbingan saha pandom sadangunipun kula sinau wonten ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah.

5. Bapak saha Ibu Dosen Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring mapinten-pinten kawruh, inggih ingkang murakabi tumrap panyerat, saha boten kesupen kangge Staf Administrasi Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun mbiyantu babagan administrasi tumrap panyerat.
6. Dewan penguji sedayanipun ingkang sampun paring pitedah saengga anggenipun kula damel skripsi saha ujian saged katampi.
7. Tiyang sepuh kula kekalih, Bapak Warsono saha Ibu Musripah ingkang sampun paring panyengkuyung saha donga pangestu amrih lancar samudayanipun.
8. Kangmas kula, Ilham Setia Pratama ingkang sampun paring panjurung, panyengkuyung, saha pandonganipun.
9. Kanca-kanca Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah kelas A 2013, kanca-kanca HIMA Pendidikan Bahasa Daerah, saha sedaya pihak ingkang sampun paring panjurung, pandonga, saha pambiyantunipun dhateng panyerat saengga skripsi menika saged paripurna kanthi sae.

Skripsi menika temtu kemawon taksih dereng saged kawastanan sae, jangkep, menapa kemalih sampurna. Pramila panyerat nyuwun pamrayogi saha panyaruwe, satemah panaliten menika tumuju langkung sae, jangkep, saha sampurna. Wusananipun, kanthi raos andhap asor panyerat gadhah pangajab, mugu-mugu skripsi menika saged murakabi tumrap sedayanipun.

Yogyakarta, 19 Juli 2017

Panyerat,



Inggit Dwi Karunia

WOSING ISI

	Kaca
IRAH-IRAHAN	i
PASARUJUKAN	ii
PANGESAHAN	iii
WEDHARAN	iv
SESANTI	v
PISUNGSUNG	vi
PRAWACANA	vii
WOSING ISI	ix
PRATELAN GAMBAR	xii
PRATELAN TABEL	xiii
PRATELAN LAMPIRAN	xiv
PRATELAN CEKAKAN	xv
SARINING PANALITEN	xvi
BAB I PURWAKA	1
A. Dhasaring Panaliten	1
B. Underaning Prakawis	6
C. Watesaning Prakawis	6
D. Wosing Panaliten	7
E. Ancasing Panaliten	7
F. Paedahing Panaliten	8
G. Pangertosan	8

BAB II GEGARANING TEORI	10
A. Pragmatik.....	10
B. Tindak Tutur	11
C. Tindak Tutur Direktif.....	16
1. Jinis tindak tutur direktif	16
2. Fungsi Tindak tutur direktif.....	20
D. Kesopanan Basa	25
1. Prinsip kesopanan	25
2. Tingkat kesopanan	30
E. Konteks saha Koteks.....	47
F. Ukara	51
G. Panaliten ingkang Jumbuh.....	55
H. Nalaring Pikir	56
BAB III CARA PANALITEN.....	61
A. Jinising Panaliten	61
B. Data saha Sumber Data	61
C. Cara Ngempalaken Data	62
D. Piranti Panaliten.....	63
E. Cara Nganalisis Data	64
F. Cara Ngesahaken Data	65
BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN.....	68
A. Asiling Panaliten.....	68
B. Pirembagan	72
1. Pernyataan	72
2. Permintaan sangat sopan.....	74
a. Fungsi nyuwun kanthi boten langsung.....	74
b. Fungsi mangajab kanthi boten langsung.....	75
c. Fungsi naweni.....	76

3. <i>Permintaan sedikit menyuruh</i>	78
a. Fungsi ngengken	78
b. Fungsi ngengken sanalika	80
c. Fungsi ngajak	85
4. <i>Permintaan Menyuruh dengan Keras</i>	88
a. Fungsi ngengken sanalika	88
b. Fungsi meksa	92
c. Fungsi ngengetaken	94
BAB V PANUTUP	97
A. Dudutan	97
B. Implikasi	103
C. Pamrayogi	103
KAPUSTAKAN	105
KAPUSTAKAN SUMBER DATA	107
LAMPIRAN	108

PRATELAN GAMBAR

	Kaca
<i>Gambar I</i> : Bagan nalaring pikir	59
<i>Gambar II</i> : Bagan nalaring pikir salajengipun	60

PRATELAN TABEL

	Kaca
<i>Tabel 1 : Kartu Data I</i>	63
<i>Tabel 2 : Kartu Data II</i>	64
<i>Tabel 3 : Jinis saha Fungsi Tindak Tutur Direktif Wonten ing Rubrik Wacan Bocah Kalawarti Djaka Lodhang Edisi Januari-Juni Taun 2016</i>	68
<i>Tabel 4 : Tingkat Kesopanan Tindak Tutur Direktif Wonten ing Rubrik Wacan Bocah Kalawarti Djaka Lodhang Edisi Januari-Juni Taun 2016</i>	69

PRATELAN LAMPIRAN

Kaca

<i>Lampiran 1 : Analisis Jenis saha Fungsi Tindak Tutur Direktif Wonten</i> <i>ing Rubrik Wacan Bocah Kalawarti Djaka Lodhang Edisi</i> <i>Januari-Juni Taun 2016.....</i>	108
<i>Lampiran 2 : Analisis Tingkat Kesopanan Tindak Tutur Direktif Wonten</i> <i>ing Rubrik Wacan Bocah Kalawarti Djaka Lodhang Edisi</i> <i>Januari-Juni Taun 2016.....</i>	140
<i>Lampiran 3 : Sample Sumber Data.....</i>	150

PRATELAN CEKAKAN

BS	: Boten Sopan
DL	: Djaka Lodhang
KS	: Kirang Sopan
P	: <i>Pernyataan</i>
PMK	: <i>Permintaan Sedikit Menyuruh</i>
PSM	: <i>Permintaan Sedikit Menyuruh</i>
PSS	: <i>permintaan Sangat Sopan</i>
S	: Sopan
SS	: Sopan Sanget
TK	: <i>Tingkat Kesopanan</i>

**TINGKAT KESOPANAN TINDAK TUTUR DIREKTIF WONTEN ING
RUBRIK WACAN BOCAH KALAWARTI DJAKA LODHANG EDISI
JANUARI-JUNI TAUN 2016**

Dening : Inggit Dwi Karunia

NIM. 13205241038

Sarining Panaliten

Ancasing panaliten menika kangge ngandharaken jinis, fungsi, saha *tingkat kesopanan tindak tutur direktif* wonten ing *rubrik* Wacan Bocah Kalawarti Djaka Lodhang *edisi* Januari-Juni taun 2016.

Panaliten menika kalebet jinising panaliten *deskriptif*. *Sumber data* panaliten inggih menika *rubrik* Wacan Bocah Kalawarti Djaka Lodhang ingkang terbit rikala wulan Januari-Juni taun 2016, kanthi data awujud wacana ingkang kalebet jinis *tindak tutur direktif*. Data panaliten dipunkempalaken kanthi *teknik* maos saha nyerat. Data dipunanalisis kanthi analisis *deskriptif*. *Validitas* data dipunpanggihaken kanthi *expert judgment* saha *validitas semantik*. Wondene kangge manggihaken *reliabilitas* menika kanthi ngginakaken uji *reliabilitas intrarater*.

Jinis *tindak tutur direktif* ingkang dipunpanggihaken wonten sekawan kanthi fungsipun piyambak-piyambak, inggih menika jinis ukara wedharan (*pernyataan*) fungsipun kangge ngengken kanthi boten langsung, jinis panuwun kanthi sopan (*permintaan sangat sopan*) fungsipun kangge nyuwun saha mangajab kanthi boten langsung, sarta naweni. Jinis panuwun ingkang radi ngengken (*permintaan sedikit menyuruh*) kanthi fungsi ngengken, ngengken sanalika, saha ngajak. Jinis ingkang pungkasan inggih menika jinis panuwun kanthi ngengken (*permintaan menyuruh dengan keras*) ingkang fungsipun kangge ngengken sanalika, meksa, saha ngengetaken. *Tingkat kesopanan* ingkang dipunpanggihaken wonten sekawan, inggih menika (1) sopan sanget, (2) sopan, (3) kirang sopan, saha (4) boten sopan.

Pamijining tembung : Jinis *tindak tutur direktif*, fungsi *tindak tutur direktif*, *tingkat kesopanan tindak tutur direktif*, *rubrik* Wacan Bocah Kalawarti Djaka Lodhang.

BAB I PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Manungsa minangka makhluk sosial, temtu kemawon gadhah *media* utawi *alat* kangge komunikasi. Salah satunggaling *alat* utawi piranti kangge komunikasi inggih menika basa. Kanthi basa, manungsa saged ngandharaken pamanggih saha raos-pangraosipun. Wonten ing komunikasi, *penutur* ngandharaken *tuturan* ingkang ancasipun nyukani informasi dhumateng *mitra tutur* saha gadhah pangajab supados *mitra tutur* saged mangertosi menapa ingkang dipunandharaken *penutur*. *Tuturan* menika saged suka daya pangaribawa dhumateng *mitra tutur* kangge nindakaken satunggaling bab ingkang dipunkersakaken *penutur*. *Tuturan* ingkang mekaten dipunsebat *tindak tutur* utawi *tindak ujar*.

Tindak tutur inggih menika asiling rerangkening swara utawi *bunyi* saking tandha pribadi ingkang asipat *psikologis* saha dipunandharaken gumantung kaprigelan basa *penutur*ipun. *Tindak tutur* menika kaperang dados tigang jinis, inggih menika *tindak tutur lokusi*, *tindak tutur ilokusi*, saha *tindak tutur perlokusi*. Wijana (1996:18) nyebataken bilih *tindak ilokusi* inggih menika *tuturan* ingkang dipunginakaken kangge nyukani informasi saha saged ugi dipunginakaken kangge nindakaken salah satunggaling bab. *Tindak tutur ilokasi* dipunperang dados gangsal, inggih menika *tindak tutur representatif*, *direktif*, *komisif*, *ekpresif*, saha *deklamasi*. Satunggaling jinis *tindak tutur ilokusi* ingkang dipunsebat *tindak tutur*

direktif, gadhah ancas supados *mitra tutur* menika nindakaken satunggaling bab ingkang dipunkersakaken dening *penutur*.

Tindak tutur direktif menika gadhah sekawan jinis, inggih menika wedharan (*pernyataan*), panuwun kanthi sopan sanget (*permintaan sangat sopan*), panuwun ingkang radi ngengken (*permintaan sedikit menyuruh*), saha panuwun kanthi ngengken (*permintaan menyuruh dengan keras*). Saben jinis menika gadhah fungsi ingkang beda-beda, gumantung ancas saking *penutur*. Wonten ukara ingkang fungsipun kangge ngengken, nyuwun, naweni, ngajak, mangajab, meksa, saha ngengetaken. Ukara-ukara *tindak tutur direktif* menika ugi saged dipunmangertosi *tingkat kesopanipun*. *Tingkat kesopanan* utawi *skala kesopanan* inggih menika *peringkat kesopanan*, wiwit ingkang boten sopan ngantos ingkang paling sopan (Chaer, 2010:63).

Ing salebeting *tindak tutur direktif* menika, saged dipunmangertosi bilih wonten kekajengan *penutur* ingkang beda-beda. Ananging, gadhah ancas ingkang sami inggih menika *penutur* gadhah pangajab supados *mitra tutur* kersa nindakaken menapa ingkang dados kekajenganipun *penutur*. Anggenipun ngandharaken *tuturan*, tetembungan wonten ing salebeting ukara ingkang dipunginakaken ugi beda-beda. Bedaning reroncening tetembungan menika saged ndayani sopan menapa botenipun *tuturan* ingkang dipunandharaken.

Supados *mitra tutur* saged nampi andharan saking *penutur* kanthi manah ingkang nglenggana, *penutur* kedah nggatosaken *tingkat kesopanan* basa. Wonten ing basa Jawi, *kesopanan* basa menika gayut kaliyan undha-usuking basa. Undha-usuk basa Jawi kaperang dados kalih inggih menika basa ngoko saha basa

krama. Basa ngoko dipunginakaken nalika pawincantenan kaliyan tiyang ingkang langkung anem utawi kanca sapantaran. Wondene basa krama dipunginakaken nalika pawicantenan kaliyan tiyang ingkang langkung sepuh menapa ingkang dipunajeni.

Wonten ing masarakat Jawi, *kesopanan* menika ugi dipunsebat tatakrama. Tatakrama boten mligi namung basa ingkang dipunandharaken dening satunggaling tiyang, ananging ugi kedah nggatosaken salah bawa utawi *gesture penuturipun*. *Penutur* saged dipunwastani sopan menika rikala ngginakaken basa saha salah bawa ingkang trep. Menawi basanipun sampun trep, ananging *gesture* ingkang dipunginakaken kirang trep, tuturan menika boten saged dipunwastani sopan. Semanten ugi menawi salah bawanipun trep, ananging basa ingkang dipunginakaken kirang trep, tuturan menika boten saged dipunwastani sopan. Kangge nemtokaken pamilihing basa saha salah bawa ingkang sopan menika kedah dipunjumbuhaken kaliyan *konteks* saha *koteks*, minangka gambaran kawontenan nalika nindakaken pawincantenan.

Tindak tutur direktif boten namung wonten ing komunikasi padintenan, ananging ugi kathah dipunpanggihaken wonten ing teks-teks wacana kadosta Wacan Bocah wonten ing *Kalawarti* Djaka Lodhang. Wonten ing salebeting Wacan Bocah menika kathah ukara-ukara awujud teks ingkang dipunandharaken dening *penutur* dhumateng *mitra tutur*. Wacan bocah inggih menika wacana *naratif* ingkang limrahipun asipat *fiksi*. Wacan bocah menika kathahipun awujud dongeng, fabel, *cerita rakyat*, utawi cerkak ingkang paragatamanipun limrahipun tiyang anem.

Saking andharan ing nginggil, wonten salah satunggaling tuladha ukara wedharan (*pernyataan*) saking Wacan Bocah *Kalawarti* Djaka Lodhang edisi 9 Januari 2016 ingkang irah-irahanipun Mbok Tani kang Cethyl anggitanipun Sumarno.

Konteks : Wonten ing satunggaling dinten pinuju siang, Pak Tani kondur saking sabin lajeng ngendika dhateng garwanipun inggih menika Mbok Tani.

Pak Tani : **“Bune, aku sakesuk ora bisa garap sawah amerga kali kulon desa luber. Iki mau aku malah golek iwak.”** (1/1/DL.32)

Koteks : Mbok Tani rumaos bingah sumerep ulam lepen ingkang kathah. Wonten sidhat, kutuk, lele, bethik, wader, lan sakpanunggalipun. Mbok Tani manggalih ulam-ulam menika badhe dipunmasak menapa, gule, mangut, dipungoreng, menapa dipunbakar.

Pethikan ing nginggil ngemot *tindak tutur direktif* ingkang wujudipun “Iki mau aku malah golek iwak.” Tuturan menika dipunandharaken dening Pak Tani dhumateng Mbok Tani, satemah boten namung nyukani pawartos bilih Pak Tani menika angsal ulam kathah. Ananging, ukara pawartos menika ancasipun nyukani prentah kanthi boten langsung dhumateng Mbok Tani supados ulamipun dipunmasak kangge dhahar wanci siang. Ukara ingkang kados mekatèn, nedahaken *tingkat kesopanan* ingkang inggil. Amargi boten langsung ngginakaken modus ukara pakon, sinaosa ancasipun nyukani prentah dhumateng *mitra tutur* supados nindakaken ingkang dipunkersakaken *penutur*.

Wacan Bocah *Kalawarti* Djaka Lodhang dipunpilih dados objek panaliten amargi wonten ing Wacan Bocah *Kalawarti* Djaka Lodhang menika ngemot ukara-ukara ingkang kalebet *tindak tutur direktif* basa Jawi. Ukara-ukara ingkang kalebet *tindak tutur direktif* menika ugi saged dipuntliti *tingkat kesopanan*ipun jumbuh kaliyan panaliten menika. *Tingkat kesopanan* Wacan

Bocah *Kalawarti* Djaka Lodhang menika kalebet bab ingkang wigatos dipuntliti, amargi Wacan Bocah menika carios ingkang wosipun ngemot piweling, wejangan, utawi *nilai-nilai* bab pagesangan kangge tiyang anem mliginipun lare-lare alit. Menawi Wacan Bocah menika dipuntliti bab *tingkat kesopanan*ipun, temtu kemawon saged mangertosi trep menapa botenipun andharan-andharan wonten ing teks saha sopan menapa botenipun andharan menika miturut tatakrama basa Jawi.

Analisis *tingkat kesopanan*, saged dados dhasar *layak* menapa botenipun waosan ingkang mligi dipunwaos tiyang anem menika. Amargi menapa kemawon ingkang dipunwaos lare-lare, saged ndayani solah bawa ingkang sae menapa awon. Waosan ingkang sae, saged ndayani solah bawa ingkang sae. Kosokwangsulipun, menawi waosan menika boten trep menapa malih ngemot ukara-ukara ingkang boten sopan, saged ndayani solah bawa saha *tindak tutur* ingkang boten sopan. Pamaos ugi saged mangertosi *tindak tutur* ingkang sopan menika ingkang kadospundi, dipuntingali saking titikan *kesopanan* ingkang badhe kaandharaken ing panaliten menika. Dados, perlu dipuntindakaken panaliten ingkang nliti babagan *tingkat kesopanan tindak tutur direktif* wonten ing *rubrik* Wacan Bocah *Kalawarti* Djaka Lodhang, kangge mangertosi *tingkat kesopanan* waosan utawi wacana kasebut.

B. Underaning Prakawis

Saking dhasaring panaliten, saged dipunpendhet mapinten-pinten prakawis, ing antawisipun :

1. wujuding ukara *tindak tutur direktif* wonten ing *rubrik* Wacan Bocah Kalawarti Djaka Lodhang *edisi* Januari-Juni taun 2016;
2. jinis ukara *tindak tutur direktif* wonten ing *rubrik* Wacan Bocah Kalawarti Djaka Lodhang *edisi* Januari-Juni taun 2016;
3. fungsining ukara *tindak tutur direktif* wonten ing *rubrik* Wacan Bocah Kalawarti Djaka Lodhang *edisi* Januari-Juni taun 2016;
4. *tingkat kesopanan tindak tutur direktif* wonten ing *rubrik* Wacan Bocah Kalawarti Djaka Lodhang *edisi* Januari-Juni taun 2016;
5. paedah analisis *tingkat kesopanan tindak tutur direktif* wonten ing *rubrik* Wacan Bocah Kalawarti Djaka Lodhang *edisi* Januari-Juni 2016.

C. Watesaning Prakawis

Prakawis ingkang dipunadharaken wonten ing underaning prakawis menika taksih wiyar. Awit saking menika, panaliti lajeng nliti babagan-babagan tartamtu supados langkung *spesifik* saha langkung *fokus*. Prakawis ingkang dipunkaji inggih menika:

1. jinis ukara *tindak tutur direktif* wonten ing *rubrik* Wacan Bocah Kalawarti Djaka Lodhang *edisi* Januari-Juni taun 2016;
2. fungsining ukara *tindak tutur direktif* wonten ing *rubrik* Wacan Bocah Kalawarti Djaka Lodhang *edisi* Januari-Juni taun 2016;

3. *tingkat kesopanan tindak tutur direktif* wonten ing *rubrik* Wacan Bocah Kalawarti Djaka Lodhang *edisi* Januari-Juni taun 2016;

D. Wosing Prakawis

Adhedhasar watesaning prakawis ing nginggil, wosing prakawis ingkang badhe dipuntliti wonten ing panaliten inggih menika:

1. menapa kemawon jinisipun ukara *tindak tutur direktif* wonten ing *rubrik* Wacan Bocah Kalawarti Djaka Lodhang *edisi* Januari-Juni taun 2016?
2. menapa kemawon fungsipun ukara *tindak tutur direktif* wonten ing *rubrik* Wacan Bocah Kalawarti Djaka Lodhang *edisi* Januari-Juni taun 2016?
3. menapa kemawon *tingkat kesopanan tindak tutur direktif* wonten ing *rubrik* Wacan Bocah Kalawarti Djaka Lodhang *edisi* Januari-Juni taun 2016?

E. Ancasing Panaliten

Adhedhasar wosing prakawis, ancasing panaliten ingkang badhe dipungayuh inggih menika:

1. kangge ngandharaken jinising ukara *tindak tutur direktif* wonten ing *rubrik* Wacan Bocah Kalawarti Djaka Lodhang *edisi* Januari-Juni taun 2016;
2. kangge ngandharaken fungsining ukara *tindak tutur direktif* wonten ing *rubrik* Wacan Bocah Kalawarti Djaka Lodhang *edisi* Januari-Juni taun 2016;
3. kangge ngandharaken *tingkat kesopanan tindak tutur direktif* wonten ing *rubrik* Wacan Bocah Kalawarti Djaka Lodhang *edisi* Januari-Juni taun 2016.

F. Paedahing Panaliten

Adhedhasar ancasing panaliten, mugiya panaliten menika saged nyukani kawruh babagan ngelmu basa mliginipun pirembagan bab *tingkat kesopanan tindak tutur direktif*. Panaliten menika kaajab saged kangge *referensi* panaliten ingkang sanesipun supados saged ngrembakakaken panaliten salajengipun. Panaliten menika kaajab saged nyukani kawruh kangge sinten kemawon ingkang maos supados saged mangertosi menapa kemawon jinis, fungsi *tindak tutur direktif*, saha *tingkat kesopanan tindak tutur direktif*. Panaliti ugi gadhah pangangkah, supados pamaos mangertosi kados menapa *tindak tutur* ingkang sopan, adhedhasar titikan *kesopanan* ing salebeting panaliten menika.

G. Pangertosan

Kangge njumbuhaken panaliten menika, wonten mapinten-pinten konsep teori ingkang kaandharaken ing ngandhap menika.

1. *Tindak tutur* inggih menika *gejala individual*, asipat *psikologis*, saha anggenipun nglajengaken katemtokaken dening kaprigelan basa *penutur* wonten ing salebeting *situasi* utawi kawontenan tartemtu (Chaer, Agustina (2004:50).
2. *Tindak tutur direktif* inggih menika *tindak tutur* ingkang gadhah ancas supados *mitra tutur* menika nindakaken satunggaling bab ingkang dipunkersakaken dening *penutur*.
3. *Tingkat kesopanan* utawi *skala kesopanan* inggih menika *peringkat kesopanan*, wiwit ingkang boten sopan dumugi ingkang paling sopan (Chaer, 2010:63).

4. Wacan bocah inggih menika wacana *naratif* ingkang limrahipun asipat fiksi.
Wacan bocah menika kathahipun awujud carios rakyat, dongeng, fabel, utawi
cerkak ingkang paragatamanipun limrahipun tiyang anem.

BAB II GEGARAN TEORI

A. Pragmatik

Pragmatik inggih menika ngelmu babagan teges ingkang gayut kaliyan kawontenan ujar (*speech situations*) antawisipun tiyang ingkang ngendikan saha tiyang ingkang dipunajak pangandikan, *konteks*, ancasipun, *tindak ilokusi*, *tuturan*, wekdal, saha papan (Leech, 1993:8). Pamanggih sanesipun dipunadharaken dening Tarigan (1986:33) bilih pragmatik inggih menika ngelmu babagan *konteks* ingkang gadhah daya pangaribawa dhumateng caraning tiyang anggenipun negesi ukara. Pamanggih menika ugi dipunsengkuyung dening Mulyana (2005:78-79) bilih pragmatik inggih menika kajian bab caraning *penutur* saha *mitra tutur* saged damel *tuturan* saha negesi *tuturan* adhedhasar *konteks* kawontenan ingkang trep. Wonten sekawan bab ingkang dipunrembag ing pragmatik, inggih menika (1) *dieksis*, (2) *tindak ujar* utawi *tindak tutur*, (3) *praanggapan*, (4) *implikatur*.

Saking pamanggih para ahli, saged dipunpendhet dudutan bilih pragmatik inggih menika satunggaling ngelmu linguistik ingkang ngandharaken babagan teges ingkang wonten gayutanipun kaliyan *tuturan* antawisipun *penutur* saha *mitra tutur*, adhedhasar *konteks*, ancasipun, *tindak ilokusi*, wekdal saha kawontenan ingkang trep.

B. Tindak tutur

Purwo (1990:19) nyebataken bilih wonten ing salebeting pawicantenan antawisipun *penutur* saha *mitra tutur* boten namung ngandharaken ukara, ananging ugi nindakaken tumindak. Pamanggih sanesipun inggih menika saking Chaer saha Leoni (2010:50) bilih *tindak tutur* inggih menika minangka tandha pribadi, asipat *psikologis*, saha nemtokaken dayaning basa saking *penutur* ing salebeting kawontenan tartemtu. Wonten ing *tindak tutur* saged dipuntingali makna saking tumindak ing salebeting *tuturan*. *Tindak tutur* menika patraping lelampahan sosial ingkang wonten sambung rapetipun kaliyan *peserta tutur* ing kawontenan saha papan tartemtu.

Pangertosan *tindak tutur* ugi dipunandharaken dening Yule (2006: 81). Yule ngandharaken bilih *tindak tutur* inggih menika nalika tiyang ngandharaken menapa ingkang dipunkersakaken, tiyang menika boten namung ngandharaken ukara ingkang ngemot *struktur-struktur gramatikal*, ananging ugi ngandharaken ukara ingkang ngemot tumindak. Tuladhanipun *ujaran* “Sumuk banget ya.”, *ujaran* menika sayektosipun nindakaken kalih *tindak ujaran*, inggih menika nyukani mangertos bilih *penutur* rumaos sumuk saha panyuwunan saking *penutur* supados *mitra tutur* nindakaken tumindak “mbikak cendhela” utawi nindakaken satunggaling tumindak supados boten rumaos sumuk malih. *Tindak tutur* menika gadhah paedah kangge nedahaken tumindak, boten namung setunggal tumindak ananging ugi saged kathah tumindak ingkang dipuntindakaken.

Kadosdene tuladha wonten Wacan Bocah ing Kalawarti Djaka Lodhang edisi 9 Januari 2016 ingkang irah-irahanipun Mbok Tani kang Cethyl anggitanipun

Sumarno. Ujaran “Iki kulon kono masak apa, kok ambune enak banget ?” sayektosipun nindakaken kalih *tindak ujar*, inggih menika nyuwun pirsang ingkang dipunmasak menika menapa saha panyuwunan saking *penutur* supados *mitra tutur* nindakaken tumindak “nyukani masakanipun”.

Istilah saha teori babagan *tindak tutur* dipunginakaken sepisanan dening J.L. Austin, *guru besar* wonten ing Universitas Harvard taun 1959. Teori menika kapanggihaken wonten ing cathetan kuliah lajeng dipundamel buku dening J.O Urmson (1965) kanthi irah-irahan “*How to do things with word*”, lajeng teori menika dipunrembakakaken wonten ing ngelmu *linguistik* dening Searle (1969) kanthi irah-irahan “*Speech act and Esaay in The Philosophy of language*” (Chaer saha Leoni, 2010:50). Adhedhasar konsep menika, *tindak ujar* kaperang dados tiga inggih menika lokusi, ilokusi, saha perlokusi. Konsep *tindak tutur* menika badhe dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

1. Tindak Lokusi

Tindak lokusi inggih menika *tindak tutur* kangge ngandharaken ukara kanthi teges saha makna ingkang sami kaliyan ukara ingkang dipunandharaken (Chaer saha Leoni, 2010:53). Pamanggih ingkang sami ugi dipunandharaken dening Searle (wonten ing Rahardi, 2005:35) bilih *tindak lokusioner* inggih menika *tindak tutur* kanthi tembung, *frasa*, saha ukara ingkang sami kaliyan teges saking tembung, *frasa* saha ukara menika. *Tindak tutur* lokusi menika saged dipuntegesi minangka *tindakan* ingkang boten gadhah fungsi sasanipun saking teges *tuturan* menika. Tuladha saking tindak lokusi inggih menika “Kupingku

panas.”, ukara “Kupingku panas.” menika boten wonten maksud sanesipun, namung ngandharaken bab bilih kupingipun panas.

2. Tindak Ilokusi

Wijana (1996: 18-19) ngandharaken bilih tindak ilokusi inggih menika *tindak tutur* ingkang ngemot teges saha fungsi minangka *daya ujar*. *Tindak tutur* ilokusi menika *tindak tutur* ingkang sipatipun nyukani mangertos saha nglampahi tumindak. Maksudipun ukara ingkang ngemot tindak ilokusi boten gampang dipuntetepaken amargi tindak ilokusi kedah dipungayutaken kaliyan sinten *penuturipun*, sinten *mitra tuturipun*, wekdalipun *tuturan*, saha papanipun. Pamanggih sanesipun dipunandharaken dening Nadar (2013:14) bilih *tindak ilokusioner* wosipun inggih menika menapa ingkang dipunkersakaken dening *penutur* nalika nuturaken babagan tartemtu saha saged minangka tumindak nyukani pawartos, nyukani janjen, nyuwun pangapunten, ngancem, ngramal, ngengken, nyuwun, saha sapanunggalipun.

Tuladhanipun saking tuturan ilokusi inggih menika “Kotor banget latare.” maksud saking ukara menika, *penutur* boten namung ngandharaken bilih lataripun reged, ananging *penutur* gadhah pangangkah supados *mitra tutur* damel *tindakan* “nyapu latar” supados boten reged. Kadosdene tuladha wonten ing wacan bocah *Kalawarti* Djaka Lodhang *edisi* 11 Juni 2016 ingkang irah-irahanipun Tono Ora Cethil Maneh dening Bapake Gandhang. Ukara “Wah, wis luwe je Bu!” ingkang dipunandharaken Tono dhateng Ibu, boten namung ngandharaken pawartos bilih Tono sampun luwe bibar piknik saking Parangtritis.

Ananging, Tono gadhah pangangkah supados Ibu damel *tindakan* “pados dhaharan”.

3. Tindak Perlokusi

Wijana (1996:19) ngandharaken bilih tindak perlokusi inggih menika *tindakan* minangka *efek saking tuturan* ingkang dipuntuturaken dening *penutur*. *Efek saking tuturan* ingkang dipuntuturaken dening *penutur* menika mangaribawani tumrap *mitra tutur*. Tindak tutur perlokusi ugi dipunsebat *the act of affecting something*. Tuladha saking tindak tutur perlokusi inggih menika “Omahe adoh.”, *ujaran* “Omahe adoh.” menika minangka tindak tutur perlokusi ingkang dipunandharaken dening satunggaling tiyang dhumateng ketua organisasi. *Ujaran* menika kanthi boten langsung sampun nyukani informasi bilih satunggaling anggota boten tansah saged aktif wonten ing organisasi. Wondene efek perlokusipun supados ketua boten nyukani tugas organisasi ingkang kathah dhumateng anggota menika.

Saking pamanggih-pamanggih ing nginggil, saged dipunmangertosi bilih *tindak tutur* menika awujud andharan saking satunggaling tiyang minangka tandha pribadi, asipat *psikologis*, sarta ngemot ancas saha fungsi ingkang beda-beda gumantung makna saking tumindak ingkang wonten ing salebeting andharan.

Searle (lumantar Rahardi, 2005:36) nyebataken bilih tindak tutur ilokusi menika kapilah dados gangsal wujud *tuturan* ingkang saben wujudipun gadhah fungsi ingkang beda-beda. *Penutur* nalika nindakaken *tindak tutur* boten namung awujud *ujaran* nanging ugi nindakaken *tuturan* kanthi wujud tumindak. Gangsal

wujud ilokusi ingkang dipunpilah dening Searle, badhe dipunandharaken wonten ing ngadhap menika.

4. *Tindak tutur asertif*

Tindak tutur asertif inggih menika *tindak tutur* ingkang penuturipun kedah nindakaken *tuturan* ingkang leres. Tuladhanipun ngandharaken satunggaling bab, suka pamrayogi, nglaporaken, nyukani prediksi, nyukani pituduh, lan sapanunggalipun.

5. *Tindak tutur direktif*

Tindak tutur direktif inggih menika *tindak tutur* ingkang ancasipun supados *mitra tutur* nindakaken tumindak ingkang dipuntuturaken dening *penutur*. Tuladhanipun ngengken, meksa, nyuwun, nyukani panyaruwe, nyukani piwulang, panantang, lan sapanunggalipun.

6. *Tindak tutur komisif*

Tindak tutur komisif inggih menika *tindak tutur* ingkang penuturipun kedah nindakaken *tuturan* ingkang sampun dipuntuturaken. Tuladhanipun prajanji, sumpah, khaul, kasaguhan, saha ngancem.

7. *Tindak tutur ekspresif*

Tindak tutur ekspresif inggih menika *tindak tutur* ingkang gadhah fungsi kangge ngandharaken tindak tanduk *psikologis penutur* dhumateng satunggaling kawontenan. Tuladhanipun ngalem, ngaturaken panuwun, ngaturaken mangayubagya, nyuwun pangapunten, nyukani panyaruwe, nyukani pamrayogi, lan sapanunggalipun.

8. *Tindak tutur deklarasi*

Tindak tutur deklarasi inggih menika *tindak tutur* ingkang dipungayutaken antawisipun wosing *tuturan* kaliyan kasunyatan. Tuladhanipun netepaken, mbatalaken, nyukani ukuman, nglarang, nyukani idin, lan sapanunggalipun.

Gangsal wujud ing nginggil nedahaken bilih *tindak tutur* ilokusi menika gadhah fungsi saha ancas ingkang beda-beda. Wujud-wujud *tindak tutur* ingkang dipunandharaken dening Searle menika dipunperang andhedhasar saking fungsipun.

C. *Tindak Tutur Direktif*

1. **Jinis tindak tutur direktif**

Tindak tutur direktif menika satunggaling jinis *tindak tutur ilokusi* ingkang dipunginakaken dening *penutur* supados *mitra tutur* nindakaken menapa ingkang dipunkersakaken *penutur*. Dados, *tindak tutur direktif* menika nedahaken menapa ingkang dados kersaning *penutur*. Widada (1999:3) ngandharaken bilih *komunikasi direktif* menika *tuturan* utawi *ujaran* ingkang wosipun supados tiyang sanes kersa nindakaken menapa ingkang dipunkersakaken dening *penutur*. Saking pamanggih kasebat, saged dipunpendhet dudutan bilih *tindak tutur direktif* inggih menika wujuding *tuturan* ingkang gadhah ancas supados *mitra tutur* nindakaken satunggaling bab ingkang sampun dipunadharaken dening *penutur*.

Wonten sekawan jinis ukara *tindak tutur direktif*, antawisipun: (a) wedharan (*pernyataan*), (b) panuwun ingkang sopan sanget (*permintaan sangat*

sopan), (c) panuwun ingkang radi ngengken (*permintaan sedikit menyuruh*), saha (d) panuwun kanthi ngengken (*permintaan menyuruh dengan keras*). Salajengipun, jinis-jinis ukara *tindak tutur direktif* menika dipunserat kanthi basa Indonesia, kangge nggampilaken pamaos mangertosi menapa ingkang dipunandharaken panaliti. Jinising ukara *tindak tutur direktif* ingkang nedahaken *tingkat kesopanan*, dipunandharaken kados ing ngandhap menika.

a. Pernyataan

Pernyataan inggih menika *tuturan* ingkang ancasipun supados *mitra tutur* menika nindakaken satunggaling bab ingkang dipunandharaken dening *penutur*. Modus ukara ingkang dipunginakaken inggih menika ukara pawartos utawi ukara carios. Limrahipun wonten tandha titik (.) ing pungkasaning ukara, ngandharaken kawontenan, saha nedahaken raos pangraos. Dados, *penutur* boten langsung nyukani prentah dhateng *mitra tutur*, awit modus ukara ingkang dipunginakaken sanes ukara pakon. Ukara ingkang kados mekaten dipunsebat ukara boten langsung utawi ukara kanthi wujud *nonkonvensional*.

Ukara kathi wujud *nonkonvensional* gadhah teges bilih modus ukara dipunginakaken kangge ancas ingkang sanes. Tuladhanipun modus ukara carios dipunginakaken kanthi ancas ngengken *mitra tutur*. *Tuturan* menika kalebet wujuding *tindak tutur direktif* ingkang nedahaken *tingkat kesopanan* utawi *skala kesopanan* saking sopan sanget dumugi sopan. Tuladhanipun ukara “Ndhuk, latare reged.” Sinaosa wujud saha modusipun ukara carios, ananging ukara menika dipunandharaken dening *penutur* kanthi ancas nyukani prentah dhumateng *mitra tutur* supados nyapukaken latar.

b. Permintaan sangat sopan

Permintaan sangat sopan inggih menika *tuturan* ingkang ancasiipun supados *mitra tutur* nindakaken satunggaling bab utawi nyukani menapa kemawon saged arupi barang ingkang dipunkersakaken *penutur*. Modus ukara ingkang dipunginakaken inggih menika ukara pitaken ingkang limrahipun ngginakaken tandha pitaken (?) wonten ing pungkasaning ukara. Ukara pitaken menika dipunginakaken supados panyuwuning *penutur* menika rumaos langkung sopan saha alus. Andharan menika nedahaken bilih *tuturan permintaan sangat sopan* kalebet *tuturan* ingkang *tingkat kesopanan* utawi *skala kesopananipun* saking sopan sanget dumugi sopan.

Tuladhanipun ukara “Budhe, kula nyuwun permenipun angsal?” Sinaosa wujud saha modusipun ukara pitaken, ananging ukara menika dipunandharaken dening *penutur* kanthi ancas nyuwun permen. Modus ukara pitaken menika ndayani langkung alusipun panuwun saking *penutur*. Modus ukara pitaken ingkang dipunginakaken kangge ancas nyuwun menika ugi dipunsebat ukara kanthi wujud *nonkonvensional* utawi ukara ingkang dipunginakaken boten jumbuh kaliyan modusipun. Panuwun ingkang ngginakaken ukara pitaken saged dipunsebat ukara boten langsung.

c. Permintaan sedikit menyuruh

Permintaan sedikit menyuruh inggih menika *tuturan* ingkang ancasiipun supados *mitra tutur* nindakaken satunggaling bab utawi nyukani menapa kemawon saged arupi barang ingkang dipunkersakaken *penutur*. Modus saha maksud ukara ingkang dipunginakaken menika awujud ukara pakon. Ukara

kasebat limrahipun sampun ngginakaken tembung pakon (panambang –a, -ana-, -kna saha ater-ater di-), ananging taksih dipunandharaken mawi *nada* ingkang sopan. Ukara prentah ingkang kalebet jinis menika, limrahipun gadhah wujud ingkang boten baku. Limrahipun, ukara pakon katitik saking wontenipun tandha pakon (!) ing pungkasaning ukara.

Ananging, wonten ukara-ukara pakon ingkang dipunserat ngginakaken wujud lesan, saengga boten ngginakaken tandha pakok (!) ing pungkasaning ukara. Wujud ingkang boten baku menika nedahaken bilih ukara pakon ingkang dipunserat, ngginakaken *nada tuturan* ingkang taksih alus. Saengga *tuturan* menika nedahaken *tingkat kesopanan* saking sopan dumugi kirang sopan. Tuladhanipun ukara “Tris, kacang lan rendenge digawa mulih.” Ancas ukara menika sami kaliyan wujud saha modusipun inggih menika nyukani prentah dhumateng *mitra tutur* supados mbekta wangsul kacang saha rendengipun.

d. Permintaan menyuruh dengan keras

Permintaan menyuruh dengan keras inggih menika *tuturan* ingkang ancasipun supados *mitra tutur* nindakaken menapa ingkang dados kekajenganing *penutur*. Modus saha maksud ukara ingkang dipunginakaken inggih menika ukara pakon. Ukara kasebat ngginakaken tembung-tembung pakon ingkang dipunandharaken mawi *nada* inggil dhateng *mitra tutur*. Katitik saking wontenipun tandha pakon (!) ing pungkasaning ukara. Limrahipun, ukara pakon ingkang kalebet jinis menika, awujud ukara gothang.

Tuladhanipun ukara “Wis, menenga!” wujud saha modusipun inggih menika ukara pakon, dipuntingali saking tembung “menenga” saha

panganggening tandha pakon (!). Tuladha ukara menika kalebet ukara gothang ing perangan jejeripun. Ukara ingkang gothang kados mekaten ndayani boten sopanipun tuturan. Saengga, *tingkang kesopanan* jinis menika kalebet saking kirang sopan dumugi boten sopan. Ukara menika dipunandharaken dening *penutur* kanthi ancas supados *mitra tutur* kersa mendel.

Sekawan kategori menika dipunperang andhedhasar saking wujud utawi modus ukara ingkang dipunginakaken. Panganggening wujud-wujud menika ugi gumantung ancas saking *penutur* piyambak.

2. Fungsi tindak tutur direktif

Ing ngandhap menika, jlentrehaning fungsi-fungsi ukara saking sekawan jinis *tindak tutur direktif*.

a. Fungsi *tindak tutur direktif pernyataan*

Tindak tutur direktif pernyataan gandhah fungsi antawisipun; ngengken, nyuwun, nyuwun ngampil, saha nyumanggakaken, kanthi boten langsung. Fungsi ngengken kangge nedahaken *tuturan* ingkang ancasing nyukani prentah dhateng *mitra tutur*, sinaosa boten langsung nedahaken ancasing andharan. Tuladhanipun ukara “Ndhuk, latare reged.” Sinaosa wujud saha modus ukaranipun kalebet ukara carios, ananging fungsipun kangge nyukani prentah dhumateng *mitra tutur* supados nyapukaken latar. Fungsi nyuwun ngampil inggih menika kangge nedahaken *tuturan* ingkang ancasing nyuwun ngampil barang tartamtu dhateng *mitra tutur*. Tuladhanipun ukara “Nis, pulpenku ilang.” Sinaosa

wujud saha modusipun ukara carios, ananging ukara menika dipunadharaken dening *penutur* supados *mitra tutur* kersa ngampilaken pulpenipun.

Fungsi nyumanggakaken inggih menika kangge nedahaken *tuturan* ingkang ancasipun nyumanggakaken dhateng *mitra tutur* supados nindakaken menapa ingkang dipunkersakaken *penutur*. Tuladhanipun ukara “Iki mumpung gorengane isih anget.” Sinaosa wujud saha modusipun ukara carios, ananging ancasipun ukara menika nyumanggakaken dhumateng *mitra tutur* supados dhahar gorengan. Sedaya fungsi ingkang beda saking modus ukara carios menika, nedahaken bilih ukara carios gadhah fungsi *nonkonvensional* utawi wujud ukara ingkang boten langsung.

b. Fungsi *tindak tutur direktif permintaan sangat sopan*

Tindak tutur direktif permintaan sangat sopan gadhah fungsi antawisipun; nyuwun saha mangajab kanthi boten langsung, sarta naweni. Fungsi nyuwun kanthi boten langsung inggih menika kangge nedahaken *tuturan* dhateng *mitra tutur*, supados *penutur* pikantuk menapa ingkang dipunkersakaken. Tuladhanipun ukara “Budhe, kula nyuwun permenipun angsal?” sinaosa wujud saha modus ukara kalebet ukara pitaken, ananging *penutur* ngandharaken ukara menika supados *mitra tutur* kersa nyukani permen. Fungsi nyuwun menika ugi kangge nedahaken *tuturan* ingkang maksudipun nyuwun kanthi raos ngajeni dhateng *mitra tutur*, supados *mitra tutur* nindakaken satunggaling bab ingkang dipunkersakaken *penutur*. Tuladhanipun ukara “Pak, menapa boten wonten motor ingkang reginipun langkung mirah?” sinaosa wujud saha modusipun ukara

pitaken, ananging *penutur* ngandharaken ukara menika kanthi ancas supados *mitra tutur* nyukani pilihan motor ingkang reginipun langkung mirah.

Fungsi mangajab kanthi boten langsung inggih menika kangge nedahaken *tuturan* ingkang ngemot ancas panyuwunan dhateng *mitra tutur*, supados menapa ingkang dipunkersakaken *penutur* dipuntindakaken dening *mitra tutur*. Tuladhanipun ukara “Le, aku kok pengin kowe ketampa nang sekolah favorit, isa ora ?” sinaosa wujud saha modus ukaranipun pitaken, ananging *penutur* sayektosipun gadhah pangajab supados *mitra tutur* kersa nindakaken menapa ingkang dipunandharaken *penutur*. Fungsi naweni inggih menika kangge nedahaken *tuturan* ingkang ngemot ancas nyukani pilihan dhateng *mitra tutur*, supados *mitra tutur* saged milih satunggaling bab ingkang jumbuh kaliyan kekajenganing *mitra tutur*. Tuladhanipun ukara “Ibu badhe mundhut rasukan ingkang werni ijem menapa abrit?” ingkang ancasipun nyukani pilihan dhumateng *mitra tutur* badhe mundhut rasukan ingkang werni ijem menapa abrit gumantung kekajenganipun saha kawontenan *mitra tutur* piyambak.

Kados dene ukara carios, ukara pitaken ugi gadhah fungsi ukara ingkang beda kaliyan modusipun. Saengga, ukara pitaken gadhah fungsi *nonkonvensional* utawi wujud ukara ingkang boten langsung.

c. Fungsi *tindak tutur direktif permintaan sedikit menyuruh*

Tindak tutur direktif permintaan sedikit menyuruh gadhah fungsi ngengken saha ngajak. Fungsi ngengken menika dipunperang dados kalih, inggih menika ngengken sanalika saha ngengken. Fungsi ngengken sanalika tegesipun *penutur* nyuwun dhateng *mitra tutur* supados nindakaken prentah saking *penutur*

sanalika ugi, bibar ukara pakon menika dipunandharaken dening *penutur*. Ukara ingkang mekaten limrahipun ngginakaken tembung ‘ayo’, ‘gek’, ‘ndang’, ‘cepet’, lan sapanunggalipun. Tuladhanipun ukara “Gek kono sinau.” nedahaken bilih *penutur* nyuwun dhateng *mitra tutur* kangge sinau sanalika ugi, bibar ukara menika dipunandharaken. Wondene fungsi ngengken tegesipun *penutur* nyukani prentah dhumateng *mitra tutur* supados nindakaken menapa ingkang dipunkersakaken *penutur*. Ananging, anggenipun nindakaken prentah menika saged samangke. Tuladhanipun “Sri, mengko gawake bukuku ya.” ingkang ancasipun supados *mitra tutur* samangke kersa bektakaken bukunipun *penutur*.

Fungsi ngajak inggih menika kangge nedahaken *tuturan* dhateng *mitra tutur*, supados *mitra tutur* ugi ndherek dhateng papan tartamtu utawi nindakaken satunggaling bab ingkang dipunkersakaken *penutur*. Ukara ingkang fungsipun ngajak, limrahipun ngginakaken tembung ‘ayo’. Bedanipun kaliyan fungsi ngengken sanalika, menawi ngengken sanalika menika ingkang nindakaken prentah namung *mitra tutur*, wondene fungsi ngajak, *penutur* ndherek nindakaken prentah ingkang dipundharaken piyambak utawi ndherek tindak dhateng papan ingkang dipunandharaken. Tuladhanipun ukara “Ayo sesuk dolan nang umahku”. Ukara menika ancasipun kangge ngajak *mitra tutur* supados kersa dhateng griyanipun *penutur*. *Penutur* ugi temtunipun wonten ing griyanipun.

d. Fungsi *tindak tutur direktif permintaan menyuruh dengan keras*

Tindak tutur direktif menyuruh dengan keras gadhah fungsi antawisipun; ngengken sanalika, meksa, saha ngengetaken. Fungsi ngengken sanalika tegesipun *penutur* nyuwun dhateng *mitra tutur* supados nindakaken

prentah saking *penutur* sanalika ugi, bibar ukara pakon menika dipunandharaken dening *penutur*. Ukara ingkang mekaten limrahipun ngginakaken tembung ‘ayo’, ‘gek’, ‘ndang’, ‘cepat’, lan sapanunggalipun. Ananging, wonten ing jinis *permintaan menyuruh dengan keras* menika boten sedaya ngginakaken tembung kados ing nginggil kangge nedahaken fungsi ngengken sanalika. Amargi, wontenipun tandha pakon (!) ing pungkasaning ukara, sampun nedahaken menawi *penutur* nyuwun supados *mitra tutur* nindakaken prentah sanalika ugi. Tuladhanipun ukara “Menenga!” ingkang ancasipun nyukani prentah dhumateng *mitra tutur* supados mendel sanalika ugi.

Fungsi meksa inggih menika kangge nedahaken *tuturan* dhateng *mitra tutur*, supados kersa boten kersa, *mitra tutur* kedah nindakaken menapa ingkang dipunandharaken *penutur*. Tuladhanipun ukara “Kowe kudu bali saiki!” ingkang ancasipun kersa boten kersa, *mitra tutur* kedah wangsul samenika ugi. Fungsi ngengetaken inggih menika kangge nedahaken *tuturan* ingkang ancasipun nyukani piweling dhateng *mitra tutur* kanthi teges saha tumemen, supados *mitra tutur* nindakaken kadosdene ingkang sampun dipunandharaken *penutur*. Tuladhanipun ukara “Aja dolan cedhak kali!” ingkang ancasipun nyukani piweling supados *mitra tutur* boten dolanan wonten ing caket lepen.

Saking andharan menika saged dipunmangertosi bilih saben jinis *tindak tutur direktif* gadhah fungsi ingkang beda-beda, gumantung ancas saha maksud andharan ingkang dipunandharaken dening *penutur*. Ing salebeting andharan saking *penutur*, wonten pangajab supados *mitra tutur* nindakaken satunggaling tumindak ingkang dipunkersakaken *penutur*.

D. Kesopanan Basa

1. Prinsip kesopanan

Kesopanan menika gayut kaliyan komunikasi antawisipun *peserta tutur*. Pramila, *penutur* kedah ngginakaken ukara wonten ing salebeting tuturanipun kanthi sopan tanpa ndamel tatuning penggalhipun *mitra tutur*. Dados, *definisi* kanthi umumipun, *kesopanan* menika tatananing salah bawa ingkang sampun dipuntetepaken saha dipunsarujuki dening masarakat tartamtu, saengga *kesopanan* menika ugi dados prasarat ingkang dipunsarujuki dening *perilaku sosial*. Pramila, *kesopanan* limrahipun ugi dipunsebat ‘tatakrama’.

Chaer (2010:10) nyebataken bilih wonten tigang paugeran ingkang kedah dipunginakaken supados *tuturan* menika rumaos sopan kangge *mitra tutur*. Tigang paugeran menika antawisipun (1) *formalitas* (baku botenipun tetembungan ing salebeting ukara), (2) *ketidaktegasan* (andharan ingkang asipat basa-basi utawi boten langsung), saha (3) prinsip *kesamaan* utawi *kesekawanan* (andharan ingkang asipat luwes, boten kaku). Dados, *tuturan* saged dipunsebat sopan menawi wosing tuturan boten meksa, tuturan menika saged nyukani pilihan *tindakan* utawi tumindak ingkang badhe dipuntindakaken *mitra tutur*, saha *tuturan* menika ndadosaken bingahing manahipun *mitra tutur*.

Wijana (1996:55) ngandharaken bilih minangka *retorika interpersonal*, pragmatik mbetahaken *prinsip kesopanan*. *Prinsip kesopanan* menika gayut kaliyan kalih *peserta* pawincantenan, inggih menika awakipun piyambak minangka *penutur* saha tiyang sanes minangka *mitra tutur*. Prinsip kesopanan menika gadhah nem maksim, antawisipun; maksim kawicaksanan, maksim

kamirahan, maksim pangalembana, maksim andhap asor, maksim pasarujukan, saha maksim tepa slira. Saderengipun ngandharaken nem *maksim kesopanan* ing nginggil, langkung rumiyin badhe dipunandharaken wujud-wujud ukara ingkang dipunginakaken wonten ing *maksim-maksim* kasebat.

Wujud-wujud *ujaran* ingkang dipunmaksud inggih menika wujud *ujaran komisif, impositif, ekspresif, saha asertif*. Wujud *ujaran komisif* inggih menika wujud *ujaran* ingkang gadhah fungsi kangge ngandharaken janji utawi kangge naweni. *Ujaran impositif* inggih menika *ujaran* ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken prentah. *Ujaran ekspresif* inggih menika *ujaran* ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken raos pangraos, kadosta ngandharaken panuwun, selamat, pangalembana, saha ngandharaken raos ndherek bela sungkawa. *Ujaran asertif* inggih menika *ujaran* ingkang limrahipun dipunginakaken kangge ngandharaken pamanggih. *Prinsip kesopanan* ingkang dipunandharaken Wijana (1996:56-60), dipunjentrehaken kados ing ngandhap menika.

a. Maksim kawicaksanan

Maksim menika dipunandharaken kanthi *tuturan impositif saha komisif*. Miturut *maksim* menika, para *peserta tutur* kedah nyukani kauntungan kangge *mitra tutur* kanthi maksimal. Tuladhanipun kados ukara (1), (2), (3), saha (4) ing ngandhap menika :

- | | |
|------------------------------------|----------------|
| (1) Gawakke tasku! | Boten sopan |
| (2) Kowe bisa ora nggawakke tasku? | Langkung sopan |
| (3) Mengko teka nang omahku! | Boten sopan |

- (4) Yen ora ana acara, mangga mengko Langkung sopan
teka nang omahku.

Saking tuladha ing nginggil, saged dipunpendhet dudutan bilih sansaya panjang *tuturan*, satemah sansaya sopan *tuturan* kasebut. Semanten ugi menawi *tuturan* ingkang dipunandharaken kanthi boten langsung, langkung sopan tinimbang *tuturan* ingkang dipunandharaken kanthi langsung. Nyukani prentah ngginakaken ukara carios utawi ukara pitaken menika langkung sopan tinimbang ngginakaken ukara pakon.

b. Maksim kamirahan

Maksim kamirahan dipunandharaken kanthi ukara *komisif* saha *impositif*. Miturut *maksim* menika, para *peserta tindak tutur* kedah maksimalaken karugian kangge awakipun piyambak, saha nyukani kauntungan kangge *mitra tutur*. Tuladhanipun kados ukara (5), (6), (7), saha (8) ing ngandhap menika:

- (5) Kowe kudu nyilihi aku pulpen. Boten sopan
(6) Aku arep nyilihke kowe pulpen. Langkung sopan
(7) Aku arep mangan nang omahmu. Boten sopan
(8) Aku arep ngundhang kowe mangan nang omahku. Langkung sopan

Tuturan badhe dipunwastani sopan menawi boten ngrepotaken utawi boten nyukani karugian dhumateng *mitra tutur*.

c. Maksim pangalembana

Maksim pangalembana dipunandharaken kanthi ukara *ekspresif* saha ukara *asertif*. Kanthi ngginakaken ukara *ekspresif* saha *asertif*, menika nedahaken bilih boten namung nyukani prentah saha naweni ingkang kedah kaandharaken

kanthi sopan, ananging anggenipun ngandharaken raos pangraos saha pamanggih ugi kedah katindakaken kanthi sopan. Miturut *maksim pangalembana*, para *peserta tutur* kedah nedahaken raos ngajeni dhumateng *mitra tutur*. Tuladhanipun kados ukara (9) saha (10) ing ngandhap menika:

(9) A : Suaramu apik tenan.

B : Ora ya, biasa wae.

(10) A : Suaramu apik tenan.

B : Ya cetha, sapa sik sing nembang.

Ukara ingkang dipunandharaken A kalebet sopan amargi nedahaken kauntungan kangge B, *mitra tutur*ipun. B wonten ing tuladha (9) minangka *mitra tutur* ugi boten nedahaken raos umuk. *Tuturan* menika langkung sopan tinimbang wangsulanipun B wonten ing tuladha (10) ingkang nedahaken raos umuk. Tuladha sanesipun :

(11) Masakanmu enak banget.

Sopan sanget

(12) Masakanmu ora enak.

Boten sopan

(13) Masakanmu kurang enak.

Langkung sopan

Tuladha ukara (11) minangka ukara ingkang paling sopan, sinaosa masakipun *mitra tutur* boten eca, ananging ukara menika nedahaken raos ngajeni dhumateng *mitra tutur*. Ukara (12) kalebet boten sopan amargi saged ndamel tatuning manahipun *mitra tutur*. Langkung sopan menawi ngginakaken ukara (13).

d. Maksim andhap asor

Maksim andhap asor ugi dipunandharaken kanthi ukara *ekspresif* saha *asertif*. Menawi maksim kamirahan mligi kangge *mitra tutur*, maksim andhap asor menika mligi kangge awakipun piyambak. Miturut *maksim* menika, para *peserta tutur* kedah nedahaken raos boten ngajeni dhumateng awakipun piyambak.

Tuladhanipun:

(14) Mangga, mampir rumiyin wonten ing gubug kula.

Maksud saking ukara ing nginggil boten nedahaken bilih *penutur* gadhah gubug saestu, ananging ukara menika nedahaken sipat andhap asor saking *penutur*. Sinaosa griyanipun *penutur* sanes gubug, ananging piyambakipun nedahaken raos boten ngajeni dhumateng awakipun piyambak. Dados, *penutur* boten katingal umuk wonten ing sakngajengipun *mitra tutur*.

e. Maksim sarujuk

Maksim sarujuk dipunandharaken kanthi ukara *ekspresif* saha *asertif*. Miturut maksim sarujuk, *penutur* kaliyan *mitra tutur* kedah nedahaken pasurjukan antawisipun kekalhipun kanthi maksimal. Tuladhanipun kados ukara

(15) saha (16) ing ngandhap menika:

(15) A : Karawitan jebul angel ya?

B : Iya.

(16) A : Karawitan jebul angel ya?

B : Ora lah, gampang kok.

Tuturanipun B wonten ing tuladha (15) langkung sopan tinimbang wangsulanipun B wonten ing tuladha nomer (16). Ananging boten lajeng *mitra*

tutur kedah sarujuk kaliyan andharaning *penutur*. *Mitra tutur* saged kemawon gadhah pamanggih sanes kanthi ngandhaken ngginakaken ukara ingkang langkung sopan. Tuladhanipun :

(17) A : Karawitan jebul angel ya?

B : Iya sih, ning yen wis kulina latihan, mesthi wae bisa.

f. Maksim tepa slira

Maksim tepa slira menika dipunandharaken kanthi ukara *ekspresif* saha *asertif* kadosta maksim kamirahan. Wonten ing maksim tepa slira menika, *peserta tutur* kedah maksimalaken raos *simpati* dhumateng *mitra tutur*. Menawi *mitra tutur* kasil utawi sukses, *penutur* wajib ngandharaken tetembungan ingkang nedahaken raos *simpati* utawi nyukani selamat kangge *mitra tutur*. Semanten ugi menawi *mitra tutur* pikantuk alangan utawi musibah, *penutur* wajib ngandharaken raos ndherek bela sungkawa dhumateng *mitra tutur*. Tuladhanipun :

(18) A : “Aku kasil lulus tes toefl, Ran.”

B : “Wah, selamat ya!”

(19) A : “Simbahku seda anyar-anyaran iki.”

B : “Oalah, aku melu bela sungkawa ya.”

Prinsip-prinsip kesopanan menika salajengipun saged dipunginakaken minangka paugeran utawi *pedoman kesopanan* ingkang dados sarana mangertosi titikan sopan menapa botenipun satunggaling andharan utawi tataraning *kesopanan* satunggaling andharan.

2. *Tingkat kesopanan*

Tingkat kesopanan utawi skala kesantunan inggih menika peringkat kesopanan, wiwit ingkang boten sopan dumugi ingkang paling sopan (Chaer, 2010:63). Tingkat kesopanan wonten basa Jawi ugi saged dipunsebat tingkat tutur utawi undha usuk. Kados ingkang dipunadharaken dening Poedjosoedarmo (2013:4), tingkat tutur inggih menika variasi-variasi basa ingkang dipuntemtokaken dening bedanipun solah bawaning penutur dhumateng mitra tutur. Variasi basa ingkang nedahaken raos ngajeni wonten ing basa Jawi saged dipuntingali kanthi panganggening ukara ingkang boten langsung.

Satunggaling titikanipun ukara boten langsung inggih menika wontenipun pronomina *persona* utawi *kata ganti* tiyang. Tuladhanipun kangge *pronomina penutur* utawi O_1 , wonten ing basa Jawi asring ngginakaken tembung aku, kula, dalem, kawula; kangge *pronomina* O_2 , kowe, sampeyan, panjenengan, paduka; kangge *pronomina* O_3 , dheweke, piyambake, piyambakipun, panjenenganipun. Tembung-tembung menika dipunserat saking ingkang biasa, gadhah raos ngajeni, dumugi raos ngajeni ingkang sanget. Saking pamanggih menika, saged dipunpendhet dudutan bilih andharan ingkang sopan inggih menika andharan ingkang boten langsung nyebataken namanipun mitra tutur. Tembung-tembung ingkang mekaten dipunsebat tembung sapa aruh.

Chaer (2006: 107) nyebataken bilih tembung sapa aruh menika tembung ingkang dipunginakaken kangge nyapa, menapa dene ngaruhi, utawi minangka tembung sesebatan kangge *mitra tutur*. Tembung sapa aruh menika wonten ingkang nyebataken nama (Ridwan, Ayu) wonten ugi ingkang boten

langsung nyebataken nama satunggaling tiyang, inggih menika nama kangge *kekerabatan*, gelar ing pakaryan, saha tetembungan minangka sesebatan namaning *pelaku*. Tuladha saking nama kangge *kekerabatan* inggih menika Simbah, Bapak, Ibu, Pakdhe, Budhe, Mas, Mbak, Le, Ndhuk, lan sapanunggalipun. Tuladha gelar ing pakaryan utawi sesebatan miturut profesinipun, kadosta Pak Guru, Dhok, Pak Lurah, Bu Dosen, Prof, lan sapanunggalipun. Lajeng kangge tetembungan minangka sesebatan namaning *pelaku* tuladhanipun para rawuh, para sedherek, pamidhanget, para pamiarsa, lan sapanunggalipun. Tembung sapa aruh ingkang boten langsung nyebataken nama, langkung alus tinimbang ingkang langsung nyebataken nama. Ananging, babagan menika ugi gumantung kaliyan *konteks* saha *koteks*.

Titikan ukara boten langsung salajengipun inggih menika wontenipun tembung-tembung nuwun sewu, mangga, coba, lan sapanunggalipun. Ukara-ukara boten langsung kathah dipunginakaken wonten ing basa Jawi. Tuladhanipun, Pak lurah ngersakaken pisang ingkang wonten ing kebunipun Pak Karyan. Pak Lurah boten perlu ngandharaken bilih piyambakipun ngersakaken pisang kasebat, ananging sampun cekap menawi Pak Lurah ngandharaken “Wah, pisange apik-apik, Pak Karyan.” Ukara menika sampun cetha kangge Pak Karyan ingkang tanggap ing sasmita. Bibar menika, Pak Karyan mbektakaken pisang sowan dalemipun Pak Lurah.

Awit saking menika, wonten ing bab-bab tartemtu, *tuturan* badhe langkung sopan menawi ukara ingkang ngemot panyuwunan utawi nyukani prentah menika boten dipunandharaken kanthi langsung. Ukara-ukara ingkang

wosipun nyuwun utawi nyukani prentah, gadhah wujud panandha diksi *kesantunan* ingkang beda-beda, antawisipun kados ing ngandhap menika.

a. Kanthi tembung umpami:

Kepiye saumpamane kowe saiki budhal dhisik.

b. Kanthi nyebataken menawi kinten-kinten boten ngrepotaken:

Yen ora ngrepotake lan yen dhangon penggalihmu, aku sejatine kepingin nyuwun ngampil dhuwit sethithik.

c. Kanthi ngginakaken tembung ‘mbok’:

Mbok coba saiki tambahana dhuwitku sethithik, aku tak ngrasakake rasane numpak motor mabur.

d. Kanthi ngginakaken wujud tembung pasif di- (boten kanthi wuwuhan *imperatif* -ana utawi -kna):

Mbok niki dipundhuti, Mas!

Mbok coba aku diplesirake!

Pamanggih sanes bab *tingkat tutur* ugi dipunandharaken malih dening Soepomo, dkk (2013:12), bilih *tingkat tutur (speech levels)* inggih menika satunggaling *sistem kode* ingkang nedahaken raos sopan dhumateng mitra *tutur*. Ing salebeting *kode* menika wonten tetembungan tartamtu, *aturan sintaksis* tartamtu, *aturan morfologi*, saha *fonologi* tartamtu. Ngengingi bab *linguistik* menika, basa Jawi gadhah paugeran-paugeran ingkang mligi wonten ing *sistem tingkat tutur*. Ing salebeting basa Jawi wonten undha-usuking basa ingkang mligi saha cetha dipunginakaken kangge nedahaken *tingkat kesopanan* ingkang beda-

beda ugi. Ing ngandhap menika badhe dipunandharaken bab udha-usuking basa Jawi kanthi jangkep.

a. Basa ngoko

Poedjosoedarmono (2013: 19) ngandharaken bilih tingkat tutur ngoko menika nedahaken boten wontenipun *jarak* antawisipun peserta tutur. Tegesipun, *penutur* boten wonten raos pakewuh kaliyan *mitra tutur*. Maksud menika nedahaken tataran caketipun *hubungan peserta tutur*. Menawi *penutur* badhe ngandharaken keakrabanipun dhateng *mitra tutur*, saged ngginakaken tingkat tutur menika. Tiyang ingkang kalenggahanipun inggil ugi saged ngginakaken tingkat basa ngoko menika kangge nedahaken raos boten pakewuh dhumateng *mitra tutur* ingkang gadhah kalenggahan langkung andhap. Basa ngoko menika dipunperang dados kalih, inggih menika basa ngoko lugu saha ngoko alus.

1). Ngoko lugu

Ngoko lugu inggih menika tataraning undha-usuk basa Jawi ingkang sedaya tetembunganipun ngginakaken basa ngoko saha boten wonten tembung kramanipun. Tuladhanipun, ukara “Aku lagi mangan”. Basa ngoko lugu menika dipunginakaken ing salebeting gunemanipun (a) tiyang sepuh dhateng tiyang ingkang langkung anem, (b) guru dhateng murid, (c) tiyang ingkang gadhah kalenggahan inggil dhateng tiyang ingkang gadhah kalenggahan langkung andhap, (d) pariyantun sapantaran, saha (e) kanca akrab.

2). Ngoko alus

Ngoko alus inggih menika tataraning undha-usuk Jawi ingkang ngginakaken tembung ngoko saha tembung krama ing salebeting andharan.

Tuladhanipun ukara “Ayo dhik, maem dhisik”. Basa ngoko lugu menika dipunginakaken ing salebeting genemanipun (a) tiyang sepuh dhateng tiyang anem ingkang gadhah kalenggahan, (b) sedherek sepuh dhateng sedherek nem ingkang langkung inggil pangkatipun, (c) sedherek sepuh ingkang nedahaken raos ngajeni dhateng sedherek nem, (d) tiyang ingkang sami-sami gadhah kalenggahan ananging sampun akrab, saha (e) panggedhe dhateng andhahanipun.

b. Basa krama

Basa krama inggih menika basa ingkang nedahaken raos langkung ngajeni tinimbang ragam basa ngoko. Ragam basa krama menika ngginakaken wuwuhan dipun-, -ipun, saha –aken. Basa krama dipunperang dados kalih, inggih menika basa krama lugu saha krama alus.

1). Krama lugu

Krama lugu inggih menika ragam basa ingkang tembungipun ngginakaken tembung krama, saged tembung krama madya sedaya, utawi tembung krama madya kaliyan krama inggil. Tembung krama madya menika tataran alusipun langkung andhap tinimbang tembung krama inggil. Tuladhanipun, “Kula sampun nedha”. Ukara menika kalebet basa krama lugu ingkang ngginakaken tembung krama madya “nedha”. Tuladha sanesipun, “Simbah saweg dhahar”. Ukara menika kalebet basa krama lugu ingkang ngginakaken tembung krama madya “saweg” (krama madya saking tembung “nembe”) saha tembung krama inggil “dhahar” (krama inggil saking tembung “nedha”). Basa krama lugu limrahipun dipunginakaken kangge awakipun piyambak nalika pawicantenan kaliyan tiyang ingkang langkung sepuh.

2). Krama alus

Krama alus inggih menika ragam basa ingkang sedaya tembungipun ngginakaken tembung krama inggil. Ragam basa menika minangka ragam basa ingkang paling alus utawi paling inggil tataran sopanipun. Tuladhanipun ukara “Simbah nembe dhahar”. Basa krama alus dipunginakaken ing salebeting pawicantenanipun (a) tiyang anem dhateng tiyang sepuh, (b) murid dhateng gurunipun, (c) abdi dhateng inggilanipun, (d) priyayi dhateng priyayi sanes, (e) rewang dhateng bendaranipun.

Ananging, wonten ing masarakat Jawi, *kesopanan* menika boten namung mligi trep menapa botenipun basa ingkang dipunginakaken. Wonten perangan sanes minangka piranti kangge mangertosi *tingkat kesopanan* andharan kasebat, inggih menika patrap. Kados ingkang dipunandharaken dening Soepomo, dkk (2013:79), patrap utawi etika wonten ing tingkat tutur Jawi menika ugi bab ingkang wigatos. Ing salebeting pawicantenan, *ekspresi* basa saha *ekspresi non verbal* kedah trep kaliyan kawontenan. Faktor *non verbal* menika ugi dipunsebat kinesik. Kinesik dipunandharaken kanthi obahing badan (Jalaludin lumantar Suharti, 2004:59). Isyarat kinesik menika gayut kaliyan kabudayan utawi adat pakulinan. Kabudayan ingkang beda gadhah sistem kinesik ingkang beda ugi. Umpaminipun, wonten ing masarakat Jawi, nampi barang tartamtu saking tiyang sanes utawi nyukani barang dhumateng tiyang sanes ngginakaken asta sisih kiwa menika boten sopan utawi dipunanggep boten mangertosi tatakrama. Ananging, wonten ing masarakat manca bab menika boten dados prakawis.

Wujud saking isyarat-isyarat kinesik menika kadosta *ekspresi wajah*, obahing badan, saha obahing panca indra. Obahing badan menika saged mbiyantu ngandharaken maksud pawincantenan, saged ugi minangka tandha raos ngajeni antawisipun *peserta tutur*. Tuladhanipun nalika satunggaling tiyang badhe ndherek langkung wonten ing sakngajengipun tiyang sanes, badan tiyang menika radi ndikluk sinambi mesem. Patrap ingkang kados mekaten dados panadha bilih tiyang menika sopan, saha saged ndamel bingahipun manah tiyang sanes amargi rumaos dipunajeni.

Wonten pamanggih sanes ngengingi bab ingkang kedah dipungatosaken nalika nemtokaken *tingkat tutur*, Leech (wonten ing Chaer 2010:65) ugi ngandharaken bilih ukuran kesopanan basa menika dipuntingali saking gangsal skala ing ndandhap menika.

- a. Skala Tuna Begja (*cost-benefit scale*) menika gayut kaliyan tuna saha begja ingkang dipunjajari dening satunggaling *tindak tutur* wonten ing *tuturan*. Menawi *tuturan* menika damel tuna *penutur*, satemah *tuturan* menika dipunanggep sopan. Ananging, menawi dipuntingali saking *pihak mitra tutur*, *tuturan* menika dipunanggep boten sopan. Kosokwangsulipun, menawi *tuturan* menika damel tuna *mitra tutur*, satemah *tuturan* menika dipunanggep boten sopan. *Skala* menika dipunginakaken kangge “ngitung tuna saha begja wonten ing salebeting nindakaken satunggaling tumindak ingkang gayut kaliyan *penutur* saha *mitra tutur*”. Ukara ing ngandhap menika nedahaken *tingkat kesopanan* wiwit kirang sopan dumugi langkung sopan, wiwit saking nginggil dumugi ngandhap.

(20) Resikana sepatuku.	Karugian kangge	kirang
(21) Jupukna buku.	<i>mitra tutur</i>	sopan
(22) Tutupke cendhela kamarku.	↑	↑
(23) Ngasoa wae.	↓	↓
(24) Rungokna lagu kesenanganmu iki.	Kauntungan kangge	langkung
(25) Kopine diombe.	<i>mitra tutur</i>	sopan

- b. Skala pilihan (*optionality scale*) gayut kaliyan cacahing pilihan (*option*) ingkang dipunandharaken dening *penutur* dhumateng *mitra tutur* wonten ing salebeting *tuturan*. Sansaya kathah pilihan kangge *mitra tutur* nindakaken andharaning *penutur* ing salebeting *tuturan*, satemah sansaya inggil tingkat *kesopan*ipun. Kosokwangsulipun, menawi *tuturan* menika boten nyukani pilihan kangge *mitra tutur*ipun, satemah *tuturan* menika boten sopan. Tuladhanipun kados ukara wonten ing ngandhap menika.

(26) Pindhahke kursi iki.	kirang
(27) Yen ora kesel, pindhahke kursi iki.	sopan
(28) Yen ora kesel lan ana wektu, pindhahke kursi iki.	↑
(29) Yen ora kesel lan ana wektu, tulung pindhahke kursi iki.	↓
(30) Ngapunten, yen ora kesel lan ana wektu, tulung pindhahke kursi iki	sopan

- c. Skala langsung-boten langsung (*indirectness scale*) gayut kaliyan *peringkat* langsung utawi boten langsungipun “maksud” satunggaling *tuturan*. Menawi *tuturan* menika asipat langsung, satemah *tuturan* menika kalebet boten sopan.

Kosokwangsulipun, menawi *tuturan* menika boten langsung, satemah kalebet tuturan ingkang sopan. Tuladhanipun kados *tuturan* ing ngandhap menika.

(31) Jlentrehaken prakawisipun.

(32) Kula kepingin panjenengan njlentrehaken prakawisipun.

(33) Menapa kersa panjenengan njlentrehaken prakawisipun?

(34) Panjenengan saged njlentrehaken prakawisipun?

(35) Awrat menapa boten menawi panjenengan njlentrehaken prakawisipun?

Sansaya panjang tuturanipun, sansaya sopan andharanipun. Bab menika nedahaken langsung menapa botenipun maksud saking *penutur*.

- d. Skala *keotoritasan* (anthory scale) gayut kaliyan status sosial antawisipun *penutur* saha *mitra tutur*. Menawi jarak peringkat sosial antawisipun *penutur* kaliyan *mitra tutur* menika tebih, satemah *tuturanipun* sansaya sopan. Kosokwangsulipun, menawi jarak peringkat sosialipun caket, satemah *tuturanipun* sansaya boten sopan.
- e. Skala jarak sosial (*social distance*) gayut kaliyan *peringkat hubungan sosial* antawisipun *penutur* saha *mitra tutur* ingkang nindakaken *tuturan*. Limrahipun, menawi *jarak sosial* antawisipun *peserta tutur* menika caket, satemah *tuturanipun* kirang sopan. Kosokwangsulipun, menawi *jarak sosial* sansaya tebih, satemah *tuturanipun* langkung sopan. Dados, tataran caketipun antawisipun *peserta tutur* menika nemtokaken *peringkat kesopanan tuturan* ingkang dipunginakaken. Tuladhanipun kados ing ngandhap menika.

(36) Papan pacelathon wonten ing kantor.

A : “Ana obat lara weteng ?”

B : “Ana, nang laci mejaku.”

(37) Papan pacelathon wonten ing kantor.

A : “Ana obat lara weteng ?”

B : “Ana, nang apotek.”

Pacelathon (36) ing nginggil nedahaken pacelathon antawisipun *peserta tutur* ingkang kirang caket. Amargi *mitra tutur* langsung mangsuli pitakenan *penutur*. Tuturan menika langkung *sopan* tinimbang pacelathon (37) ingkang nedahaken *jarak sosial peserta tutur*ipun caket. Amargi *mitra tutur* mangsuli pitakenan *penutur* kanthi kirang *sopan*. Limrahipun, wangsulan menika dipunandharaken kanthi guyon, sinaosa obatipun wonten ing laci meja.

Saking pamanggih Leech menika, *tingkat kesopanan* saged dipunmangertosi saking tuna-begjaning andharan, wontenipun pilihan tumindak ing salebeting andharan menapa boten, langsung menapa boten langsungipun *penutur* ngandharaken kekajenganipun, hubungan sosial utawi jarak sosial ingkang nemtokaken pamilihing basa. Saking pamilihing basa ingkang dipunginakaken menika saged ndayani *tingkat kesopanan*ipun.

Dados saking prinsip kesopananipun Chaer saha Wijana, sarta pamanggihipun Poedjosoedarmo dkk saha Leech menika saged dipunpendhet dudutan bilih wonten perangan-perangan ingkang kedah dipungastosaken nalika nemtokaken *tingkat kesopanan* satunggaling andharan. Perangan-perangan menika antawisipun babagan modus ukara ingkang dipunginakaken saha intonasi

utawi *nada* andharan, panganggening *pronomina persona* saha tembung sapa aruh, wontenipun panandha kesopanan kadosta tembung nuwun sewu, mangga, coba, tembung umpami, mbok, lan sapanunggalipun. Pamilihing tembung saha undha-usuking basa, penutur ugi boten pareng meksa saha kedah ndamel mitra tutur bingah. Sanesipun babagan basa, babagan patrap utawi solah bawa ngengingi isyarat-isyarat kinestikipun ugi kedah dipungatosaken. Katrangan babagan *tingkat kesopanan* menika badhe dipunandharaken langkung jangkep wonten ing ngandhap menika.

a. Modus ukara saha intonasi utawi *nada* andharan

Modus ukara ingkang dipunginakaken dening *penutur* menika gayut kaliyan langsung menapa boten langsungipun *penutur* ngandharaken kekajenganipun. Langsung menapa boten langsungipun andharan *penutur*, saged ndayani sopan menapa botenipun andharan menika piyambak. Tuladhanipun, nalika *penutur* nyukani prentah dhumateng *mitra tutur* ngginakaken ukara pakon langsung : “Ndhuk, sapukna latar!”, badhe langkung sopan utawi kapireng langkung alus menawi modus ukara ingkang dipunginakaken inggih menika ukara carios : “Ndhuk, latare kotor.” Sinaosa ancas saha kekajenganipun *penutur* sami, inggih menika nyukani prentah dhumateng *mitra tutur* supados kersa nyapukaken latar, ananging bedaning modus ukara ugi saged ndamel bedaning *tingkat kesopanan* andharan kasebat. Wondene intonasi utawi *nada* andharan ugi dados titikan sopan botenipun andharan menika. Ukara pakon ingkang dipunadharaken kanthi *nada* ingkang boten inggil, langkung sopan tinimbang ukara pakon ingkang dipunandharaken kanthi *nada* inggil.

b. Tembung saha aruh saha pronomina persona

Tembung saha aruh menika dipunginakaken kangge nedahaken raos ngajeni dhumateng tiyang ingkang dipunajak pirembagan. Panganggening tembung saha aruh menika kadosta saha aruh *kekerabatan* (Ndhuk, Le, Ibu, Bapak), saha tembung saha aruh miturut profesinipun (Pak Guru, Bu Dosen, Prof, Dhok). Wondene *pronomina persona* utawi *kata ganti orang*, tuladhanipun kula, sampeyan, panjengan, piyambakipun lan sapanunggalipun. Andharan ingkang boten langsung nyebataken nama menika badhe langkung sopan tinimbang andharan ingkang nyebataken namanipun tiyang sanes kanthi langsung.

c. Tembung panandha *kesopanan*

Wontenipun tembung panandha *kesopanan* menika saged ndadosaken wujuding andharan ingkang langkung sopan. Tembung-tembung panandha kesopanan menika antawisipun tembung nuwun sewu, mangga, coba, tembung umpami, mbok, lan sapanunggalipun. Ananging, wontenipun tembung-tembung panandha *kesopanan* menika boten lajeng ndadosaken satunggaling andharan kalebet sopan, kedah nggatosaken titikan kesopanan sanesipun saha *konteks* sarta *koteks* ing salebeting andharan kasebat.

d. Pamilihing tembung saha panganggening undha-usuking basa

Pamilihing tembung saha panganggening undha-usuking basa menika gumantung saking *peserta tutur* piyambak. Kadosdene ingkang sampun dipunandharaken bab jinis-jinis undha-usuking basa Jawi, *peserta tutur* kedah nggatosaken sinten *mitra tuturipun*, langkung nem menapa langkung sepuh, status sosial utawi drajatipun, akrab menapa boten, wontenipun raos ngajeni antawisipun

peserta tutur, ugi perlu nggatosaken *konteks* kawontenanipun saha *koteks*. Jumbuh menapa botenipun pamilihing tembung saha panganggening basa kaliyan kawontenan *peserta tutur* saha *konteks* menika, nedahaken sopan menapa botenipun satunggaling andharan.

e. Wosing andharan

Andharan ingkang sopan temtu gayut kaliyan wosing andharan ingkang sopan ugi, boten damel tatuning manah tiyang sanes, saha boten asipat meksa. *Tindak tutur direktif* menika *tindak tutur* ingkang gadhah maksud supados *mitra tutur* nindakaken menapa ingkang sampun dipunadharaken dening *penutur*. Pramila, wonten ing *tindak tutur ditektif*, kathah-kathahipun wosing andharaning *penutur* menika nyukani prentah utawi ngandharaken panuwun dhumateng *mitra tutur*. Anggenipun nyukani prentah utawi ngandharaken panuwun, langsung sopan menawi andharanipun boten meksa saha nyukani pilihan tumindak sanes wonten ing salebeting andharan. Dados, *mitra tutur* dipunsukani kalodangan saha pilihan kangge nindakaken menapa ingkang dipunkersakaken dening *penutur*.

f. Solah bawa trep

Solah bawa menika gayut kaliyan tindak tanduk saha *isyarat* kinesik ingkang dipuntindakaken dening *peserta tutur*. Solah bawa ingkang trep menika jumbuh kaliyan unggah-ungguh masarakat Jawi. Tuladhanipun, tiyang ingkang dipunsukani piweling nedahaken tindak tanduk boten trep kadosta mripat ingkang mlirik utawi mendelik saha lathinipun menjep. Menika *isyarat* kinesik ingkang boten trep saha dados panandha bilih tiyang menika boten ngajeni tiyang ingkang saweg nyukani piweling. Pramila, solah bawa menika bab ingkang wigatos sanget

wonten ing salebeting tatakrama. Andharan ngginakaken basa ingkang trep, badhe boten sopan menawi boten dipunsarengi kaliyan solah bawa ingkang trep. Pamilihing solah bawa ingkang trep menika gumantung kaliyan sinten *mitra tuturipun* saha *konteks* kawontenan sarta wosing pirembagan.

Tingkat kesopanan basa menika dipunperang dados sekawan, inggih menika sopan sanget, sopan, kirang sopan, saha boten sopan. Katrangan babagan titikan *kesopanan* menika salajengipun badhe dipunadharaken wonten ing ngadhap menika.

a. Sopan sanget

Pathokan ingkang dipunginakaken kangge nemtokaken ukara kalebet sopan sanget, inggih menika :

- 1). panganggening modus ukara ingkang boten langsung nedahaken ancasing *penutur*;
- 2). ngginakaken tembung sapa aruh utawi *pronomina persona*;
- 3). ngginakaken tembung-tembung panandha kesopanan, kadosta tembung nuwun sewu, mangga, coba, tempung umpami, mbok, lan sapanunggalipun;
- 4). pamilihing tembung sampun jumbuh kaliyan kawontenan saha panganggening undha-usuking basa sampun trep;
- 5). wosing andharan boten damel tatuning manahipun *mitra tutur* saha boten asipat meksa;
- 6). solah bawanipun sampun trep.

b. Sopan

Pathokan ingkang dipunginakaken kangge nemtokaken ukara kalebet sopan, inggih menika :

- 1). panganggening modus ukara ingkang sampun langsung nedahaken ancasing penutur;
- 2). ngginakaken tembung sapa aruh utawi *pronomina persona*;
- 3). ngginakaken tembung-tembung panandha kesopanan, kadosta tembung nuwun sewu, mangga, coba, tempung umpami, mbok, lan sapanunggalipun;
- 4). pamilihing tembung sampun jumbuh kaliyan kawontenan saha panganggening undha-usuking basa sampun trep;
- 5). wosing andharan boten damel tatuning manahipun *mitra tutur* saha boten asipat meksa;
- 6). salah bawanipun sampun trep.

c. Kirang sopan

Pathokan ingkang dipunginakaken kangge nemtokaken ukara ingkang kalebet kirang sopan inggih menika :

- 1). panganggening modus ukara ingkang sampun langsung nedahaken ancasing *penutur*;
- 2). boten ngginakaken tembung sapa aruh;
- 3). boten ngginakaken tembung-tembung panandha kesopanan;
- 4).pamilihing tembung sampun jumbuh kaliyan kawontenan ananging panganggening undha-usuking basa dereng trep;

5). wosing andharan boten damel tatuning manahipun *mitra tutur* ananging asipat meksa;

6). solah bawanipun sampun trep.

d. Boten sopan

Pathokan ingkang dipunginakaken kangge nemtokaken ukara ingkang kalebet boten santun inggih menika :

- 1). panganggening modus ukara ingkang langsung nedahaken ancasing *penutur*;
- 2). boten ngginakaken tembung sapa aruh;
- 3). boten ngginakaken tembung-tembung panandha kesopanan;
- 4). pamilihing tembung saha panganggening undha-usuking basa boten trep;
- 5). wosing andharan damel tatuning manahipun *mitra tutur* saha asipat meksa;
- 6). solah bawanipun boten trep.

Titikan ing nginggil menika sanes titikan ingkang gumathok. Tataraning *kesopanan* satunggaling andharan ugi dipuntemtokaken adhedhasar *konteks* saha *koteks*. Tegesipun, titikan saben *tingkat kesopanan* saking *tindak tutur direktif* wonten ing *rubrik* Wacan Bocah Kalawarti Djaka Lodhang *edisi* Januari-Juni taun 2016 menika, saged beda sakedhik saking titikan *tingkat kesopanan* ingkang sampun kaandharaken. Sedaya wau gumantung kaliyan *konteks* saha *koteks*. Dados, titikan menika namung minangka referensi, kirang langkung titikan saben *tingkat kesopanan* menika kados ingkang sampun kaandharaken.

E. Konteks saha Koteks

Tegesipun *tuturan* dipuntemtokaken saking *tuturan penutur* saha miturut *konteks*ipun. *Konteks* inggih menika kawontenan ingkang ndadosaken satunggaling pacelathon. Teges saha informasi ingkang gayut kaliyan *tuturan* gumantung kaliyan *konteks tuturan* ingkang katindakaken wonten ing kawontenan ujar (Mulyana, 2005:21). Anton M. Moeliono saha Samsuri (wonten ing Mulyana, 2005:23) nyebataken bilih konteks menika kadadosan saking kawontenan, partisipan, wekdal, papan, adegan, topik, prastawa, wujud, amanat, kode saha *saluran*. Wondene Dell Hymes (1972: 58-62) nyebataken faktor-faktor ingkang nemtokaken prastawa tutur menika kanthi akronim *SPEAKING* ingkang wacahan saking *setting and scene, participants, ends, act sequence, key, instrumentalities, norm, genre*. Wacahan *SPEAKING* wonten ing nginggil menika badhe dipunandharaken kanthi langkung cetha kados wonten ing ngandhap menika.

1. *Setting and scene*, latar (*setting*) menika sipatipun fisik, maksudipun inggih menika papan saha wekdal nalika pacelathon dipuntindakaken. Tuladhanipun pacelathon utawi satunggaling prastawa kadadosan wonten ing griya wanci siang. Wondene kawontenan (*scene*) menika sipatipun psikis kawujud saking kawontenan *psikologis* wonten ing salebeting prastawa tuturanipun. Tuladhanipun kawontenan sosial, budaya, politik, hukum, lan sapanunggalipun gumantung kawontenan ingkang wonten ing salebeting prastawa *tuturan*.
2. *Participants* inggih menika *peserta tuturan* utawi tiyang ingkang nindakaken pacelathon kanthi langsung utawi boten langsung. Tuladhanipun nama tiyang, kadosta Andi, Ana, Andri, lan sapanunggalipun. Saged ugi Bapak, Ibu, Pak

satpam, pak guru, lan sapanunggalipun menawi boten mangertosi nama saking *peserta tuturan*.

3. *Ends* inggih menika ancasing *tuturan* ingkang dipuntuturaken dening *penutur* wonten ing pacelathon. Tuladhanipun kangge nyukani prentah dhumateng *mitra tutur*, nyuwun, nyuwun pirsaa, lan sapanunggalipun.
4. *Act sequence* inggih menika amanat utawi pesan ingkang kaperang saking wujud pesan (*massage form*) saha wosing pesan (*massage content*). Wonten ing salebeting kajian pragmatik, wujud pesan menika kaperang saking lokusi, ilokusi, saha perlokusi.
5. *Key* inggih menika salah satunggaling faktor prastawa tutur ingkang kaperang saking cara, *nada*, patrap utawi semangat wonten salebeting pacelathon. Inggih dipunmaksud inggih menika *semangat*, *serius*, *santai* saha caket.
6. *Instrumentalities* inggih menika piranti utawi sarana kangge pacelathonan. Tegesipun inggih menika kanthi media menapa pacelathon menika dipunandharaken, kadosta kanthi lesan, seratan, radio, lan sapanunggalanipun.
7. *Norms* inggih menika sedaya tatacaraning micara kangge nedahaken maksud ujaran wonten ing pacelathon. Kadosta bab menapa kemawon ingkang angsal dipunandharaken saha bab menapa kemawon ingkang boten angsal dipunandharaken, lajeng kadospundi caranipun nindakaken pacelathon: alus, kasar, tinarbuka, menapa saru.
8. *Genre* inggih menika jinis tuturan ingkang dipuntuturaken, saged awujud geguritan, seratan, lan sapanunggalanipun.

Saking andharan ing nginggil, saged dipunmangertosi bilih saben *tuturan* menika kedah wonten *konteksipun*. Amargi kawontenaning *konteks* menika nemtokaken teges saha informasi *tuturan*, sarta nemtokaken tumindak utawi *respon* ingkang kedah katindakaken dening *peserta tutur*. Menawi *peserta tutur* sami-sami mangertosi *konteksipun*, satemah *tuturan* utawi pacelathon menika saged lumampah kados ingkang dipunkersakaken. Miturut panaliti piyambak, konteks menika minangka kunci panaliten kangge mangertosi *tingkat kesopanan tindak tutur direktif* ingkang dipuntliti. Wondene akronim *SPEAKING* ingkang nemtokaken konteks *tuturan*, saged dipunpadosi wonten ing tuladha ukara menika:

Nuju sawijining awan, Pak Tani mulih gasik saka sawah. **“Bune, aku sakesuk ora bisa garap sawah amerga kali kulon desa luber. Iki mau aku malah golek iwak.”** (Wacan bocah Mbok Tani kang Cethil, Kalawarti Djaka Lodhang edisi 9 Januari 2016 anggitanipun Sumarno).

Saking pethikan Wacan Bocah ing nginggil, saged dipunmangertosi bilih *setting* utawi latar papan pacelathon menika wonten ing griya saha latar wekdal menika wanci siang. *Participants* inggih menika Pak Tani, wondene *ends* utawi ancas saking *tuturanipun* Pak Tani inggih menika nyukani pawartos bilih lepen kilen dhusun luber saha nyukani prentah supados *mitra tutur* masakaken ulam. *Act sequence* utawi wujud pesanipun inggih menika *tindak lokusi* saha *ilokusi* amargi ukara “Bune, aku sakesuk ora bisa garap sawah amerga kali kulon desa luber.” Gadhah maksud ingkang sami kaliyan modus ukaranipun inggih menika nyukani pawartos, wondene ukara “Iki mau aku malah golek iwak.” Kalebet *tindak ilokusi* amargi maksud tuturan boten sami kaliyan modusipun,

modus ukaranipun inggih menika ukara carios nanging maksudipun nyukani prentah.

Key saking ukara ing nginggil menika santai saha caket, ngengingi Pak Tani ngendikan dhumateng garwanipun ingkang temtu kemawon sampun caket kanthi titikan tembung “Bukne”. *Instrumentalities* utawi piranti kangge pacelathon inggih menika lesan. *Norms* utawi tatacara pacelathon inggih menika tinarbuka, awit Pak Tani ngandharaken sedaya bab ingkang kadadosan ing dinten menika. *Genrenipun* temtu kemawon kalebet ukara. Dados, saking analisis *SPEAKING* menika saged dipuntingali utawi dipunmangertosi prastawa tuturanipun utawi *konteksipun*.

Kados ingkang kaandharaken ing nginggil, bilih tegesipun *tuturan* dipuntemtokaken saking *tuturan penutur* saha miturut *konteksipun*. *Tuturan penutur* ingkang awujud ukara menika kalebet *koteks*. Kridalaksana wonten ing Kamus Linguistik (2011: 137) ngandharaken bilih *koteks* menika minangka ukara utawi *unsur-unsur* ingkang wonten ing sangajengipun ukara utawi sabibaripun *unsur* sanes ing salebeting wacana. *Unsur-unsur* wonten ing mriki ateges *koteks* menika boten namung awujud ukara, ananging ugi saged awujud paragraf ingkang jangkep, frasa, utawi tembung. *Koteks* inggih menika teks ingkang gayut kaliyan teks sanes. Teks menika wonten ing saderengipun ukara utawi sasampunipun ukara.

Tuladhanipun ukara “Kowe neng endi?” kaliyan ukara “Aku neng dhapur.” Kalih ukara menika gayut antawisipun satunggal ukara kaliyan sanesipun. Saking wontenipun kalih ukara ingkang gayut menika, saged

dipunmangertosi teges utawi maksudipun ukara. Ukara “Kowe neng endi?” nedahaken wontenipun *penutur* ingkang nyuwun pirsa papan dunungipun *mitra tutur*. Sasampunipun *penutur* nyuwun pirsa, lajeng *mitra tutur* mangsuli pitakenan menika kanthi ukara ”Aku neng dhapur.” Dados ukara-ukara menika saged dipunmangertosi tegesipun. Menawi satunggaling ukara boten wonten, temtu mawon boten gampil anggenipun mangertosi teges saking ukara sanesipun.

F. Ukara

Maslakhah dkk (2013: 20) ngandharaken bilih ukara inggih menika *satuan* basa ingkang saged madeg piyambak, kanthi ngemot informasi ingkang jangkep, saha gadhah *intonasi final*. *Intonasi final* menika arupi nada pungkasan ingkang andhap utawi inggil menawi ukara menika dipunandharaken kanthi lesan, saha arupi tandha titik, tandha pakon, utawi tandha pitaken menawi ukara menika dipunserat. Pangrangkening tembung supados dados ukara menika kedah ngangge pranata ingkang sampun gumathok.

Saking andharan wonten ing nginggil saged dipunpendhet dudutan, bilih ukara menika *satuan* basa ingkang saged madeg piyambak, ingkang kadadosan saking satunggaling klausa utawi langkung ingkang mujudaken ukara, saha gadhah laguning pocapan. Wijana (1996: 30) nyebataken adhedhasar fungsipun gayut kaliyan modus ukara, ukara kaperang dados tiga, inggih menika ukara carios utawi pawartos (*deklaratif*), ukara pakon (*imperatif*), saha ukara pitaken (*interogatif*). Andharan menika badhe dipunandharaken kanthi langkung cetha wonten ing ngandhap menika.

1. Ukara Carios

Ukara carios utawi ukara pawartos (*deklaratif*) inggih menika ukara kangge ngandharaken satunggaling bab utawi satunggaling prastawa saha raos-pangraos satunggaling tiyang dhumateng tiyang sanes. Ukara carios miturut paugeranipun seratanipun, katitik saking tandha titik (.) wonten ing pungkasaning ukara. Miturut fungsi *konvensional* ukara carios utawi ukara pawartos wujudipun wonten kalih inggih menika *tindak tutur* langsung (*direct speech act*) saha *tindak tutur* boten langsung (*indirect speech act*). Ukara carios ingkang wujudipun *tindak tutur* langsung inggih menika ukara ingkang maksudipun sami kaliyan ukara ingkang dipunandharaken. Tuladhanipun inggih menika :

Konteks : Sasampunipun siram saha ngaso sawetawis, Pak Tani lajeng tindak dhateng sabin malih.

Pak Tani : “Awan iki rak wis asat banyune, aku daknerusake anggonku gawe lalahan”. (Wacan bocah Mbok Tani Kang Cethyl, *Kalawarti* Djaka Lodhang *edisi* 9 Januari 2016 anggitanipun Sumarno).

Ukara ing nginggil kalebet ukara carios *tindak tutur* langsung amargi maksud saking ukara menika sami kaliyan ukara ingkang dipunandharaken. Ukara menika boten wonten maksud sanesipun, namung ngandharaken dhumateng Mbok Tani bilih Pak Tani badhe tindak sabin malih kangge damel lalahan.

Ukara pawartos ugi saged dipunginakaken kangge nyukani prentah dhumateng tiyang sanes supados langkung sopan. Ukara pawartos ingkang ancasipun nyukani prentah dhumateng tiyang sanes wujudipun inggih menika ukara boten langsung (*indirect speech act*). Tuladhanipun inggih menika:

Konteks : Wonten ing satunggaling dinten pinuju siang, Pak Tani wangsul saking sabin lajeng ngendika dhateng garwanipun inggih menika Mbok Tani.

Pak Tani : “Bune, aku sakesuk ora bisa garap sawah amerga kali kulon desa luber. Iki mau aku malah golek iwak.”

Ukara wujudipun “Iki mau aku malah golek iwak.” dipunandharaken dening Pak Tani dhumateng Mbok Tani ingkang betahaken bahan dhaharan kangge dipunmasak. Miturut *konteksipun* ukara menika kalebet ukara pawartos kanthi ancas nyukani prentah amargi wosing ukara menika Pak Tani boten namung ngandharaken bilih piyambakipun angsal ulam, ananging nyukani prentah dhumateng Mbok Tani supados ulamipun dipunmasak.

2. Ukara Pakon

Ukara Pakon utawi *imperatif* inggih menika ukara kangge ngengken, ngajak saha nyuwun dhumateng tiyang sanes supados nindakaken satunggaling bab utawi satunggaling pakaryan ingkang dipunkersakaken kaliyan *penutur*. Ukara pakon miturut paugeraning seratanipun katitik saking tandha pakon (!) wonten ing pungkasan ukara. Ananging, sakperangan ukara pakon ugi boten temtu wonten tadha pakon (!) ing pungkasaning ukara. Wujud ingkang mekaten dipunsebat wujud ingkang boten baku, amargi boten jumbuh kaliyan titikan panyerating ukara pakon. Sayektosipun, ukara pakon ingkang seratanipun boten ngginakaken tandha pakon (!) menika wujud saking ukara lesan ingkang nedahaken pangucaping ukara pakon kanthi alus. Ukara pakon, limrahipun ugi ngginakaken wuwuhan imperatif kadosta panambang –a, -ana, saha –kna sarta ater-ater pasif di-. Miturut fungsi *konvensional* ukara pakon wujudipun *tindak tutur* langsung (*direct speech act*). Tuladhanipun ukara pakon inggih menika :

“Iya-iya, aku manut, enggal uculana aku!”. (Djaka Lodhang, 2016: 19)

Ukara “enggal uculana aku!” kalebet ukara pakon amargi katitik saking tembung “uculana” minangka tembung ingkang ngadharaken prentah. Miturut paugeranipun panyeratan ukara menika ugi katitik saking tandha prentah (!) wonten ing pungkasan ukara. Ancasipun saking ukara menika nyukani prentah dhumateng piyantun sanes supados ngeculaken *penutur*.

3. Ukara Pitaken

Ukara pitaken inggih menika ukara ingkang dipunginakaken kangge nyuwun pirsa babagan satunggaling bab utawi satunggaling prastawa. Ukara pitaken miturut paungeraning seratanipun katitik saking tandha pitaken (?) wonten ing pungkasaning ukara (Ramlan, 1987:31). Miturut fungsi *konvensional* ukara pitaken wujudipun wonten kalih, inggih menika *tindak tutur langsung (direct speech act)* saha *tindak tutur boten langsung (indirect speech act)*. Ukara pitaken minangka tindak tutur langsung (*direct speech act*) inggih menika ukara ingkang fungsipun namung kangge pitaken. Tuladhanipun inggih menika.

Konteks : Nalika bisa wis tekan SPBU Pandak, Sri takon marang sopire yen dheweke medhun Sapu Angin wae apa isih kurang onkose.
 Pak Sopir : Mpun, Mbak, boten kirang. Daleme pundi ta?” (Djaka Lodhang, 2016:21)

Ukara “Daleme pundi ta?” menika kalebet ukara pitaken amargi ngemot pitakenan babagan setunggaling bab. Lajeng gayut kaliyan paugeran panyeratan ukara menika mlebet ukara pitaken katitik saking tandha pitaken (?) wonten ing pungkasan ukara. Ukara menika dipunadharaken dening Pak Sopir dhumateng Sri kanthi ancas kangge mangertosi dalemipun Sri menika wonten pundi.

Ukara pitaken ugi saged dipunginakaken kangge nyukani prentah dhumateng tiyang sanes supados langkung sopan. Ukara pitaken ingkang

ancasipun kangge nyukani prentah dhumateng tiyang sanes wujudipun inggih menika ukara boten *langsung* (*indirect speech act*). Tuladhanipun inggih menika.

Ibu : “Din sapune neng ndi ya?”

Dini : “Nggih bu, sekedhap, kula pendhetaken”. (Wijana, 1996: 30)

Ukara “Din sapune neng ndi ya?” menika dipunandharaken dening Ibu dhumateng Dini minangka putranipun. Miturut *konteksupun* ukara menika kalebet ukara pitaken kanthi ancas pakon amargi wosing ukara menika nedahaken bilih ibunipun Dini boten namung nyuwun pirsu babagan sapunipun nanging nyukani prentah dhumateng Dini supados mendhetaken sapu.

G. Panaliten Inggih Jumbuh

Panaliten ingggih jumbuh kaliyan panaliten menika inggih menika skripsi taun 2017 seratanipun Diah Sumaji mahasiswa saking Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah kanthi irah-irahan *Tingkat Kesopanan Tindak Tutur Direktif Ing Novel “Uran-uran Katresnan” Anggitanipun Tulus Setiyadi*. Wonten ing panaliten kasebat ngandharaken cakriking ukara, *tingkat kesopanan*, saha titikan *kesopanan tindak tutur direktif* ingggih wonten ing novel kanthi irah-irahan “Uran-uran Katresnan” anggitanipun Tulus Setiyadi. Wondene wonten panaliten menika ngandharaken bab jinis, fungsi, saha *tingkat kesopanan tindak tutur direktif* ingggih objekipun wacana Jawa mliginipun *rubrik Wacan Bocah* wonten ing Kalawarti Djaka Lodhang *edisi* Januari-Juni taun 2016. Kanthi bedanipun panaliten menika kaliyan panaliten ingggih jumbuh, pramila panaliten menika dereng nate dipuntliti saha saged dipuntindakaken.

H. Nalaring Pikir

Basa minangka piranti komunikasi ingkang wigatos sanget. Kanthi basa, manungsa saged nyukani informasi, ngandharaken raos pangraos, ugi minangka sarana ngandharaken kekajenganipun dhumateng tiyang sanes. Ananging, wonten mapinten-pinten paugeran anggenipun ngginakaken basa minangka piranti komunikasi menika. Ngelmu ingkang gayut kaliyan babagan basa menika dipunandharaken wonten ing ngelmu linguistik. Ing salebeting ngelmu linguistik, wonten ngelmu ingkang mligi ngandharaken kadospundi basa menika saged dipunmangertosi dening tiyang sanes minangka *mitra tutur*. Ngelmu ingkang mekaten dipunsebat ngelmu pragmatik.


Pragmatik inggih menika satunggaling *studi linguistik* babagan teges ingkang gayut kaliyan kawontenan ujar. Kajian pragmatik menika gadhah ancas kangge mangertosi teges saking *tuturan* ingkang dipungayutaken kaliyan *konteks*. Saking andharan menika saged dipunmangertosi bilih satunggaling kajian pragmatik inggih menika *tindak tutur*. Tindak tutur dipunperang dados tiga, inggih menika lokusi, ilokusi sah perlokusi. Tindak lokusi inggih menika *tindak tutur* ingkang ngandharaken teges ingkang sami kaliyan tuturan ingkang dipuntuturaken. Tindak ilokusi inggih menika *tindak tutur* ingkang ngemot teges saha fungsipun minangka *daya ujar*. Tindak ilokusi menika kaperang dados tindak tutur *asertif, direktif, komisif, ekspresif, saha deklaratif*. Lajeng *tindak tutur* perlokusi inggih menika *efek* saking *tuturan* ingkang dipuntuturaken dening *penutur*.

Prakawis ingkang dipuntliti wonten ing panaliten menika bab *tindak tutur direktif*. *Tindak tutur direktif* inggih menika *tindak tutur* ingkang ancasipun supados *mitra tutur* nindakaken menapa ingkang dipunkersakaken *penutur*. Wonten sekawan jinis *tindak tutur direktif* menika, antawisipun wedharan (*pernyataan*), panuwun kanthi sopan (*permintaan sangat sopan*), panuwun kanthi cara radi ngengken (*permintaan sedikit menyuruh*), saha panuwun kanthi ngengken (*permintaan menyuruh dengan keras*). Fungsi saking *pernyataan* menika antawisipun ngengken, nyuwun ngampil, saha nyumanggakaken, kanthi boten langsung. Fungsi saking *permintaan sangat sopan* antawisipun nyuwun saha mangajab kanthi boten langsung, sarta naweni. Fungsi *permintaan sedikit menyuruh* inggih menika ngengken saha ngajak. Wondene fungsi *permintaan menyuruh dengan keras* antawisipun ngengken sanalika, meksa, saha ngengetaken.

Fungsi-fungsi ingkang wonten ing *tindak tutur direktif* menika dipungayutaken kaliyan *konteks* saha *koteks*. Kanthi *konteks* saha *koteks*, tegesing *tuturan* saged dipunmangertosi. *Konteks tuturan* saha *koteks* ugi nemtokaken *tingkat kesopanan tuturan* menika piyambak. *Konteks* menika arupi: *setting and scene; participants; ends; act sequences; key; instrumentalities; norm; genre* ingkang dipunrantam dados akronim *SPEAKING*. Wondene *koteks* menika awujud paragraf, ukara, utawi frasa ingkang gayut kaliyan ukara sanes. *Koteks* menika saged wonten ing saderengipun ukara, utawi wonten ing sasampunipun ukara. Wujud *tindak tutur direktif* wonten ing panaliten menika dipungayutaken kaliyan kawontenan ujar ingkang gadhah tigang jinis ukara. Jinis ukara ingkang

dipunrembag wonten ing panaliten menika inggih menika ukara carios, ukara pakon, saha ukara pitaken.

Menawi sampun mangertosi bab jinis saha fungsi miturut *konteks* saha *koteksipun*, salajengipun saged dipunmangertosi kados menapa *tingat kesopanan tindak tutur direktif* menika. Tingkat kesopanan inggih menika *peringkat kesopanan*, wiwit ingkang (1) sopan sanget, (2) sopan, (3) kirang sopan, dumugi (4) boten sopan. *Tingkat kesopanan* menika gumantung kaliyan panganggening modus ukara saha *nada* andharan, panganggening tembung sapa aruh utawi *pronomina persona*, tembung panandha kesopanan, pamilihing tembung saha panganggening undha-usuk basa, wosing andharan, saha solah bawa. Kangge nemtokaken satunggaling andharan menika sopan menapa boten, wangsul malih dhateng *konteks* saha *koteks* ing salebeting andharan kasebat. Ukara-ukara ingkang dipuntliti inggih menika ukara saking *rubrik* Wacan Bocah Kalawarti Djaka Lodhang *edisi* Januari-Juni taun 2016.



Gambar I : Bagan nalaring pikir



Gambar II : Bagan nalaring pikir salajengipun

BAB III

CARA PANALITEN

A. Jinising Panaliten

Panaliten kanthi irah-irahan “*Tingkat Kesopanan Tindak Tutur Direktif* Wonten ing *Rubrik* Wacan Bocah Djaka Lodhang *Edisi* Januari-Juni Taun 2016” menika ngginakaken metode panaliten *deskriptif*. Metode panaliten *deskriptif* inggih menika metode ingkang dipuntindakaken adhedhasar kasunyatan utawi *fenomena empiris* saengga data ingkang dipunasilaken utawi dipunserat awujud basa kanthi andharan sawontenipun (Sudaryanto, 1988:62). Arifin saha Junaiyah (2010:113) nyebataken bilih lampahing analisis *deskriptif* menika wonten tiga, inggih menika (1) nemtokaken wacana ingkang dipuntliti, (2) nemtokaken *unit* analisis, (3) nganalisis saha ngandharaken *satuan* data. Saking lampahing panaliten deskriptif menika, *rubrik* Wacan Bocah Kalawarti Djaka Lodhang dipunpilih minangka wacana ingkang dipuntliti kanthi *unit* analisisipun inggih menika saperangan wacana ingkang kalebet jinis *tindak tutur direktif*. Metode *deskriptif* wonten ing panaliten menika dipunginakaken kangge nganalisis saha ngandharaken jinis, fungsi, saha *tingkat kesopanan tindak tutur direktif* wonten ing *rubrik* Wacan Bocah Kalawarti Djaka Lodhang *edisi* Januari-Juni taun 2016.

B. Data saha Sumber Data

Data ingkang dipunanalisis wonten ing panaliten menika awujud andharan *tindak tutur direktif* gayut kaliyan babagan jinis, fungsi, saha *tingkat kesopanan tindak tutur direktif* wonten ing *rubrik* Wacan Bocah Kalawarti Djaka

Lodhang *edisi* Januari-Juni taun 2016. Sumbering data panaliten inggih menika Wacan Bocah ing Kalawarti Djaka Lodhang *edisi* Januari-Juni taun 2016. Wacan Bocah ing Kalawarti Djaka Lodhang menika dipunterbitaken kaping sekawan saben wulanipun. Dados, Wacan Bocah ingkang dados sumber data menika cacahipun wonten kawan-likur wacana saking nem wulan. Ananging, boten sedaya Wacan Bocah wonten andharan *tindak tutur direktif*ipun. Cacahing Wacan Bocah ingkang saged dados sumbering panaliten, awit wonten andharan *tindak tutur direktif*ipun, namung sanga-las wacana.

C. Cara Ngempalaken Data

Caranipun ngempalaken data wonten ing panaliten menika kanthi ngginakaken teknik maos-nyerat. Panaliti maos Wacan Bocah ing Kalawarti Djaka Lodhang *edisi* Januari-Juni taun 2016 kanthi premati supados saged manggihaken andharan ingkang kalebet jinis *tindak tutur direktif*. Cara nemtokaken andharan ingkang kalebet jinis *tindak tutur direktif*, dipunjumbuhaken kaliyan gegaraning teori wonten ing panaliten menika. Lajeng andharan *tindak tutur direktif* ingkang sampun dipuntemtokaken, dipunpanthapantha miturut jinis, fungsi, saha tataran *kesopanan*ipun. Cara anggenipun nemtokaken jinis, fungsi, saha tataran *kesopanan tindak tutur direktif* inggih menika dipunjumbuhaken kaliyan gegaraning teori ing panaliten menika. Sasampunipun teknik maos, dipunlajengaken teknik nyerat. Teknik nyerat katindakaken kanthi cara nyerat sedaya andharan *tindak tutur direktif* ingkang sampun dipunanalisis saha dipuntandhani wonten ing kartu data.

D . Piranti Panaliten

Pirantining panaliten inggih menika piranti ingkang dipunginakaken kangge mbiyantu panaliti nalika nindakaken panaliten. Pirantining panaliten ingkang dipunginakaken inggih menika *kartu data*. *Kartu data* ing panaliten menika wonten kalih, dipunperang dados *kartu data* I saha *kartu data* II. *Kartu data* ingkang sepisan dipunginakaken kangge nyerat data ingkang dipunpangguhaken kanthi jinis saha fungsi ingkang sampun katemtokaken, ingkang kaping kalih dipunginakaken kangge nyerat *tingkat kesopananipun*. Analisis data wonten ing panaliten menika kedah jumbuh kaliyan teori ingkang sampun kaandharaken. *Format* saking *kartu data* panalitenipun kados ing ngandhap menika.

Tabel 1 : *Kartu Data I*

No.	1
Kalawarti/Wedalan	DL.32/9.1.2016 kaca 22
Irah-irahan Wacan Bocah	Mbok Tani kang Cethyl
Konteks	Ing satunggaling dinten, wanci siang, Pak Tani kondur saking sabin, sinambi ngasta ulam.
Tuturan tindak tutur direktif	“Bune, aku sakesuk ora bisa garap sawah amerga kali kulon desa luber. Iki mau aku malah golek iwak.”
Koteks	Mbok Tani rumaos bingah amargi angsal ulam ingkang kathah. Wonten sidhat, kutuk, lele, bethik, wader, lan sakpanunggalipun. Mbok Tani menggalih ulam-ulam menika badhe dipunmasak menapa, gule, mangut, dipungoreng, menapa dipunbakar.
Jinis	<i>Pernyataan</i>
Fungsi	Ngengken kanthi boten langsung

Tabel 2 : *Kartu Data II*

No.	1
Kalawarti/Wedalan	DL.32/9.1.2016 kaca 22
Irah-irahan Wacan Bocah	Mbok Tani kang Cethyl
Konteks	Ing satunggaling dinten, wanci siang, Pak Tani kondur saking sabin, sinambi ngasta ulam.
Tuturan tindak tutur direktif	“Bune, aku sakesuk ora bisa garap sawah amerga kali kulon desa luber. Iki mau aku malah golek iwak.”
Koteks	Mbok Tani rumaos bingah amargi angsal ulam ingkang kathah. Wonten sidhat, kutuk, lele, bethik, wader, lan sakpanunggalipun. Mbok Tani menggali ulam-ulam menika badhe dipunmasak menapa, gule, mangut, dipungoreng, menapa dipunbakar.
Tingkat Kesopanan	Sopan sanget
Indikator Kesopanan	1. Ngginakaken modus ukara ingkang boten langsung nedahaken ancasing <i>penutur</i> (ukara pawartos kanthi ancas ngengken).
	2. Ngginakaken tembung sapa aruh “Bune”.
	3. Ngginakaken tetembungan ingkang alus (“Iki mau aku malah golek iwak”).
	4. Pamilihing tembung saha undha-usuk basa sampun trep (ngoko lugu)
	5. Wosing andharan boten damel tatuning manahipun <i>mitra tutur</i> saha boten asipat meksa.
	6. Solah bawanipun trep, ngandharaken <i>tuturan</i> kanthi alus.

E. Cara Nganalisis Data

Teknik analisis data ingkang dipunginakaken inggih menika analisis *deskriptif* amargi gadhah ancas ngandharaken jinis, fungsi, saha *tingkat kesopanan tindak tutur direktif* wonten ing *rubrik* Wacan Bocah Kalawarti Djaka

Lodhang *edisi* Januari-Juni taun 2016. Adhedhasar lampahing analisis *deskriptif* saking Arifin saha Junaiyah (2010:113), analisis data wonten ing panaliten menika gadhah cak-cakan kados ing ngandhap menika.

1. Data ingkang sampun dipunserat wonten ing kartu data salajengipun dipunpantha-pantha wonten ing tabel analisis miturut jinising *tindak tutur direktif*.
2. Data ingkang sampun dipangguhaken miturut jinisipun lajeng dipunpantha-pantha miturut fungsi *tindak tutur direktif*.
3. Data ingkang sampun dipunpangguhaken miturut jinis saha fungsipun lajeng dipunanalisis *tingkat kesopanan*ipun.
4. Data ingkang sampun dipunpantha-pantha miturut kategoripun dipunanalisis kanthi nyerat indikator-indikatoripun.

F. Cara Ngesahaken Data

Caranipun ngesahaken data wonten ing panaliten menika ngginakaken *validitas* saha *reliabilitas*. *Validitas* ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika inggih menika *validitas expert judgement* utawi *pertimbangan ahli* saha *validitas semantik*. *Validitas expert judgement* inggih menika *validitas* kanthi cara panaliti ngawontenaken piremangan kaliyan dosen ahli saha panaliti sanes ingkang mangertos babagan prakawis saking data asiling panaliten. *Validitas* sanesipun ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika inggih menika *validitas semantik*.

Validitas semantik inggih menika *validitas* kanthi cara negesi makna *tuturan* wonten ing data. Data ingkang wujud *tuturan direktif* dipuntegesi maknanipun jumbuh kaliyan *konteks* saengga langkung gampang anggenipun mangertosi maknanipun. Aplikasi *validitas semantik* inggih menika supados langkung valid. *Aplikasi validitas semantik* inggih menika :

Konteks : Sasampunipun Pak Tani siram saha ngaso sawetawis, Pak Tani lajeng tindak sabin saperlu damel lalahan sinambi ngendika dhumateng Mbok Tani.

Pak Tani : **“Aja lali, yen iwak wus dimasak, tangga teparo melu dirasani, diwenehi senajan sithik-sithik.”** (Wacan bocah Mbok Tani Kang Cethyl, Kalawarti Djaka Lodhang edisi 9 Januari 2016)

Ukara “Aja lali, yen iwak wus dimasak, tangga teparo melu dirasani, diwenehi senajan sithik-sithik.” Kalebet fungsipun *tindak tutur* ingkang ngandharaken prentah. Miturut *konteks*ipun ukara menika dipunandharaken dening Pak Tani ingkang nyukani prentah dhumateng Mbok Tani supados nyukani ulam ingkang sampun dipunmasak dhumateng tangga tepalih.

Reliabilitas ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten inggih menika *reliabilitas intrarater*. *Reliabilitas intrarater* menika dipuntindakaken kanthi cara cek-ricék utawi *kajian berulang*. Cara ngesahaken data ngginakaken cara cek-ricék menika dipuntindakaken kanthi cara panaliti nyocokaken data kaliyan gegaraning teori kanthi saestu, wongsal-wangsul, saha tliti. Ancasing *reliabilitas intrarater* kasebut, supados saged pikantuk data ingkang valid saha absah trep kaliyan wosing prakawis saha gegaraning teori saking panaliten menika. *Aplikasi reliabilitas intrarater* inggih menika:

Konteks : Sasampunipun Pak Tani siram saha ngaso sawetawis, Pak Tani lajeng tindak sabin saperlu damel lalahan sinambi ngendika dhumateng Mbok Tani.

Pak Tani : **“Aja lali, yen iwak wus dimasak, tangga teparo melu dirasani, diwenehi senjata sithik-sithik.”**(Wacan bocah Mbok Tani Kang Cethyl, Kalawarti Djaka Lodhang edisi 9 Januari 2016)

Ukara “Aja lali, yen iwak wus dimasak, tangga teparo melu dirasani, diwenehi senjata sithik-sithik.” Dipunanalisis miturut jinis, fungsi, saha *tingkat kesopanan tindak tutur direktif*, dipunjumbuhaken kaliyan *teori* ingkang wonten ing panaliten menika. Miturut jinisipun, ukara “Aja lali, yen iwak wus dimasak, tangga teparo melu dirasani, diwenehi senjata sithik-sithik.” Kalebets jinis ukara *permintaan sedikit menyuruh*, amargi ngemot tuturan prentah sinaosa boten ngginakaken tandha pakon (!).

Tuturan permintaan sedikit menyuruh menika taksih kalebet tuturan utawi ukara ingkang taksih sopan, amargi menawi dipuntingali saking ukaranipun, Pak Tani boten ngginakaken *nada* pawicantenan ingkang inggil. Katitik saking boten wontenipun tandha pakon (!). Wondene fungsipun inggih menika temtu kemawon kangge nyukani prentah dhumateng Mbok Tani supados nyukani ulam ingkang sampun dipunmasak.

BAB IV
ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

A. Asiling Panaliten

Asiling panaliten babagan *tingkat kesopanan tindak tutur direktif* ingkang sampun katindakaken badhe dipunandharaken wonten ing bab menika sareng kaliyan pirembaganipun. Asiling panaliten dipundharaken kanthi wujud *tabel* ingkang jumbuh kaliyan wosing prakawis saha ancasing panaliten. Andharan wonten ing pirembagan adhedhasar asiling panaliten menika. Panaliten menika kasil manggihaken jinis, fungsi, saha *tingkat kesopanan tindak tutur direktif* wonten ing *rubrik* Wacan Bocah Kalawarti Djaka Lodhang *edisi* Januari-Juni taun 2016. Ing ngandhap menika andharan jinis, fungsi, saha *tingkat kesopanan tindak tutur direktif* ingkang dipunperang dados kalih *tabel*.

Tabel 3 : Jinis saha Fungsi Tindak Tutur Direktif Wonten ing Rubrik Wacan Bocah Kalawarti Djaka Lodhang Edisi Januari-Juni Taun 2016

No.	Jinis	Cacahing Tuturan	Fungsi	Cacahing Tuturan	Tuladha Data
1.	<i>P</i>	3 tuturan	Ngengken kanthi boten langsung	3 tuturan	1/48/DL.02
2.	<i>PSS</i>	3 tuturan	Nyuwun kanthi boten langsung	1 tuturan	1/47/DL.02
			Mangajab kanthi boten langsung	1 tuturan	1/13/DL.37
			Naweni	1 tuturan	1/50/DL.02
3.	<i>PSM</i>	39 tuturan	Ngengken	19 tuturan	1/16/DL.38
					1/25/DL.42
			Ngengken sanalika	15 tuturan	1/7/DL.34
					1/12/DL.37
					1/40/DL.52
					1/44/DL.07
			Ngajak	5 tuturan	1/19/DL.40
1/34/DL.48					
					1/39/DL.50

4.	PMK	15 tuturan	Ngengken sanalika	7 tuturan	1/18/DL.40
					1/35/DL.50
					1/36/DL.50
			Meksa	3 tuturan	1/46/DL.02
					1/53/DL.03
			Ngengetaken	5 tuturan	1/31/DL.47
1/59/DL.04					
Cacahing tuturan tindak tutur direktif				60 tuturan	

Tabel 4 : Tingkat Kesopanan Tindak Tutur Direktif Wonten ing Rubrik Wacan Bocah Kalawarti Djaka Lodhang Edisi Januari-Juni Taun 2016

No.	TK	Cacahing Tuturan	Jinis	Fungsi	Cacahing Tuturan	Tuladha Data
1.	SS	4 tuturan	P	Ngengken kanthi boten langsung	1 tuturan	1/1/DL.32
			PSS	Nyuwun kanthi boten langsung	1 tuturan	1/47/DL.02
				Mangajab kanthi boten langsung	1 tuturan	1/13/DL.37
				Naweni	1 tuturan	1/50/DL.02
2.	S	36 tuturan	P	Ngengken kanthi boten langsung	2 tuturan	1/48/DL.02
			PSM	Ngengken	15 tuturan	1/16/DL.38
				Ngengken sanalika	14 tuturan	1/7/DL.34
				Ngajak	5 tuturan	1/19/DL.40
3.	KS	17 tuturan	PSM	Ngengken	4 tuturan	1/25/DL.42
				Ngengken sanalika	2 tuturan	1/42/DL.01
			PMK	Ngengken sanalika	3 tuturan	1/35/DL.50
				Meksa	3 tuturan	1/46/DL.02
			Ngengetaken	5 tuturan	1/59/DL.04	
4.	BS	3 tuturan	PMK	Ngengken sanalika	3 tuturan	1/18/DL.40

Katrangan Data	: (1/48/DL.02)
1	: Nomer <i>Tabel Lampiran</i>
48	: Nomer Urut Data Wonten ing <i>Tabel Lampiran</i>
DL.02	: Djaka Lodhang Wedalan Angka 02

Adhedhasar asiling panaliten saking tabel ing nginggil, saged dipunmangertosi bilih wonten 60 *tuturan tindak direktif* ingkang dipunpangghaken ing *rubrik* Wacan Bocah Kalawarti Djaka Lodhang *edisi* Januari-Juni taun 2016. Jinising *tindak tutur direktif* dipunperang dados sekawan inggih menika *pernyataan* wonten 3 *tuturan*, *permintaan sangat sopan* wonten 3 *tuturan*, *permintaan sedikit menyuruh* wonten 39 *tuturan*, sarta *permintaan menyuruh dengan keras* wonten 15 *tuturan*. Saking jinis menika, wonten fungsipun ukara *tindak tutur direktif* piyambak-piyambak. Fungsi *tindak tutur direktif* wonten ing *rubrik* Wacan Bocah Kalawarti Djaka Lodhang *edisi* Januari-Juni taun 2016, dipunandharaken ing ngandhap menika.

1. Jinis *tindak tutur direktif pernyataan* namung wonten setunggal fungsi, inggih menika ngengken kanthi boten langsung ingkang cacahipun wonten 3 *tuturan*.
2. Jinis *permintaan sangat sopan* gadhah fungsi nyuwun kanthi boten langsung ingkang cacahipun 1 *tuturan*, mangajab kanthi boten langsung cacahipun 1 *tuturan*, saha fungsi naweni wonten 1 *tuturan*.
3. Jinis *permintaan sedikit menyuruh* gadhah fungsi ngengken kanthi 19 *tuturan*, ngengken sanalika kanthi 15 *tuturan*, saha ngajak kanthi 5 *tuturan*.
4. Jinis ingkang pungkasan, *permintaan menyuruh dengan keras* gadhah tigang fungsi, inggih menika fungsi ngengken sanalika wonten 7 *tuturan*, meksa wonten 3 *tuturan*, saha ngengetaken wonten 5 *tuturan*.

Saking jinis, fungsi, saha saha *konteks* andharan ingkang sampun dipunpangguhaken wonten ing *rubrik* Wacan Bocah Kalawarti Djaka Lodang *edisi* Januari-Juni taun 2016, saged dipunmangertosi ugi kados menapa *tingkat kesopanan* saking *tuturan-tuturan*ipun. *Tingkat kesopanan* menika dipuntingali saking panganggening modus ukara, tembung sapa aruh utawi *pronomina persona*, tembung panandha *kesopanan*, pamilihing tembung saha panganggening undha-usuk basa, wosing andharan, saha solah bawa. *Tingkat kesopanan* menika dipunperang dados sekawan tingkatan, saking sopan sanget wonten 4 *tuturan*, sopan wonten 36 *tuturan*, kirang sopan wonten 17 *tuturan*, dumugi boten sopan ingkang cacahipun wonten 3 *tuturan*. Ing ngandhap menika andharan langkung jangkep babagan *tingkat kesopanan tindak tutur direktif* wonten ing *rubrik* Wacan Bocah Kalawarti Djaka Lodhang *edisi* Januari-Juni taun 2016.

1. Jinis ingkang kalebet *tuturan* sopan sanget wonten kalih, inggih menika jinis *pernyataan* kanthi fungsi ngengken boten langsung, cacahipun 1 *tuturan*, saha jinis *permintaan sangat sopan* kanthi fungsi nyuwun boten langsung ingkang cacahipun 1 *tuturan*, mangajab boten langsung cacahipun 1 *tuturan*, saha fungsi naweni wonten 1 *tuturan*.
2. Jinis ingkang kalebet *tuturan* sopan ugi wonten kalih jinis, inggih menika jinis *pernyataan* kanthi fungsi ngengken boten langsung, cacahipun 2 *tuturan*, saha jinis *permintaan sedikit menyuruh* kanthi fungsi ngengken wonten 15 *tuturan*, ngengken sanalika wonten 14 *tuturan*, saha ngajak wonten 5 *tuturan*.
3. Jinis ingkang kalebet *tuturan* kirang sopan wonten kalih jinis, inggih menika jinis *permintaan sedikit menyuruh* ingkang fungsipun ngengken kanthi 4

tuturan, ngengken sanalika kanthi 2 *tuturan*, saha jinis *permintaan menyuruh dengan keras* ingkang fungsipun ngengken sanalika wonten 3 *tuturan*, meksa wonten 3 *tuturan*, saha ngengetaken wonten 5 *tuturan*.

4. Jinis ingkang kalebet *tuturan* boten sopan inggih menika jinis *permintaan menyuruh dengan keras* kanthi fungsi ngengken sanalika wonten 3 *tuturan*.

Saking asiling panaliten *tingkat kesopanan* menika, saged dipunmangertosi bilih *tuturan tindak tutur direktif* wonten ing Kalawarti Djaka Lodhang *edisi* Januari-Juni taun 2016, kathah-kathahipun kalebet *tuturan* ingkang sopan. Dados, *rubrik* Wacan Bocah Kalawarti Djaka Lodhang menika saged dipunwastani minangka wacana ingkang sopan saha sae.

B. Pirembaganipun

Ing *tabel* asiling panaliten menika wonten tuladha data awujud *tuturan* minangka saperanganing wacana ingkang kalebet jinis *tindak tutur direktif*. Wondene analisis babagan jinis, fungsi, saha *tingkat kesopanan tindak tutur direktif* ingkang dipunpanggihaken wonten ing *rubrik* Wacan Bocah Kalawarti Djaka Lodhang *edisi* Januari-Juni taun 2016, dipunandharaken wonten ing *tabel lampiran*. Perangan-perangan kasebat salajengipun badhe dipunrembag kanthi jangkep wonten ing subbab *pirembagan* menika.

1. Pernyataan

Panaliten ngengingi *tingkat kesopanan tindak tutur direktif* ingkang wonten ing *rubrik* Wacan Bocah Kalawarti Djaka Lodhang *edisi* Januari-Juni taun 2016, manggihaken jinis *tingkat kesopanan tindak tutur direktif pernyataan*.

Saking ukara ingkang kalebet jinis *pernyataan* menika, gadhah fungsi ngengken kanthi boten langsung. Sayektosipun, fungsi saking jinis *pernyataan* menika boten namung fungsi ngengken. Ananging, namung fungsi ngengken saking jinis *pernyataan* ingkang dipunpanggihaken wonten ing panaliten menika. Fungsi ngengken menika temtu kemawon nedahaken ukara ingkang dipunginakaken kangge nyukani prentah dhateng *mitra tutur*. Data ing ngandhap menika minangka data asiling panaliten ingkang kalebet jinis *pernyataan* kanthi fungsi ngengken boten langsung.

(1) Ukara *konteks* : “Awan kuwi panase semelet. Pit montor boncengan cacah papat lumaku gliyak-gliyuk. Tini katon seneng sawise bubar wae piknik menyang pesisir Parangtritis”.

Tono : “**Wah wis luwe je Bu.**” (1/48/DL.02)

Koteks : Amargi wanci sampun siang, nalika sampun dugi warung, pit montor mlebet dhateng warung bakso Pak Saiman. Tono rumaos bingah sanget, pramila piyambakipun enggal-enggal pesen bakso katambah es buah.

Ukara “Wah wis luwe je Bu” wonten ing data (1) menika ngginakaken modus ukara carios. Ananging, fungsi ukara menika sayektosipun nyukani prentah dhumateng *mitra tutur* kanthi boten langsung. Ukara menika dipunandharaken dening Tono minangka *penutur* kanthi ancas supados Ibu minangka *mitra tutur* kersa pados dhaharan amargi Tono sampun luwe bibar piknik saking Parangtritis. Ancas menika saged dipunmangertosi saking *koteks* ingkang ngandharaken bilih Tono saha kulawarga enggal-enggal dhahar wonten ing warung baksonipun Pak Saiman.

Ukara ing data (1) kalebet sopan amargi ngginakaken modus ukara carios ingkang boten langsung nedahaken ancasing *penutur*, ngginakaken tembung sapa aruh “Bu”, pamilihing tembung saha undha-usuk basanipun dereng

trep, amargi undha-usuk ingkang dipunginakaken inggih menika basa ngoko alus (kadadosan saking tembung ngoko ‘iya’, ‘wis’, ‘banget’ saha tembung krama madya ‘luwe’), awit Tono menika langkung anem saking Ibu. Kedahipun undha-usuk basa ingkang trep dipunginakaken inggih menika basa krama. Wosing andharan boten damel tatuning manah *mitra tutur*. Solah bawanipun sampun trep inggih menika ngandharaken ukara kanthi alus.

2. *Permintaan sangat sopan*

Panaliten ngengingi *tingkat kesopanan tindak tutur direktif* ingkang wonten ing *rubrik* Wacan Bocah Kalawarti Djaka Lodhang *edisi* Januari-Juni taun 2016, salajengipun ugi manggihaken jinis *tingkat kesopanan tindak tutur direktif permintaan sangat sopan*. Saking ukara ingkang kalebet jinis *permintaan sangat sopan* menika, gadhah fungsi nyuwun saha mangajab kanthi boten langsung, sarta naweni. Modus ukara ingkang dipunginakaken, limrahipun ukara pitaken. *Tingkat kesopanan* ukara jinis menika kalebet saking sopan sanget dumugi sopan. Pirembagan salajengipun badhe dipunadharaken wonten ing ngandhap menika.

a. Fungsi nyuwun kanthi boten langsung

Salah satunggaling fungsi saking jinis *tingkat kesopanan tindak tutur direktif permintaan sangat sopan*, inggih menika fungsi nyuwun kanthi boten langsung. Ukara ingkang gadhah fungsi nyuwun menika dipunginakaken kangge nyuwun bab-bab tartemtu, kadosta barang utawi nyuwun pambiyantu dhateng *mitra tutur* kanthi boten langsung. Data ing ngandhap menika minangka data asiling panaliten ingkang kalebet jinis *permintaan sangat sopan* kanthi fungsi nyuwun.

- (2) *Konteks* : Dhompetipun Tono boten patiya kandel, ananging artanipun kathah amargi sampun wonten satus ewu, enggal-enggal dipunlintonaken dhateng Ibunipun. Artanipun Tono samenika cacahipun wonten kalih atusan ewu.
- Koteks* : “Bu mengko yen ganep satus ewu maneh, diijoli maneh ya!”
Tono matur marang Ibune.
“Sesuk arep kanggo tuku apa Ton?” pitakone Ibune
“Tas sing luwih jos!” semature Tono.
- Ibu : **“Lho, tase Tono nak isih apik ta? Kepiye yen tak silih sikik kanggo blanja?”** (1/47/DL.02)

Ukara “Kepiye yen tak silih sikik kanggo blanja?” wonten ing data (2) menika ngginakaken modus ukara pitaken. Ananging, fungsi ukara menika sayektosipun kangge nyuwun kanthi boten langsung dhumateng *mitra tutur*. Ukara menika dipunandharaken dening Ibu minangka *penutur* kanthi ancas supados Tono minangka *mitra tutur* kersa nyambutaken arta kangge blanja. Awit Tono kasil ngempalaken arta satus ewu, ingkang badhe dipunginakaken kangge tumbas tas. Kamangka tasipun taksih sae. Dados, Ibu nyuwun ngampil artanipun Tono kangge blanja.

Ukara ing data (2) kalebet sopan sanget amargi ngginakaken modus ukara pitaken ingkang boten langsung nedahaken ancasing *penutur*, ngginakaken tembung sapa aruh “Tono”, pamilihing tembung saha undha-usuk basanipun sampun trep inggih menika ngginakaken basa ngoko lugu, awit Ibu menika langkung sepuh tinimbang Tono. Wosing andharan boten damel tatuning manah *mitra tutur* ugi boten meksa, kabukti saking wontenipun tembung “yen”. Solah bawanipun Ibu ugi trep amargi ngandharaken ukara ugi kanthi alus.

b. Fungsi mangajab kanthi boten langsung

Salajengipun, fungsi saking jinis *tingkat kesopanan tindak tutur direktif permintaan sangat sopan*, inggih menika fungsi mangajab kanthi boten langsung.

Ukara ingkang gadhah fungsi mangajab menika dipunginakaken nalika *penutur* gadhah pangajab kanthi boten langsung dhateng *mitra tutur* supados saged nindakaken menapa ingkang dipunkersakaken *penutur*. Data ing ngandhap menika minangka data asiling panaliten ingkang kalebet jinis *permintaan sangat sopan* kanthi fungsi mangajab kanthi boten langsung.

(3) *Konteks* : Bibar dhahar, Awang lajeng tindak dhateng teras. Wonten ing teras, ibu saweg motongi botol-botol bekas.

Koteks : “Lho kok dipotongi kados mekaten niki ajenge didamel napa lho bu?” takone Awang.

Angsal pitakenan kados mekaten, Ibunipun Awang namung mesem.

Ibu : **“Wis ta Le, saiki ewangana ibu motongi botol-botol iki kaya ngene, bisa ta?”** (1/13/DL.37)

Ukara “...saiki ewangana ibu motongi botol-botol iki kaya ngene, bisa ta?” wonten ing data (3) menika ngginakaken modus ukara pitaken. Ananging, sayektosipun ing salebeting ukara menika ngemot pangajab dhumateng *mitra tutur*. Ukara “Wis ta Le, saiki ewangana ibu motongi botol-botol iki kaya ngene, bisa ta?”, dipunandharaken dening Ibu minangka *penutur* kanthi raos pangajab supados Awang minangka *mitra tutur* saged mbiyantu Ibu motongi botol-botol bekas kangge pot. Ukara ing data (3) kalebet sopan amargi ngginakaken modus ukara pitaken ingkang boten langsung nedahaken ancasing penutur, ngginakaken tembung sapa aruh “Le”, pamilihing tembung saha undha-usuk basanipun sampun trep inggih menika ngginakaken basa ngoko lugu, awit Ibu menika langkung sepuh tinimbang Tono saha solah bawanipun Ibu ngandharaken ukara kanthi alus.

c. Fungsi naweni

Fungsi ingkang dipunandharaken pungkasan saking jinis *tingkat kesopanan tindak tutur direktif permintaan sangat sopan*, inggih menika fungsi

naweni. Ukara ingkang gadhah fungsi naweni menika dipunginakaken kangge naweni dhateng *mitra tutur*, supados *mitra tutur* saged milih menapa ingkang dipunkersakaken. Data ing ngandhap menika minangka data asiling panaliten ingkang kalebet jinis *permintaan sangat sopan* kanthi fungsi naweni.

- (4) *Konteks* : Sabibaripun saking Parangtritis, Tono saha Tini rumaos luwe sanget. Lajeng Ibu ngendika dhateng Tini.
 Ibu : **“Piye Tin, nek tuku bakso nang nggone Pak Saiman kaya wingi kae, enak ta?”** (1/50/DL.02)
Koteks : “Wah, Iya Bu! Tuku bakso wae karo es!” Tini semaur seneng.

Ukara “Piye Tin, nek tuku bakso nang nggone Pak Saiman kaya wingi kae, enak ta?” wonten ing data (4) menika ngginakaken modus ukara pitaken. Ananging, fungsi ukara menika sayektosipun kangge naweni dhumateng *mitra tutur*. Ukara ing nginggil, dipunandharaken dening Ibu minangka *penutur* kanthi ancas supados Tini minangka *mitra tutur* kersa nyukani wangsulun badhe tumbas baksonipun Pak Saiman menapa boten. Saged dipunmangertosi saking *koteks* bilih Tini remen kaliyan baksonipun Pak Saiman, pramila Tini rumaos bingah sanget saha sarujuk dhahar bakso ing warungipun Pak Saiman.

Ukara ing data (4) kalebet sopan sanget amargi ngginakaken modus ukara pitaken ingkang boten langsung nedahaken ancasing *penutur*, ngginakaken tembung sapa aruh “Tini”, pamilihing tembung saha undha-usuk basanipun sampun trep inggih menika ngginakaken basa ngoko lugu, awit Ibu menika langkung sepuh tinimbang Tini. Wosing andharan boten damel tatuning manah *mitra tutur* ugi boten meksa, kabukti saking wontenipun tembung “yen” saha salah bawanipun Ibu ngandharaken ukara kanthi alus. *Penutur* gadhah pangajab supados *mitra tutur* kersa milih menapa ingkang dados kecarepanipun.

3. *Permintaan sedikit menyuruh*

Jinising *tingkat kesopanan* ingkang dipunpanggihaken wonten ing panaliten ngengingi *tingkat kesopanan tindak tutur direktif* ing rubrik Wacan Bocah Kalawarti Djaka Lodhang edisi Januari-Juni taun 2016 salajengipun, inggih menika *permintaan sedikit menyuruh*. Saking ukara ingkang kalebet jinis *permintaan sedikit menyuruh* menika, gadhah fungsi ngengken, ngengken sanalika, saha ngajak. Jinis menika sampun ngginakaken modus ukara pakon. *Tingkat kesopanan*ipun kalebet saking sopan dumugi kirang sopan, gumantung basa saha kalenggahan antawisipun *peserta tutur* piyambak. Pirembagan salajengipun badhe dipunadharaken wonten ing ngandhap menika.

a. Fungsi ngengken

Salah satunggaling fungsi saking jinis *tingkat kesopanan tindak tutur direktif permintaan sedikit menyuruh* inggih menika fungsi ngengken. Temtu kemawon ukara ingkang gadhah fungsi ngengken menika dipunginakaken kangge nyukani prentah dhateng *mitra tutur*. Ananging, *mitra tutur* saged kemawon nindakaken prentah saking *penutur* wonten ing wekdal samangke. Data ing ngandhap menika minangka data asiling panaliten ingkang kalebet jinis *permintaan sedikit menyuruh* kanthi fungsi ngengken.

(5) *Konteks* : Galepo menika gajah nem ingkang sipatipun aktif pados kawruh, kepenging mangertos babagan menapa kemawon. Ing satunggaling dinten, Galepo madosi Beruwang. Nalika sampun kepanggih, Galepo lajeng nyuwun pirsu.

Koteks : “Pak Beruwang, panganane Bajul ki apa?”
 “Aku durung tau weruh Bajul,” semauire Beruwang. “Mulane aku ya ora ngerti panganane Bajul. Aku ora weruh.”
 “Yen ngono, apike aku takon sapa ya?”

Beruwang : **“Wis ngene wae. Mlakua menyang pinggir Kali Nambran. Ing kana mesthi ana kewan sing ngerti Bajul.”**
(1/16/DL.38)

Ukara wonten ing data (5) menika sampun ngginakaken modus ukara pakon, amargi wonten tembung prentah ing salebeting ukara, inggih menika tembung “mlakua”. Fungsi ukara menika temtu dipunginakaken kanthi ancas nyukani prentah dhateng *mitra tutur*. Ukara “Wis ngene wae. Mlakua menyang pinggir Kali Nambran. Ing kana mesthi ana kewan sing ngerti Bajul.” dipunandharaken dening Pak Beruwang minangka *penutur*, kanthi ancas supados Gajah Galepo minangka *mitra tutur* mlampah dhateng pinggir lepen Kali Nambran kangge pados kewan ingkang mangertos menapa panganipun kewan Bajul.

Ukara ing data (5) kalebet sopan amargi sampun ngginakaken modus ukara ingkang langsung nedahaken ancasing *penutur*, pamilihing tembung saha undha-usuk basanipun sampun trep inggih menika ngginakaken basa ngoko lugu, awit Pak Beruwang menika langkung sepuh tinimbang Gajah Galepo. Wosing andharan boten damel tatuning manah *mitra tutur* saha solah bawanipun Pak beruwang ngandharaken ukara kanthi alus.

- (6) *Konteks* : Jaka Patohan rumaos piyambakipun badhe dipunboyong dhateng Kalingga. Piyambakipun boten kersa, lajeng nampik panglamaripun Dewi Mahdi.
- Koteks* : “Ora ngandel, ingsung ora ngandel nedya nglamar kok ngirid *sekotri* sagelar sapapan”. Ature Jaka Patohan karo unjal ambegan.
- Jaka Patohan : **“Paman, apa ngono kuwi ora ateges arep ngendharat ingsun, matura ratu gustimu, ingsun ora sudi nampa panglamare Dewi Mahdi.”** (1/25/DL.42)

Ukara wonten ing data (6) menika sampun ngginakaken modus ukara pakon, amargi wonten tembung prentah ing salebeting ukara, inggih menika tembung “matura”. Fungsi ukara menika temtu dipunginakaken kanthi ancas nyukani prentah dhateng *mitra tutur*. Ukara “Paman, apa ngono kuwi ora ateges arep ngendharat ingsun, matura ratu gustimu, ingsun ora sudi nampa panglamare Dewi Mahdi.” dipunandharaken dening Jaka Patohan minangka *penutur*, kanthi ancas supados Paman Poleng saha Paman Rameng minangka *mitra tutur* kersa matur dhateng Dewi Mahdi bilih Jaka Patohan boten kersa nampi sowanipun Dewi Mahdi ingkang ancasipun kangge nglamar.

Ukara ing data (6) kalebet kirang sopan amargi sampun ngginakaken modus ukara ingkang langsung nedahaken ancasing *penutur*, ngginakaken tembung sapa aruh “Paman Poleng saha Paman Remeng”, pamilihing tembung saha undha-usuk basanipun sampun trep inggih menika ngginakaken basa ngoko alus (kadadosan saking tembung ngoko ‘apa’, ‘kuwi’, ‘ora’ lsp kaliyan tembung krama ‘matura’. Awit Jaka Patohan menika gadhah kalenggahan ingkang langkung inggil saking *mitra tutur*ipun. Wosing andharan radi damel tatuning manah mitra tutur amargi wonten tetembungan ‘ora sudi nampa’ saha salah bawanipun Jaka Patohan ingkang ngandharaken ukara kanthi radi sereng.

b. Fungsi ngengken sanalika

Fungsi saking jinis *tingkat kesopanan tindak tutur direktif permintaan sedikit menyuruh* salajengipun inggih menika fungsi ngengken sanalika. Fungsi ngengken sanalika menika tegesipun, *penutur* nyuwun dhateng *mitra tutur* supados nindakaken prentah saking *penutur* sanalika ugi, bibar ukara

dipunandharaken. Sipat saking ukara jinis menika radi meksa. Data ing ngandhap menika minangka data asiling panaliten ingkang kalebet jinis *permintaan sedikit meyuruh* kanthi fungsi ngengken sanalika.

(7) *Konteks* : Dewi Suweni garwanipun Prabu Darmayekti, saweg gerah, boten kersa ngunjuk saha dhahar. Amargi kekajenganipun boten kasembadan dados ratu ing Maduretna.

Koteks : “Bo, boten Sinuwun, aluwung kula kabanjuta kemawon, menawi panyuwun kula boten kasembadan,” ature Dewi Suweni memelas.

Prabu

Darmayekti : **“Dhiajeng, ayo iki didhahar dhisik, dimen enggal dhangan.”**
(1/7/DL.34)

Ukara wonten ing data (7) menika sampun ngginakaken modus ukara pakon, amargi wonten perangan ukara ingkang nedahaken tembung prentah, inggih menika ukara “...ayo iki didhahar dhisik...” Ananging, fungsi ukara menika boten namung kangge nyukani prentah dhateng *mitra tutur*. Tembung “ayo” wonten ing ukara, nedahaken bilih *penutur* ugi nyuwun *mitra tutur* supados enggal-enggal nindakaken menapa ingkang dipunkersakaken *penutur*. Ukara “Dhiajeng, ayo iki didhahar dhisik, dimen enggal dhangan.” dipunandharaken dening Prabu Darmayekti minangka *penutur* kanthi ancas supados Dewi Suweni minangka *mitra tutur* enggal dhahar amrih ugi enggal dhangan saking gerahipun.

Ukara ing data (7) kalebet sopan amargi sampun ngginakaken modus ukara ingkang langsung nedahaken ancasing *penutur*, ngginakaken tembung sapa aruh “Dhiajeng”, pamilihing tembung saha undha-usuk basanipun sampun trep inggih menika ngginakaken basa ngoko alus (kadadosan saking tembung ngoko ‘iki’, ‘dhisik’, ‘dimen’ kaliyan tembung krama ‘didhahar’ saha ‘dhangan’. Awit Prabu Darmayekti gadhah kalenggahan ingkang langkung inggil saking Dewi

Suweni. Wosing andharan boten damel manah *mitra tutur* ananging asipat radi meksa, kabukti wontenipun tembung ‘ayo’. Solah bawanipun Prabu Darmayekti sampun trep inggih menika ngandharaken ukara kanthi alus.

- (8) *Konteks* : Ing wanci siang, nalika wangsul sekolah, Awang rumaos bingung awit sumerep kathah botol bekas ing plataran ngajeng griya. Awang mlebet griya saperlu gantos rasukan lajeng dhahar ing ruwang makan.
- Koteks* : “Le, maeme wis rampung apa durung?” takone Ibune.
“Sakedhik malih Bu, kirang tigang sendhok niki,” wangsulane Awang.
- Ibu : **“Ya gek gage dirampungke. Yen wis rampung mengko rewangana ibu.”** (1/12/DL.37)

Ukara wonten ing data (8) menika sampun ngginakaken modus ukara pakon, amargi wonten perangan ukara ingkang nedahaken tembung prentah, inggih menika ukara “Ya gek gage dirampungke.”. Tembung “gek gage” wonten ing ukara, nedahaken bilih *penutur* ugi nyuwun dhateng *mitra tutur* supados enggal-enggal nindakaken menapa ingkang dipunkersakaken penutur. Ukara “Ya gek gage dirampungke. Yen wis rampung mengko rewangana ibu.” dipunandharaken dening Ibu minangka *penutur* kanthi ancas supados Awang minangka *mitra tutur* enggal ngrampungaken dhaharipun lajeng mbiyantu Ibu motongi botol-botol bekas kangge pot.

Ukara ing data (8) kalebet sopan amargi sampun ngginakaken modus ukara ingkang langsung nedahaken ancasing *penutur*, pamilihing tembung saha undha-usuk basanipun sampun trep inggih menika ngginakaken basa ngoko lugu, awit Ibu menika langkung sepuh saking Cahyo. Wosing andharan boten damel tatuning manah *mitra tutur* saha solah bawanipun Ibu ingkang ngandharaken ukara kanthi alus.

(9) *Konteks* : Wangsul sekolah, Ratih lajeng gantos rasukanipun. Ratih madeg ing sangajengipun pangilon saperlu latihan ndongeng. Lajeng Sukma, mbakyunipun, nimbali Ratih.

Sukma : **“Ratih..., Ratih..., kowe nembe ngapa, Ndhuk? Kana cepet gek wijk tangan lan sikil nganti resik. Sawise kuwi gek ayo maem dhisik.”** Sukma mbakyune Ratih ngajak maem. Awit awan kuwi pancen Ratih durung maem. (1/40/DL.52)

Koteks : “Iya..., iya..., Mbak. Sedhela...,’ Ratih wangsulan seneng banget.

Ukara wonten ing data (9) menika ngginakaken modus ukara pakon, amargi wonten perangan ukara ingkang nedahaken tembung prentah, inggih menika ukara “...Kana cepet gek wijk tangan lan sikil nganti resik. Sawise kuwi gek ayo maem dhisik.” Fungsi ukara menika boten namung kangge nyukani prentah dhateng *mitra tutur*. Tembung “gek” wonten ing ukara, nedahaken bilih *penutur* menika ugi nyuwun *mitra tutur* supados enggal-enggal nindakaken menapa ingkang dipunkersakaken penutur. Ukara “Ratih..., Ratih..., kowe nembe ngapa, Ndhuk? Kana cepet gek wijk tangan lan sikil nganti resik. Sawise kuwi gek ayo maem dhisik.” dipunandharaken dening Sukma minangka *penutur* kanthi ancas supados Ratih minangka *mitra tutur* enggal-enggal reresik asta saha suku lajeng dhahar.

Ukara ing data (9) kalebet sopan amargi sampun ngginakaken modus ukara ingkang langsung nedahaken ancasing *penutur*, ngginakaken tembung sapa aruh “Ndhuk”, pamilihing tembung saha undha-usuk basanipun sampun trep inggih menika ngginakaken basa ngoko alus (kadadosan saking tembung ngoko ‘tangan’, ‘sikil’, ‘resik’, lsp kaliyan tembung krama ‘wijk’ saha ‘maem’. Awit Sukma menika langkung sepuh saking Ratih. Wosing andharan boten damel tatuning manah *mitra tutur* ananging radi meksa, kabukti wontenipun tembung

‘cepat’, ‘gek’, saha ‘ayo’. Solah bawanipun Sukma sampun trep inggih menika ngandharaken ukara kanthi alus.

(10) *Konteks* : Kodhok Kerok mireng pawincantenaning kalih manungsa ingkang saweg pados Kodhok Ijo. Kodhok Kerok lajeng medal saking rongipun kangge nyukani mangertos dhateng Kodhok Ijo.

Koteks : “Weh kodhok Kerok, takkira Kodhok Ijo. Yen Kodhok Ijo cetha wis takcekel dadi lawuh.”

Kodhok Kerok : **“Kodhok Ijo sakanca, cilaka! Cilaka!. Ayo padha enggal bubar lan ndhelik. Saka kulon kae ana manungsa loro arep nyekeli kowe kabeh.”** (1/44/DL.01)

Ukara wonten ing data (10) menika ngginakaken modus ukara pakon, amargi wonten perangan ukara ingkang nedahaken tembung prentah, inggih menika ukara “Ayo padha enggal bubar lan ndhelik.”. Nanging, sayektosipun fungsi ukara menika ugi kangge nyuwun *mitra tutur* supados engal-engal nindakaken menapa ingkang dipunkersakaken *penutur*. Ukara “Kodhok Ijo sakanca, cilaka! Cilaka!. Ayo padha enggal bubar lan ndhelik. Saka kulon kae ana manungsa loro arep nyekeli kowe kabeh.” dipunandharaken dening Kodhok Kerok minangka *penutur* kanthi ancas supados Kodhok-kodhok Ijo minangka *mitra tutur* sami bibar saha ndhelik amargi wonten manungsa ingkang saweg pados Kodhok Ijo.

Ukara ing data (10) kalebet sopan amargi sampun ngginakaken modus ukara ingkang langsung nedahaken ancasing *penutur*, ngginakaken tembung sapa aruh “sakanca”, pamilihing tembung saha undha-usuk basanipun sampun trep inggih menika ngginakaken basa ngoko lugu, awit Kodhok Kerok kaliyan Kodhok Ijo menika sapantaran, rumaket. Wosing andharan boten damel tatuning manah mitra tutur ananging radi meksa, kabukti wontenipun tetembung ‘ayo padha

enggal'. Wosing andharan gadhah ancas ingkang sae. Solah bawanipun Kodhok Kerok sampun trep inggih menika ngandharaken ukara kanthi alus.

c. Fungsi ngajak

Fungsi saking jinis *tingkat kesopanan tindak tutur direktif permintaan sedikit menyuruh* ingkang pungkasan inggih menika fungsi ngajak. Sinaosa ngangge modus ukara pakon, ananging fungsi sayektosipun kangge ngajak mitra tutur supados nindakaken menapa ingkang dipunkersakaken penutur. Sinaosa tembung-tembung ingkang dipunginakaken sami kaliyan fungsi *mendorong*, kalih fungsi menika temtu wonten bedanipun. Menawi fungsi *mendorong* menika, *penutur* radi meksa dhateng *mitra tutur*ipun supados nindakaken miturut andharanipun *penutur*. Beda kaliyan fungsi ngajak ingkang *penutur* piyambak ndherek nindakaken menapa ingkang dipunandharaken piyambakipun. Data ing ngandhap menika minangka data asiling panaliten ingkang kalebet jinis permintaan sedikit meyuruh kanthi fungsi ngajak.

(11) *Konteks* : Maong ingkang boten saged nglangi, nekad nyebur dhateng lepen.

Koteks : “Kanca-kanca,” Kungkong menehi aba-aba, karo driijin nuding aweh pratandha.

Kungkong : **“Kae Maong kerem, awake dhewe gage aweh pitulung.”**
(1/19/DL.40)

Ukara wonten ing data (11) menika ngginakaken modus ukara pakon, amargi wonten perangan ukara ingkang nedahaken tembung prentah, inggih menika ukara “...awake dhewe gage aweh pitulung.” Nanging, sayektosipun fungsi ukara menika ugi kangge ngajak *mitra tutur* supados nindakaken menapa ingkang dipunkersakaken *penutur*. Ukara “Kae Maong kerem, awake dhewe gage aweh pitulung.” dipunandharaken dening Kungkong minangka *penutur* kanthi

ancas supados Kondhok-kodhok minangka *mitra tutur* ugi sami aweh pitulungan kangge Maong ingkang kerem wonten ing lepen.

Ukara ing data (11) kalebet sopan amargi sampun ngginakaken modus ukara ingkang langsung nedahaken ancasing *penutur*, ngginakaken tembung pronomina ‘awake dhewe’, pamilihing tembung saha undha-usuk basanipun sampun trep inggih menika ngginakaken basa ngoko lugu, awit Kungkong kaliyan kadang Kodhok menika sapantaran, rumaket. Wosing andharan boten damel tatuning manah *mitra tutur* ananging radi meksa, kabukti wontenipun tembung ‘gage’. Solah bawanipun Kungkong sampun trep inggih menika ngandharaken ukara kanthi alus.

- (12) Ukara *konteks* : “Kuntul ngulu idu. Sejatine, napsu wus kepengin banget mangan anak welut iku. Ananging bisa dipeper. Kuntul kandha yen kepengin njoged bareng karo para kewan banyu lan mligine karo anak welut”.
- Koteks* : “Ah, anakmu katon lucu banget, Welut. Sesuk mesthi bakal bisa dadi welut kang gedhe lan rosa.....”
- Kuntul : **“Saiki ayo padha jogedan bareng, anak-anakmu kareben njoged ing sacedhakku.”** (1/34/DL.48)

Ukara wonten ing data (12) menika ngginakaken modus ukara pakon, amargi wonten perangan ukara ingkang nedahaken tembung prentah, inggih menika ukara “Saiki ayo padha jogedan bareng,...”. Nanging, sayektosipun fungsi ukara menika ugi kangge ngajak *mitra tutur* supados nindakaken menapa ingkang dipunkersakaken *penutur*. Ukara “Saiki ayo padha jogedan bareng, anak-anakmu kareben njoged ing sacedhakku.” dipunandharaken dening Kuntul minangka *penutur* kanthi ancas supados para kewan banyu minangka *mitra tutur* ugi sami jejogedan rame-rame sareng kaliyan anak-anak welut.

Ukara ing data (12) kalebet sopan amargi sampun ngginakaken modus ukara ingkang langsung nedahaken ancasing *penutur*, pamilihing tembung saha undha-usuk basanipun sampun trep inggih menika ngginakaken basa ngoko lugu, awit Kuntul kaliyan para kewan banyu menika sapantaran, rumaket. Wosing andharan boten damel tatuning manah Solah bawanipun Kungkong sampun trep inggih menika ngandharaken ukara kanthi alus.

(13) *Konteks* : Meong Ireng badhe ndadosaken Kodhok Ijo minangka pangananipun. Lajeng Pak saha Mbok Kodhok Ijo badhe nyuwun pitulungan dhateng Kodhok Kerok ingkang gadhah wisa. Ananging, Mbok Kodhok Ijo boten pitados menawi Kodhok Kerok wantun nglawan Meong Ireng.

Koteks : “Yen duwe racun utawa wisa sing kaya mangkono njur ngapa? Apa Kodhok Kerok kuwi ya wani mungsuh bangsane kucing kaya Meong Ireng kae?....”

Pak Kodhok : **“Mbok aja kesusu duwe panemu kaya ngono. Sapa ngerti mengko bakal ana dalan. Wis ayo tata-tata mara ana rongge Pak lan Mbok Kodhok Kerok.”** (1/39/DL.51)

Ukara wonten ing data (13) menika ngginakaken modus ukara pakon, amargi wonten perangan ukara ingkang nedahaken tembung prentah, inggih menika ukara “Wis ayo tata-tata mara ana rongge Pak lan Mbok Kodhok Kerok.”. Nanging, sayektosipun fungsi ukara menika ugi kangge ngajak *mitra tutur* supados nindakaken menapa ingkang dipunkersakaken *penutur*. Ukara “Mbok aja kesusu duwe panemu kaya ngono. Sapa ngerti mengko bakal ana dalan. Wis ayo tata-tata mara ana rongge Pak lan Mbok Kodhok Kerok.” dipunandharaken dening Pak Kodhok Ijo minangka *penutur* kanthi ancas supados Mbok Kodhok Ijo minangka *mitra tutur* ugi sami tata-tata dhateng rongipun Pak saha Mbok Kodhok Kerok saperlu nyuwung tulung kangge nglawan Meong Ireng ngginakaken wisa Kodhok Kerok.

Ukara ing data (13) kalebet sopan amargi sampun ngginakaken modus ukara ingkang langsung nedahaken ancasing *penutur*, ngginakaken tembung panandha kesopanan ‘mbok’, pamilihing tembung saha undha-usuk basanipun sampun trep inggih menika ngginakaken basa ngoko lugu, awit Pak Kodhok Ijo menika bojonipun Mbok Kodhok Ijo. Wosing andharan boten damel tatuning manah *mitra tutur* ananging radi meksa, kabukti wontenipun tetembung ‘wis ayo tata-tata’. Solah bawanipun Pak Kodhok Ijo sampun trep inggih menika ngandharaken ukara kanthi alus.

4. *Permintaan menyuruh dengan keras*

Panaliten ngengingi *tingkat kesopanan tindak tutur direktif* ingkang wonten ing *rubrik* Wacan Bocah kalawarti Djaka Lodhang *edisi* Januari-Juni taun 2016, ingkang pungkasan manggihaken jinis *tingkat kesopanan tindak tutur direktif permintaan menyuruh dengan keras*. Saking ukara ingkang kalebet jinis *permintaan menyuruh dengan keras*, gadhah fungsi ngengken sanalika, meksa, saha ngengetaken. Modus ukara ingkang dipunginakaken temtu kemawon ukara pakon. Limrahipun ukara ingkang dipunandharaken ugi ngginakaken *nada* inggil kanthi titikan tandha pakon (!) wonten ing pungkasaning ukara. Tingkat kesopanan jinis ukara menika kalebet kirang sopan dumugi boten sopan, gumantung dhateng sinten *penutur* ngandharaken ukaranipun. Pirembagan salajengipun badhe dipunadharaken wonten ing ngandhap menika.

a. Fungsi ngengken sanalika

Fungsi ingkang pisanan saking jinis *tingkat kesopanan tindak tutur direktif permintaan menyuruh dengan keras* inggih menika fungsi ngengken

sanalika. Fungsi ngengken sanalika menika tegesipun *penutur* nyuwun supados *mitra tutur* nindakaken prentah sanalika ugi, bibar ukara pakon dipunandharaken dening *penutur* kanthi *nada* andharan ingkang inggil. Data ing ngandhap menika minangka data asiling panaliten ingkang kalebet jinis *permintaan menyuruh dengan keras* kanthi fungsi ngengken sanalika.

- (14) Ukara *konteks* : “Maong, salah wijining kucing kang wulune endah, buntute njenthar, lan mripate biru kecu nengsemake. Mung kaendahan mau beneh karo perilakune kang congkak tur sombong. Dheweke ora ngajeni marang liyan.”
- Maong : “**Awakmu reged, ambune ora enak. Kana ngalih!**”
(1/18/DL.40)
- Koteks* : “Kaya-kaya wis paling apik, ora ana sing nandhingi kandahan wulune.”

Ukara wonten ing data (14) menika ngginakaken modus ukara pakon. Katingal saking ukara “Kana ngalih!”. Tandha (!) wonten ing pungkasaning ukara nedahaken ukara pakon ingkang dipunandharaken dening *penutur* kanthi *nada* inggil ugi nedahaken bilih *penutur* nyuwun *mitra tutur* supados nindakaken menapa ingkang dipunkersakaken *penutur* sanalika ugi, bibar ukara pakon menika dipunandharaken dening *penutur*. Ukara “Awakmu reged, ambune ora enak. Kana ngalih!” dipunandharaken dening Meong minangka *penutur* dhumateng Berang-berang minangka *mitra tutur* supados boten caket-caket Maong. Awit Maong rumaos paling sae, boten wonten ingkang nandhingi kaendahan wulunipun.

Ukara ing data (14) kalebet boten sopan amargi sampun ngginakaken modus ukara ingkang langsung nedahaken ancasing *penutur*, pamilihing tembung saha undha-usuk basa ngoko lugu boten trep amargi Maong kaliyan Berang-berang menika nembe kemawon kepanggih, boten akrab. Wosing andharan damel

tatuning manah *mitra tutur* saha asipat meksa. Solah bawanipun Maong boten trep awit ngandharaken ukara kanthi nada inggil saha ngasoraken mitra tutur.

(15) *Konteks* : Ing satunggaling wengi, pitik-pitik Babon sami kempal pirembagan babagan Jago ingkang badhe dipundadosaken raja kewan.

Koteks : “Pancen hebat Jago kuwi,” sahute Babon Blorok. “Nanging, ing alas kana ana Luwak sing uga hebat. Yen Jago bisa ngalahake Luwak, aku setuju Jago didadekake raja.” Bab iku sesuk arep dikandhake marang Jago.

Jago : **“Aku wani. Sepira karosane Luwak. Ayo, terna aku nyang omahe Luwak!”** (1/35/LD.50)

Ukara wonten ing data (15) menika ngginakaken modus ukara pakon. Katingal saking ukara Ayo, terna aku nyang omahe Luwak!”. Tandha (!) wonten ing pungkasaning ukara nedahaken ukara pakon ingkang dipunandharaken dening penutur kanthi *nada inggil*. Tembung ‘ayo’ nedahaken bilih *penutur* nyuwun *mitra tutur* supados nindakaken menapa ingkang dipunkersakaken *penutur* sanalika ugi, bibar ukara pakon menika dipunandharaken dening *penutur*. Ukara “Aku wani. Sepira karosane Luwak. Ayo, terna aku nyang omahe Luwak!” dipunandharaken dening Jago minangka *penutur* dhumateng para Babon minangka *mitra tutur* supados ngateraken Jago dhateng griyanipun Luwak saperlu badhe ngejak tandhing Luwak.

Ukara ing data (15) kalebet kirang sopan amargi sampun ngginakaken modus ukara ingkang langsung nedahaken ancasing *penutur*, pamilihing tembung saha undha-usuk basanipun sampun trep inggih menika ngginakaken basa ngoko lugu, awit Jago kaliyan para Babon menika sapantaran, rumaket. Wosing andharan boten damel tatuning manah *mitra tutur* ananging radi meksa, kabukti

wontenipun tembung ‘ayo’. Solah bawanipun Jago boten trep amargi ngandharaken ukara kanthi nada inggil saha sombong.

(16) *Konteks* : Ing satunggaling dinten, Kucing klekaran wonten ing latar sinambi ngraosaken angetipun srengenge wanci enjing. Jago boten sarujuk kaliyan patrapipun Kucing. Pramila, Jago paring prentah dhateng Kucing supados tindak saking latar, amargi piyambakipun badhe pados pakan. Ananging Kucing boten kersa.

Koteks : “Wegah,” semau Kucing. “Kowe goleka pangan neng kebon kana. Karo meneh, neng latar sing resik iki ora ana bangsane walang utawa cacing pangananmu.”

Jago : **“Ing kene sing kuwasa ngatur aku, dudu kowe. Ayo lunga!”**
Yen ora, rasakna cakarku iki.” (1/36/DL.50)

Ukara wonten ing data (16) menika ngginakaken modus ukara pakon. Katingal saking ukara “Ing kene sing kuwasa ngatur aku, dudu kowe. Ayo lunga!”. Tandha (!) wonten ing pungkasaning ukara nedahaken ukara pakon ingkang dipunandharaken dening penutur kanthi *nada* inggil. Tembung ‘ayo’ nedahaken bilih *penutur* nyuwun *mitra tutur* supados nindakaken menapa ingkang dipunkersakaken *penutur* sanalika ugi, bibar ukara pakon menika dipunandharaken dening *penutur*. Ukara “Ing kene sing kuwasa ngatur aku, dudu kowe. Ayo lunga!” Yen ora, rasakna cakarku iki.” dipunandharaken dening Jago minangka *penutur* dhumateng Kucing minangka *mitra tutur* supados tindak saking latar nalika Kucing saweg klekaran ngraosaken angetipun srengenge. Jago rumaos piyambakipun ingkang gadhah kuwaos wonten ing tlatah mriku.

Ukara ing data (16) kalebet boten sopan amargi sampun ngginakaken modus ukara ingkang langsung nedahaken ancasing *penutur*, pamilihing tembung saha undha-usuk basa ngoko lugu boten trep awit Jago kaliyan Kucing menika nembe tepang, boten akrab. Wosing andharan damel tatuning manah *mitra tutur*.

Solah bawanipun Jago boten trep amargi ngandharaken ukara kanthi nada inggil saha sombong.

b. Fungsi meksa

Fungsi ingkang salajengipun saking jinis *tingkat kesopanan tindak tutur direktif permintaan menyuruh dengan keras* inggih menika fungsi meksa. Fungsi meksa menika dipunginakaken kangge meksa *mitra tutur*, kersa boten kersa, *mitra tutur* kedah nindakaken menapa ingkang dipunkersakaken *penutur*. Data ing ngandhap menika minangka data asiling panaliten ingkang kalebet jinis *permintaan menyuruh dengan keras* kanthi fungsi meksa.

(17) *Konteks* : Tono saha Tini ndherek Bapak Ibu nyuwun pangapunten dhateng tangga tepalih nalika riyadi.

Tono : **“Tin, mengko nek diwenahi dhuwit saka Mbah Canden, pokoke bagi-bagi lho!”** (1/46/DL.02)

Koteks : “Yoh!” wangsulane Tini.

Ukara wonten ing data (17) menika ngginakaken modus ukara pakon. Katingal saking ukara “pokoke bagi-bagi lho!”. Tandha (!) wonten ing pungkasaning ukara ugi nedahaken ukara pakon ingkang dipunandharaken dening *penutur* kanthi *nada* inggil ananging boten kanthi raos nesu. Sayektosipun, fungsi ukara ing nginggil boten namung nyukani prentah, ananging ugi gadhah ancas meksa *mitra tutur*. Saged dipunmangertosi saking tembung “pokoke”. Ukara “Tin, mengko nek diwenahi dhuwit saka Mbah Canden, pokoke bagi-bagi lho!” dipunandharaken dening Tono minangka *penutur* dhumateng Tini minangka *mitra tutur* supados kersa boten kersa, Tini kedah nyukani arta ingkang dipunsukani Mbah Canden nalika dinten riyadi.

Ukara ing data (17) kalebet kirang sopan amargi sampun ngginakaken modus ukara ingkang langsung nedahaken ancasing *penutur*, pamilihing tembung saha undha-usuk basa ngoko lugu trep awit Tono menika langkung sepuh saking Tini. Wosing andharan boten damel tatuning manah *mitra tutur* ananging asipat meksa, katitik saking tembung ‘pokoke’. Solah bawanipun Tono kirang trep amargi ngandharaken ukara kanthi *nada* inggil.

(18) *Konteks* : Nalika Nabila saweg maos buku, Ibunipun lajeng nimbali Nabila kangge mbiyantu Ibu. Ananging, Nabila boten semaur.

Koteks : “Kowe krungu pora to?!” ngendikane Ibuke karo nyedhaki Nabila.

“Krungu!” wangsulane Nabila karo isih maca buku.

Ibu : **“Yen krungu, ngapa kok ora semaur? Ayo tulungi Ibuk dhisik!”** (1/53/DL.03)

Ukara wonten ing data (18) menika ngginakaken modus ukara pakon. Katingal saking ukara “Ayo tulungi Ibuk dhisik!”. Tandha (!) wonten ing pungkasaning ukara ugi nedahaken ukara pakon ingkang dipunandharaken dening *penutur* kanthi *nada* inggil ananging boten kanthi raos nesu. Sayektosipun, fungsi ukara ing nginggil boten namung nyukani prentah, ananging ugi gadhah ancas meksa *mitra tutur*. Saged dipunmangertosi saking tembung “Ayo”. Ukara “Yen krungu, ngapa kok ora semaur? Ayo tulungi Ibuk dhisik!” dipunandharaken dening Ibu minangka *penutur* dhumateng Nabila minangka *mitra tutur* supados kersa boten kersa, Nabila kedah mbiyantu Ibu nyepakaken uba rampe kangge buka pasa. Kamangka Nabila saweg maos bukunipun Dita.

Ukara ing data (18) kalebet kirang sopan amargi sampun ngginakaken modus ukara ingkang langsung nedahaken ancasing *penutur*, pamilihing tembung saha undha-usuk basa ngoko lugu trep awit Ibu menika langkung sepuh saking

Nabila. Wosing andharan damel tatuning manah *mitra tutur*, kabukti wonten ing katrangan ukara salajengipun, Nabila lajeng mbanting buku ingkang saweg dipunwaos. Andharan ugi asipat meksa, katitik saking tembung ‘ayo’. Solah bawanipun Ibu kirang trep amargi ngandharaken ukara kanthi *nada* inggil.

c. Fungsi ngengetaken

Fungsi ingkang pungkasan saking jinis *tingkat kesopanan tindak tutur direktif permintaan menyuruh dengan keras* inggih menika fungsi ngengetaken. Fungsi ngengateken menika dipunginakaken kangge nyukani pangendet-enget saha piweling dhumateng *mitra tutur* supados nindakaken menapa ingkang dados piweling saking *penutur*. Data ing ngandhap menika minangka data asiling panaliten ingkang kalebet jinis *permintaan menyuruh dengan keras* kanthi fungsi ngengetaken.

- (19) *Konteks* : Ing satunggaling enjing, Kuntul saweg pados panganan. Piyambakipun lajeng mencok ing sisihing Tlaga Tirta. Badher Abang ingkang dados tetunggulipun para kewan banyu, lajeng nyukani dhawuh dhateng para kewan banyu.
- Badher
Abang : **“Sedulur-sedulur, padha mangertia menawi saiki ana kuntul lagi slulup ing tlagane. Padha enggal mlebu rong sing jero, aja lali anak-anakmu diajak dhelik, aja nganti nemu tiwas!”** (1/31/DL.47)
- Koteks* : “Nggiiih,” wangsulane iwak, yuyu, kodhok, lsp. Banjur padha nglangi banter ngirit anak-anake lan para sadulure sing isih cilik-cilik mlebu ing rong.

Ukara wonten ing data (19) menika ngginakaken modus ukara pakon. Katingal saking ukara “Padha enggal mlebu rong sing jero..”. Tandha (!) wonten ing pungkasaning ukara ugi nedahaken ukara pakon ingkang dipunandharaken dening *penutur* kanthi *nada* inggil ananging boten kanthi raos nesu. Sayektosipun, fungsi ukara ing nginggil boten namung nyukani prentah, ananging ugi gadhah

ancas nyukani piweling dhumateng *mitra tutur*. Ukara “Sedulur-sedulur, padha mangertia menawi saiki ana kuntul lagi slulup ing tлага kene. Padha enggal mlebu rong sing jero, aja lali anak-anakmu diajak dhelik, aja nganti nemu tiwas!” dipunandharaken dening Badher Abang minangka *penutur* dhumateng kewan-kewan banyu minangka *mitra tutur* supados sami ndhelik wonten ing rengipun amargi wonten Kuntul. Badher Abang ugi nyukani piweling supados para kewan banyu boten kesupen kaliyan anak-anakipun amrih boten nemu tiwas amargi dados panganipun Kuntul.

Ukara ing data (19) kalebet kirang sopan amargi sampun ngginakaken modus ukara ingkang langsung nedahaken ancasing *penutur*. Pamilihing tembung saha undha-usuk basa trep inggih menika basa ngoko lugu, awit Badher Abang menika minangka sesepuh ingkang dipunajeni dening para kewan banyu. Wosing andharan boten damel tatuning manah *mitra tutur*, nyukani piweling, asipat radi meksa katitik saking tembung ‘padha enggal’. Solah bawanipun Badher Abang trep sinaosa ngandharaken kanthi nada inggil ananging boten nesu.

(20) *Konteks* : Ing satunggaling dinten, Cahyo nemokaken arta seket ewu nalika mlampah-mlampah ing pesisir Parangtritis. Lajeng Cahyo matur dhateng kulawarganipun bilih piyambakipun nemokaken arta.

Koteks : “Iki aku nemu dhuwit seket ewu rupiyah!” kandhane sinambi nuduhake marang sedulure karo mlaku alon-alon.

Kakang,
Mbakyu,
saha
Ibunipun

Cahyo : **“Ya engga! Disimpen maneh! Aja ditukokake, mengko gek ana kanca sing kelangan!”** (1/59/DL.04)

Ukara wonten ing data (20) menika ngginakaken modus ukara pakon. Tandha (!) wonten ing pungkasaning ukara ugi nedahaken ukara pakon ingkang

dipunandharaken dening *penutur* kanthi *nada* inggil ananging boten kanthi raos nesu. Sayektosipun, fungsi ukara ing nginggil gadhah ancas nyukani piweling dhumateng *mitra tutur*. Ukara “Ya engga! Disimpen maneh! Aja ditukokake, mengko gek ana kanca sing kelangan!” dipunandharaken dening kakang, mbakyu, saha Ibunipun Cahyo minangka *penutur* dhumateng Cahyo minangka *mitra tutur* supados nyimpen arta ingkang dipuntemokaken Cahyo awit samangke mbok bilih wonten tiyang ingkang gadhah arta kasebut.

Ukara ing data (20) kalebet kirang sopan amargi sampun ngginakaken modus ukara ingkang langsung nedahaken ancasing *penutur*, pamilihing tembung saha undha-usuk basanipun trep inggih menika ngoko lugu awit kakang, mbakyu, saha Ibunipun Cahyo langkung sepuh saking Cahyo. Wosing andharan boten damel tatuning manah *mitra tutur*. Solah bawanipun kirang trep amargi ngandharaken ukara kanthi *nada* inggil sinaosa ngengetaken.

Saking andharaning pirembagan, saged dipunmangetosi bilih anggenipun nemtokaken *tingkat kesopanan* menika sasanipun ngginakaken nem titikan *kesopanan*, ugi kedah nggatosaken *konteks* andharan. Nem titikan *kesopanan* menika boten gumathok, namung minangka referensi. Dados, andharan ingkang sopan sanget boten kedah wonten nem titikan kesopanan, ananging kedah jumbuh saha trep kaliyan *konteks* andharan.

BAB V PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar saking asiling panaliten saha pirembagan babagan *Tingkat kesopanan tindak tutur direktif* wonten ing *rubrik* Wacan Bocah Kalawarti Djaka Lodhang *edisi* Januari-Juni taun 2016, saged dipunpendhet dudutan ingkang badhe kaandharaken wonten ing bab menika. Ing asiling panaliten, kapanggihaken jinis, fungsi, saha *tingkat kesopanan tindak tutur direktif* ingkang dipunadharaken kanthi jangkep kados ing ngadhap menika.

1. Jinis *tindak tutur direktif* wonten ing *rubrik* Wacan Bocah Kalawarti Djaka Lodhang *edisi* Januari-Juni taun 2016 menika wonten sekawan, inggih menika wedharan (*pernyataan*), panuwun kanthi sopan sanget (*permintaan sangat sopan*), panuwun kanthi cara radi ngengken (*permintaan sedikit menyuruh*), saha panuwun kanthi ngengken (*permintaan menyuruh dengan keras*).

a. Pernyataan

Pernyataan inggih menika *tuturan* ingkang ancasipun supados *mitra tutur* menika nindakaken satunggaling bab ingkang dipunandharaken dening *penutur*. Modus ukara ingkang dipunginakaken inggih menika ukara pawartos utawi ukara carios. Dados, *penutur* boten langsung nyukani prentah dhateng *mitra tutur*, awit modus ukara ingkang dipunginakaken sanes ukara pakon. Jinis menika nedahaken wujud *nonkonvensional* (ukara boten langsung) saking ukara carios. *Tuturan* menika kalebet wujuding *tindak tutur direktif* ingkang nedahaken *tingkat kesopanan* utawi *skala kesopanan* saking sopan sanget dumugi sopan.

b. Permintaan sangat sopan

Permintaan sangat sopan inggih menika *tuturan* ingkang ancasipun supados *mitra tutur* nindakaken satunggaling bab utawi nyukani menapa kemawon saged arupi barang ingkang dipunkersakaken *penutur*. Modus ukara ingkang dipunginakaken inggih menika ukara pitaken ingkang limrahipun ngginakaken tandha pitaken (?) wonten ing pungkasaning ukara. Ukara pitaken menika dipunginakaken supados panyuwuning *penutur* menika langkung sopan saha alus. Wonten ing jinis menika, ukara pitaken ugi gadhah wujud *nonkonvensional* (ukara boten langsung). Andharan menika nedahaken bilih *tuturan permintaan sangat sopan* kalebet *tuturan ingkang tingkat kesopanan* utawi *skala kesopananipun* saking sopan sanget dumugi sopan.

c. Permintaan sedikit menyuruh

Permintaan sedikit menyuruh inggih menika *tuturan* ingkang ancasipun supados *mitra tutur* nindakaken satunggaling bab utawi nyukani menapa kemawon saged arupi barang ingkang dipunkersakaken *penutur*. Modus saha maksud ukara ingkang dipunginakaken menika awujud ukara pakon. Ukara kasebat limrahipun sampun ngginakaken tembung-tembung pakon (tembung kanthi panambang -a, -ana, saha -kna sarta ater-ater di-), nanging taksih dipunandharaken mawi *nada* ingkang sopan. *Nada* ingkang sopan menika katitik saking boten wontenipun tandha pakon (!) ing pungkasaning ukara. Sayektosipun, wujud ukara pakon ingkang kados mekaten kalebet wujud ingkang boten baku. Wujud menika minangka wujud lesan ingkang dipunserat. Saengga *tuturan* menika nedahaken *tingkat kesopanan* saking sopan dumugi kirang sopan.

d. *Permintaan menyuruh dengan keras*

Permintaan menyuruh dengan keras inggih menika *tuturan* ingkang ancasipun supados *mitra tutur* nindakaken menapa ingkang dados kekajenganing *penutur*. Modus saha maksud ukara ingkang dipunginakaken inggih menika ukara pakon. Ukara kasebat ngginakaken tembung-tembung pakon ingkang dipunandharaken mawi *nada* inggil dhateng *mitra tutur*. Bab menika limrahipun saged dipuntingali saking ukara ingkang ngginakaken tandha pakon (!). *Tingkat kesopanan* ukara jinis menika kalebet saking kirang sopan dumugi boten sopan.

Sekawan kategori menika dipunpilah andhedhasar saking wujud utawi modus ukara ingkang dipunginakaken. Panganggening wujud-wujud menika ugi gumantung ancas saking *penutur* piyambak.

2. Jinis-jinis *tindak tutur direktif* ingkang dipunpanggihaken ugi gadhah fungsi piyambak-piyambak gumantung ancasing *penutur*. Ing ngandhap menika andharan babagan fungsi *tindak tutur direktif* wonten ing *rubrik* Wacan Bocah Kalawarti Djaka Lodhang *edisi* Januari-Juni taun 2016.

a. Fungsi *tindak tutur direktif pernyataan*

Tindak tutur direktif pernyataan gandhah fungsi antawisipun; ngengken, nyuwun ngampil, saha nyumanggakaken, kanthi boten langsung. Ananging, fungsi ingkang dipunpanggihaken ing panaliten menika, namung fungsi ngengken kanthi boten langsung. Fungsi ngengken kanthi boten langsung inggih menika kangge nedahaken *tuturan* ingkang ancasipun nyukani prentah dhateng *mitra tutur*. Sinaosa wujud saha modus ukaranipun kalebet ukara carios,

ananging fungsipun kangge nyukani prentah dhumateng *mitra tutur* supados nindakaken menapa ingkang dipunkersakaken *penutur*.

b. Fungsi *tindak tutur direktif permintaan sangat sopan*

Tindak tutur direktif permintaan sangat sopan gadhah fungsi antawisipun; nyuwun saha mangajab kanthi boten langsung, sarta naweni . Fungsi nyuwun kanthi boten langsung inggih menika kangge nedahaken *tuturan* dhateng *mitra tutur*, supados *penutur* pikantuk menapa ingkang dipunkersakaken. Sinaosa wujud saha modus ukara kalebet ukara pitaken, ananging *penutur* ngandharaken ukara menika supados *mitra tutur* kersa nyukani menapa ingkang dados kekajenganipun *penutur*. Fungsi nyuwun menika ugi kangge nedahaken *tuturan* ingkang maksudipun nyuwun kanthi raos ngajeni dhateng *mitra tutur*, supados *mitra tutur* nindakaken satunggaling bab ingkang dipunkersakaken *penutur*.

Fungsi mangajab kanthi boten langsung inggih menika kangge nedahaken *tuturan* ingkang ngemot ancas panyuwunan dhateng *mitra tutur*, supados menapa ingkang dipunkersakaken *penutur* dipuntindakaken dening *mitra tutur*. Sinaosa wujud saha modus ukaranipun pitaken, ananging *penutur* sayektosipun gadhah pangajab supados *mitra tutur* kersa nindakaken menapa ingkang dipunandharaken *penutur*. Fungsi naweni inggih menika kangge nedahaken *tuturan* ingkang ngemot ancas nyukani pilihan dhateng *mitra tutur*, supados *mitra tutur* saged milih satunggaling bab ingkang jumbuh kaliyan kekajenganing *mitra tutur*.

c. Fungsi *tindak tutur direktif permintaan sedikit menyuruh*

Tindak tutur direktif permintaan sedikit menyuruh gadhah fungsi antawisipun; ngengken, ngengken sanalika, saha ngajak. Fungsi ngengken inggih menika kangge nedahaken *tuturan* dhateng *mitra tutur*, supados *mitra tutur* nindakaken menapa ingkang dipunandharaken *penutur*. *Mitra tutur* saged nindakaken prentah saking *penutur* wonten ing wekdal samangke. Fungsi ngengken sanalika menika sami kaliyan fungsi ngengken. Bedanipun, fungsi ngengken sanalika nedahaken *penutur* ingkang nyuwun dhumateng *mitra tutur* supados nindakaken prentah sanalika ugi, bibar ukara pakon dipunandharaken dening *penutur*. Fungsi ngajak inggih menika kangge nedahaken *tuturan* dhateng *mitra tutur*, supados *mitra tutur* ugi ndherek dhateng papan tartamtu utawi nindakaken satunggaling bab ingkang dipunkersakaken *penutur*.

d. Fungsi *tindak tutur direktif permintaan menyuruh dengan keras*

Tindak tutur direktif menyuruh dengan keras gadhah fungsi antawisipun; ngengken sanalika, meksa, saha ngengetaken. Fungsi ngengken sanalika nedahaken *penutur* ingkang nyuwun dhumateng *mitra tutur* supados nindakaken prentah sanalika ugi, bibar ukara pakon dipunandharaken dening *penutur*. Fungsi meksa inggih menika kangge nedahaken *tuturan* dhateng *mitra tutur*, supados kersa boten kersa, *mitra tutur* nindakaken menapa ingkang dipunandharaken *penutur*. Fungsi ngengetaken inggih menika kangge nedahaken *tuturan* ingkang ancasipun nyukani piweling dhateng *mitra tutur* kanthi teges saha tumemen, supados *mitra tutur* nindakaken kadosdene ingkang sampun dipununandharaken *penutur*.

Saking andharan menika saged dipunmangertosi bilih saben jinis *tindak tutur direktif* gadhah fungsi ingkang beda-beda, gumantung ancas saha maksud andharan ingkang dipunandharaken dening *penutur*. Ing salebeting andharan saking *penutur*, wonten pangajab supados *mitra tutur* nindakaken satunggaling tumindak ingkang dipunkersakaken *penutur*.

3. *Tingkat kesopanan tindak tutur direktif* ingkang dipunpanggihaken ing panaliten menika wonten sekawan kategori, inggih menika sopan sanget, sopan, kirang sopan, saha boten sopan. Ing ngandhap menika titikan kesopanan *tindak tutur direktif*.

- a. Panganggening modus ukara ingkang boten langsung nedahaken ancasing *penutur*.
- b. Ngginakaken tembung sapa aruh utawi *pronomina persona*.
- c. Ngginakaken tembung-tembung panandha *kesopanan*, kadosta tembung nuwun sewu, mangga, coba, tempung umpami, mbok, lan sapanunggalipun.
- d. Pamilihing tembung sampun jumbuh kaliyan kawontenan saha panganggening undha-usuking basa sampun trep.
- e. Wosing andharan boten damel tatuning manahipun mitra tutur saha boten asipat meksa.
- f. Solah bawanipun sampun trep.

Titikan *kesopanan* ing nginggil saged dipunginakaken minangka *indikator* kangge nemtokaken tataraning *kesopanan* satunggaling andharan. Kategori andharan ingkang kalebet sopan sanget, gadhah nem titikan kados ing nginggil. Titikan andharan ingkang sopan namung sami saking titikan kaping

kalih dumugi nem, amargi sampun ngginakaken modus ukara ingkang langsung nedahaken ancasing *penutur*. Titikan kirang sopan inggih menika ngginakaken modus ukara langsung, boten ngginakaken tembung sapa aruh saha panandha kesopanan, pamilihing tembung jumbuh kaliyan kawontenan ananging undhausuk boten trep, andharan boten damel tatuning manah anaging meksa, solah bawa trep. Wondene titikan andharan ingkang boten sopan, inggih menika andharan ingkang boten gadhah *indikator kesopanan* kados ing nginggil.

B. Implikasi

Panaliten menika saged nambahi cacahing panaliten ing *bidang* pragmatik, mliginipun babagan *tingkat kesopanan tindak tutur direktif*. Panaliten menika kaajab saged kangge *referensi* mahasiswa sanes mliginipun mahasiswa Pendidikan Bahasa Jawa ing bab pragmatik menapa dene *tingkat kesopanan tindak tutur direktif* supados langkung ngrembaka. Panaliten menika kaajab saged nyukani kawruh kangge sinten kemawon ingkang maos supados saged mangertosi menapa kemawon jinis, fungsi, saha *tingkat kesopanan tindak tutur direktif*. Panaliten menika ugi saged dipunginakaken minangka indikator pawicantenan ingkang sopan.

C. Pamrayogi

Panaliten babagan *tingkat kesopanan tindak tutur direktif* wonten ing *rubrik* Wacan Bocah Kalawarti Djaka Lodhang *edisi* Januari-Juni taun 2016 menika taksih kathah kekiranganipun, amargi kirangipun *referensi* utawi

seserepan saking panaliti. Panaliten menika namung ngandharaken babagan *tingkat kesopanan tindak tutur direktif* wonten ing *rubrik* Wacan Bocah Kalawarti Djaka Lodhang, kamangka ing Wacan Bocah menika taksih kathah jinis-jinis *tindak tutur* sanes ingkang saged dipuntliti malih. Wonten ing Kalawarti Djaka Lodhang menika ugi taksih kathah wacana-wacana saha *rubrik* basa Jawi ingkang saged dipunginakaken minangka objek panaliten. Panaliti ugi gadhah pamanggih bilih panaliten babagan *tingkat kesopanan* menika wigatos sanget, pramila panaliti gadhah pangajab muging wonten panaliten sanes ingkang saged ngrembakakaken panaliten babagan *tingkat kesopanan*. Tuladhanipun panaliten *tingkat kesopanan tindak tutur asertif, komisif, ekspresif, menapa deklarasi*. Utawi saged ugi nliti *tingkat kesopanan tindak tutur direktif* kanthi objek sanesipun.

KAPUSTAKAN

- Arifin, E. Zainal dan Junaiyah H.M. 2010. *Keutuhan Wacana*. Jakarta: Grasindo
- Chaer, Abdul. 2010. *Kesopanan Berbahasa*. Jakarta : Rineka Cipta.
- _____. 2006. *Tata Bahasa Praktik Bahasa Indonesia*. Jakarta : Rineka Cipta.
- Chaer, Abdul dan Leonie Agustina. 2004. *Sosiolinguistik Perkenalan Awal* (edisi revisi). Jakarta: Rineke Cipta.
- _____. 2010. *Sosiolinguistik Perkenalan Awal*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Hymes, Dell. 1972. *Directions in Sociolinguistic*. Holt, Rinehart and Winston INC.
- Kridalaksana, Harimurti. 2011. *Kamus Linguistik Edisi Keempat*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Leech, Geoffrey. 1993. *Prinsip-Prinsip Pragmatik*. Jakarta : universitas Indonesia Press.
- Mulyana. 2005. *Kajian Wacana: Teori, Metode, Aplikasi Prinsip-Prinsip Analisis Wacana*. Yogyakarta: Tiara Wacana.
- Nadar, F.X. 2013. *PRAGMATIK & PENELITIAN PRAGMATIK*. Yogyakarta: Graha Ilmu.
- Nurbaya, St. (ed.) 2013. *Bahasa Indonesia : Panduan Menulis Karya Ilmiah*. Cetakan ketiga. Yogyakarta: Kanwa Publisher.
- Poedjosoedarmo, Soepomo. dkk. 2013. *Tingkat Tutur Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta.
- Purwo, Bambang Kaswanti. 2010. *Pragmatik dan Pengajaran Bahasa*. Yogyakarta: Kanisius.
- Rahardi, Kunjana. 2005. *Kesantunan Imperatif Bahasa Indonesia*. Jakarta: Erlangga.
- Ramlan, M. 1987. *Sintaksis Ilmu Bahasa Indonesia*. Yogyakarta. Cv. Karyono.

- Sudaryanto. 1988. *Metode Linguistik Bagian Pertama ke Arah Memahami Metode Linguistik*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Suharti. 2004. *Pendidikan Sopan Santun dan Kaintannya dengan Perilaku Berbahasa Jawa Mahasiswa*. *Diksi*, 1, hlm 57-71.
- Sumaji, Diah. 2017. *Tingkat Kesopanan Tindak Tutur Direktif Ing Novel “Uran-uran Katresnan” Anggitanipun Tulus Setiyadi*. Skripsi S1. Yogyakarta. FBS UNY.
- Tarigan, Guntur. 1986. *Pengajaran Pragmatik*. Bandung: Angkasa Bandung.
- Widada. 1999. *Wacana Direktif dalam Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Balai Bahasa.
- Wijana, I Dewa Putu. 1996. *Dasar-Dasar Pragmatik*. Yogyakarta: Penerbit ANDI Yogyakarta.
- Yule, Goerge. 2006. *Pragmatik (Terjemahan)*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

KAPUSTAKAN SUMBER DATA

- Alit, Lintang. 2016. *Putri Kandhita*. Yogyakarta: Djaka Lodang No. 45.
- Anonim. 2016. *Maong Klelep*. Yogyakarta: Djaka Lodang No. 40.
- Djunairi, Sukip. 2016. *Jujur iku Larang*. Yogyakarta: Djaka Lodang No. 04.
- Gandhang, Bapake. 2016. *Tono Ora Cethil Maneh*. Yogyakarta: Djaka Lodang No. 02.
- Harjono, Sri Adi. 2016. *Raja Menjangan kang Wicaksana*. Yogyakarta: Djaka Lodang No. 33.
- Kristianto, Zuly. 2016. *Botol Ajaib*. Yogyakarta: Djaka Lodang No. 37.
- Kung, Mbah Mino. 2016. *Sendhang Jimbung*. Yogyakarta: Djaka Lodang No. 41.
- _____. 2016. *Sendhang Jimbung 2*. Yogyakarta: Djaka Lodang No. 42.
- Kusumaningrat, Sartono. 2016. *Kodhok lan Meong*. Yogyakarta: Djaka Lodang No. 51.
- _____. 2016. *Kabecikan Kodhok Kerok*. Yogyakarta: Djaka Lodang No. 01.
- Nursingih, R. Bambang. 2016. *Asal-usule Wit Ringin*. Yogyakarta: Djaka Lodang No. 34.
- Pawit, Om. 2016. *Klambi Gamis Riyaya*. Yogyakarta: Djaka Lodang No. 03.
- Purnomo, AL Aris. 2016. *Lomba Dongeng*. Yogyakarta: Djaka Lodang No. 52.
- Raf, Sanijo. 2016. *Trewelu lan Kupu*. Yogyakarta: Djaka Lodang No. 35.
- Sidi, S. W. 2016. *Apus-Apus Nemu Lampus*. Yogyakarta: Djaka Lodang No. 47.
- _____. 2016. *Apus-Apus Nemu Lampus 2*. Yogyakarta: Djaka Lodang No. 48.
- Sumarno. 2016. *Mbok Tani kang Cethil*. Yogyakarta: Djaka Lodang No. 32.
- Wiyanto, Asul. 2016. *Sebabe Gajah Duwe Tlale*. Yogyakarta: Djaka Lodang No. 38.

_____ . 2016. *Jago Kemaruk*. Yogyakarta: Djaka Lodang No. 42.

Yulianto, Dias Lentera. 2016. *Balapan*. Yogyakarta: Djaka Lodang No. 43.

Tabel Lampiran 1 : Analisis Jinis saha Fungsi Tindak Tutur Direktif Wonten ing Rubrik Kalawarti Djaka Lodhang Edisi Januari-Juni Taun 2016

No.	Ukara	Jinising Tindak Tutur Direktif				Fungsi	Indikator
		P	PSS	PSM	PMK		
1	2	3	4	5	6	7	8
1.	<p>Konteks : Ing satunggaling dinten, wanci siang, Pak Tani kondur saking sabin.</p> <p>Data : “Bune, aku sakesuk ora bisa garap sawah amerga kali kulon desa luber. Iki mau aku malah golek iwak.” Celatune Pak Tani karo nuduhake iwak satenggok akehe. (DL.32/9.1.2016)</p> <p>Koteks : Mbok Tani bingah sanget mriksani ulam lepen ingkang kathah. Wonten sidhat, kutuk, lele, bethik, wader, lan sakpanunggalipun. Mbok Tani menggalih ulam-ulam kasebut badhe dipunmasak menapa, gule, mangut, dipungoreng, menapa dipunbakar.</p>	√				Ngengken kanthi boten langsung	<p>a. Ngginakaken modus ukara carios kanthi tandha titik (.) ing pungkasaning ukara;</p> <p>b. wosipun paring pirsu bilih <i>penutur</i> boten saged nggarap sabin ananging malah pados ulam;</p> <p>c. ancasing andharan boten namung paring pirsu, ananging ugi paring prentah supados <i>mitra tutur</i> kersa masak ulam kangge dhahar wanci siang.</p> <p>d. <i>mitra tutur</i> boten kedah nindakaken prentah saking <i>penutur</i> sanalika ugi, saged samangke. Inggang baku, ulamipun saged dipundhahar wanci siang.</p>
2.	<p>Konteks : Sasampunipun resesik badan, saha ngaso sekedhap, Pak Tani lajeng tindak dhateng sabin malih.</p> <p>Koteks : “Awan iki rak wis asat banyune, aku daknerusake anggonku gawe lalahan.”</p>			√		Ngengken	<p>a. Ngginakaken modus ukara pakon ananging kanthi <i>nada</i> andharan boten inggil (boten wonten tandha pakon (!));</p> <p>b. wontenipun ukara “tangga teparo melu dirasani”;</p>

1	2	3	4	5	6	7	8
---	---	---	---	---	---	---	---

	<p>Data : “Aja lali, yen iwak wus dimasak, tangga teparo melu dirasani, diwenehi senajan sithik-sithik.” Wekase Pak Tani sadurunge nyaut pacul. (DL.32/9.1.2016)</p>						<p>c. ancas saha wosing ukara inggih menika paring prentah supados <i>mitra tutur</i> kersa nyukani ulam dhumateng tangga tepalih.</p> <p>d. <i>mitra tutur</i> boten kedah nindakaken prentah saking <i>penutur</i> sanalika ugi, saged samangke. Inggang baku, tangga tepalih dipunsukani ulam inggang dipunmasak.</p>
3.	<p>Konteks : Nalika semanten wonten Raja Menjangan inggang gadhah budi luhur. Bekti dhateng tiyang sepuh saha asih dhateng sasami. Sareng menjangan ing wana Kedhung Sangsam dipunopyak-opyak supados mlebet dhateng pakraprayakan. Raja Menjangan wau sumedya nylametaken tiyang sepuhipun.</p> <p>Data : “Bapa, biyung..., sampeyan ndang ndhelika ing alas sisih njero adoh kana.” Ature Raja Menjangan. (DL.33/16.1.2016)</p> <p>Koteks : “Anakku..., kowe ora usah mikir nasibe menjangan-menjangan kuwi.” Pandhesege wong tuwane Raja Menjangan.</p>			√		Ngengken sanalika	<p>a. Ngginakaken modus ukara pakon ananging kanthi <i>nada</i> andharan boten inggil (boten wonten tandha pakon (!));</p> <p>b. wontenipun tembung pakon “ndhelika”;</p> <p>c. ancas saha wosing ukara inggih menika paring prentah supados <i>mitra tutur</i> kersa ndhelik ing salebeting wana;</p> <p>d. tembung ‘ndang’ nedahaken bilih <i>penutur</i> nyuwun dhateng <i>mitra tutur</i> supados nindakaken prentah saking <i>penutur</i> sanalika ugi, bibar ukara pakon dipunandharaken.</p>
4.	<p>Konteks : Nalika semanten wonten Raja Menjangan inggang gadhah budi luhur. Bekti dhateng tiyang sepuh saha asih dhateng sasami.</p>			√		Ngajak	<p>a. Ngginakaken modus ukara pakon ananging kanthi <i>nada</i> andharan boten inggil (boten wonten tandha</p>

1	2	3	4	5	6	7	8
---	---	---	---	---	---	---	---

	<p>Sareng menjangan ing wana Kedhung Sangsam dipunopyak-opyak supados mlebet dhateng pakraprayakan. Raja Menjangan wau sumedya nylametaken tiyang sepuhipun.</p> <p>Data : “Saiki ayo bareng karo bapa-biyung golek slamet mlebu alas sing luwih jero maneh.” (DL.33/16.1.2016)</p> <p>Koteks : “Ora! Aku iki pemimpin! Aku kudu tanggungjawab marang nasibe kanca-kancaku. Nanging sampeyan sekalihan uga kudu slamet.”</p>						<p>pakon (!));</p> <p>b. wontenipun tembung pakon “ayo”;</p> <p>c. ancas saha wosing ukara inggih menika paring prentah supados <i>mitra tutur</i> kersa ndhelik sesarengan ing salebeting wana;</p> <p>d. tembung ‘ayo’ nedahaken <i>penutur</i> boten namung paring prentah, ananging ugi ngajak <i>mitra tutur</i>.</p>
5.	<p>Koteks : Nalika semanten wonten Raja Menjangan ingkang gadhah budi luhur. Bekti dhateng tiyang sepuh saha asih dhateng sasami. Sareng menjangan ing wana Kedhung Sangsam dipunopyak-opyak supados mlebet dhateng pakraprayakan. Raja Menjangan wau sumedya nylametaken tiyang sepuhipun.</p> <p>Data : “Mula kana enggal ndhelika. Aku tak mlayu mlebu pakrapyakan.” Keputusane Raja Menjangan terus brabat mlayu ngedohi wong tuwane. (DL.33/16.1.2016)</p> <p>Koteks : Awit dinten menika Raja Menjangan pepisahan kaliyan bapa-biyungipun.</p>			√		Ngengken sanalika	<p>a. Ngginakaken modus ukara pakon ananging kanthi <i>nada</i> andharan boten inggil (boten wonten tandha pakon (!));</p> <p>b. wontenipun tembung pakon “ndhelika”;</p> <p>c. ancas saha wosing ukara inggih menika paring prentah supados <i>mitra tutur</i> kersa ndhelik;</p> <p>d. tembung ‘enggal’ nedahaken bilih <i>penutur</i> nyuwun dhateng <i>mitra tutur</i> supados nindakaken prentah saking <i>penutur</i> sanalika ugi, bibar ukara pakon dipunandharaken.</p>

1	2	3	4	5	6	7	8
---	---	---	---	---	---	---	---

6.	<p>Konteks : Satunggaling dinten, Ing kraton Maduretna, Dewi Suweni, garwa ampilipun Prabu Darmayekti, gahah panyuwunan dhateng Prabu Darmayekti.</p> <p>Data : “Panyuwun apa Dhiajeng, coba enggal matura.” Pandangune Prabu Darmayekti gupuh. (DL.34/23.1.2016)</p> <p>Koteks : “Punten dalem sewu Sinuwun, menawi kepareng pun Susila saged nglintir kaprabon jumeneng ratu ing praja Maduretna.” Ature Dewi Suweni kumewat.</p>			√		Ngengken sanalika	<p>a.Ngginakaken modus ukara pakon ananging kanthi <i>nada</i> andharan boten inggil (boten wonten tandha pakon (!));</p> <p>b.wontenipun tembung pakon “matura”;</p> <p>c.ancas saha wosing ukara inggih menika paring prentah supados <i>mitra tutur</i> kersa ngandharaken menapa ingkang dados kekajenganipun;</p> <p>d.tembung ‘enggal’ nedahaken bilih <i>penutur</i> nyuwun dhateng <i>mitra tutur</i> supados nindakaken prentah saking <i>penutur</i> sanalika ugi, bibar ukara pakon dipunandharaken.</p>
7.	<p>Konteks : Dewi Suweni garwa ampilipun Prabu Darmayekti, saweg gerah, boten kersa ngunjuk saha dhahar. Amargi kekajenganipun boten kasembadan dados ratu ing Maduretna.</p> <p>Data : “Dhiajeng, ayo iki didhahar dhisik, dimen enggal dhangan.” (DL.34/23.1.2016)</p> <p>Koteks : “ “Bo, boten Sinuwun, aluwung kula kabanjuta kemawon, menawi panyuwun kula boten kasembadan.” Ature Dewi Suweni memelas.</p>			√		Ngengken sanalika	<p>a.Ngginakaken modus ukara pakon ananging kanthi <i>nada</i> andharan boten inggil (boten wonten tandha pakon (!));</p> <p>b.wontenipun tembung ukara “iki dhidhahar dhisik”;</p> <p>c.ancas saha wosing ukara inggih menika paring prentah supados <i>mitra tutur</i> kersa dhahar;</p> <p>d.tembung ‘ayo’ nedahaken bilih <i>penutur</i> nyuwun dhateng <i>mitra tutur</i> supados nindakaken prentah saking</p>

1	2	3	4	5	6	7	8
---	---	---	---	---	---	---	---

							<i>penutur</i> sanalika ugi, bibar ukara pakon dipunandharaken.
8.	<p>Konteks : Amargi katresnanipun Prabu Darmayekti dhateng Dewi Suweni, Prabu Darmayekti lajeng nundhung Pangeran Jatmika supados nilaraken praja Maduretna kanthi pawadan ingkang boten nalar. Sedaya wau supados Dewi Suweni saged jumeneng ratu.</p> <p>Koteks : “Punten dalem sewu Rama, lepatipun keng putra menapa? Kok Keng Rama Prabu tega nundhung kula.” Ature Pangeran Jatmika marang keng rama kanthi sareh.</p> <p>Data : “Dosamu kokindhit, kokgendhong mula tinimbang nyepet-nyepeti paningalku, kono enggal lungaa seka praja Maduretna kene.” Ature Prabu Darmayekti sengol. (DL.34/23.1.2016)</p>			√		Ngengken sanalika	<p>a. Ngginakaken modus ukara pakon ananging kanthi nada andharan boten inggil (boten wonten tandha pakon (!));</p> <p>b. wontenipun tembung pakon “lungaa”;</p> <p>c. ancas saha wosing ukara inggih menika paring prentah supados <i>mitra tutur</i> tindak saking Maduretna;</p> <p>d. tembung ‘enggal’ nedahaken bilih <i>penutur</i> nyuwun dhateng <i>mitra tutur</i> supados nindakaken prentah saking <i>penutur</i> sanalika ugi, bibar ukara pakon dipunandharaken.</p>
9.	<p>Konteks : Satunggaling enjing, Trewelu saweg pados pangan wonten ing pekarangan dalemipun juraganipun. Boten rumaos wonten Kupu ingkang mencok ing kembang mawar caketipun Trewelu. Amargi kulina wonten ing kandhang, Trewelu rumaos kasepen. Trewelu kepengin pagesangan ingkang bebas.</p> <p>Data : “Ora usah mlayu Pak Trewelu. Penak neng kene, neng jaba ki akeh bebaya.” Welinge Kupu.</p>			√		Ngengken	<p>a. Ngginakaken modus ukara pakon ananging kanthi <i>nada</i> andharan boten inggil (boten wonten tandha pakon (!));</p> <p>b. wontenipun ukara “ora usah mlayu”;</p> <p>c. ancas saha wosing ukara inggih menika paring prentah supados <i>mitra tutur</i> boten tindak saking papan menika.</p>

1	2	3	4	5	6	7	8
---	---	---	---	---	---	---	---

	(DL.35/30.1.2016) Koteks : “Nek kowe kasepen, wis ta tak kancani.” “Tenan, kowe ora ninggal aku?” takone Trewelu sujana. “Tenan.” Jawabe Kupu.						
10.	Koteks : Ing satunggaling dinten, Trewelu kepengin madosi Kupu saha kanca-kanca sanesipun. Nalika lawang pager menga sakedhik, Trewelu lajeng enggal-enggal mlayu. Ananging, wonten Asu ingkang nyedhaki Trewelu. Data : “Wis, ana panganan enak iki. Heh, Trewelu aja mlayu! Mrenea!” Asu kuwi mbengok-mbengok. (DL.35/30.1.2016) Koteks : Trewelu sansaya santer mlayunipun, dipunselingi mlumpat ingkang inggil murih enggal nginggati Asu ingkang badhe ndadosaken piyambakipun minangka panganan.				√	Ngengken sanalika	a. Ngginakaken modus ukara pakon kanthi <i>nada</i> andharan inggil (wontenipun tandha pakon (!)); b. wontenipun ukara “heh, Trewelu aja mlayu!”; c. ancas saha wosing ukara inggih menika paring prentah supados <i>mitra tutur</i> boten mlayu amargi badhe dados pangananipun Asu; d. <i>penutur</i> nyuwun supados <i>mitra tutur</i> nindakaken prentah saking <i>penutur</i> sanalika ugi, bibar ukara pakon dipunandharaken.
11.	Koteks : Ing wanci siang, nalika wangsul sekolah, Awang rumaos bingung awit sumerep kathah botol bekas ing plataran ngajeng griya. Amargi boten mangertos, botol plastik ingkang ngalang-ngalangi lampahipun, lajeng			√		Ngengken sanalika	a. Ngginakaken modus ukara pakon ananging kanthi <i>nada</i> andharan boten inggil (boten wonten tandha pakon (!)); b. wontenipun tembung pakon

1	2	3	4	5	6	7	8
---	---	---	---	---	---	---	---

	<p>dipunsadhuki. Boten sawetawis dangu, Ibu lajeng medal saking griya.</p> <p>Koteks : “Aja rame-rame Le, adhimu lagi turu. Tur botol-botol plastike aja disadhuki mengko mundhak rusak.” Mangkono ngendikane Ibune. Bibar salaman kaliyan Ibu, Awang lajeng mlebet saperlu gantos rasukanipun.</p> <p>Data : “Gek kana, menyanga ruwang makan. Ibu wis masakake soyo ayam. Brambang goreng, lan sambel kecape ana ing ing ndhuwur paga.” Mangkono ngendikane Ibune sawise Awang ganti panganggo. (DL.37/13.2.2016)</p>						<p>“menyanga”;</p> <p>c. ancas saha wosing ukara inggih menika paring prentah supados <i>mitra tutur</i> tindak dhateng ruwang <i>makan</i> kangge dhahar;</p> <p>d. tembung ‘gek’ nedahaken bilih <i>penutur</i> nyuwun dhateng <i>mitra tutur</i> supados nindakaken prentah saking <i>penutur</i> sanalika ugi, bibar ukara pakon dipunandharaken.</p>
12.	<p>Konteks : Ing wanci siang, nalika wangsul sekolah, Awang rumaos bingung awit sumerep kathah botol bekas ing plataran ngajeng griya. Awang mlebet griya saperlu gantos rasukan lajeng dhahar ing <i>ruwang makan</i>.</p> <p>Koteks : “Le, maeme wis rampung apa durung?” takone Ibune. “Sakedhik malih Bu, kirang tigang sendhok niki,” wangsulane Awang.</p> <p>Data : “Ya gek gage dirampungke. Yen wis rampung mengko rewangana ibu.” Ngendikane Ibune sinambi jumangkah tumuju menyang</p>			√		Ngengken sanalika	<p>a. Ngginakaken modus ukara pakon ananging kanthi <i>nada</i> andharan boten inggil (boten wonten tandha pakon (!));</p> <p>b. wontenipun tembung pakon “dirampungke”;</p> <p>c. ancas saha wosing ukara inggih menika paring prentah supados <i>mitra tutur</i> ngrampungaken dhaharipun;</p> <p>d. tembung ‘gek gage’ nedahaken bilih <i>penutur</i> nyuwun dhateng <i>mitra tutur</i> supados nindakaken prentah saking</p>

1	2	3	4	5	6	7	8
---	---	---	---	---	---	---	---

	ngarep omah. (DL.37/13.2.2016)						<i>penutur</i> sanalika ugi, bibar ukara pakon dipunandharaken.
13.	<p>Konteks : Saampunipun dhahar, Awang lajeng nututi Ibunipun dhateng ngajeng griya. Nalika piyambakipun dugi ngajeng griya, Awang kaget amargi Ibunipun saweg motongi botol bekas.</p> <p>Koteks : “Hlo kok dipotongi kados mekaten niki ajenge didamel napa hlo Bu?” takone Awang.</p> <p>Data : “Wis ta Le, saiki ewangana ibu motongi botol-botol iki kaya ngene, bisa ta?” (DL.37/13.2.2016)</p>		√			Mangajab kanthi boten langsung	<p>a. Ngginakaken modus ukara pitaken kanthi tandha pitaken (?) ing pungkasaning ukara;</p> <p>b. wosipun nyuwun pirsu dhumateng <i>mitra tutur</i> saged menapa boten motongi botol;</p> <p>c. ancasing andharan boten namung nyuwun pirsu, ananging <i>penutur</i> gadhah pangajab mugia <i>mitra tutur</i> saged nindakaken menapa ingkang dipunkersakaken penutur.</p>
14.	<p>Konteks : Sasampunipun nanem winih kangkung saha sawi, botol-botol ingkang wonten winih kangkung saha sawinipun lajeng dipunselehaken dhateng pager tembok griyanipun Awang.</p> <p>Data : “Dina iki cukup semene dhisik ya le, dina candhake saben sore botol-botol kuwi siramana ya. Ning aja akeh-akeh.” Prentahe Ibune. (DL.37/13.2.2016)</p> <p>Koteks : “Nggih Bu.” Wangsulane Awang cekak.</p>			√		Ngengken	<p>a. Ngginakaken modus ukara pakon ananging kanthi <i>nada</i> andharan boten inggil (boten wonten tandha pakon (!));</p> <p>b. wontenipun tembung “siramana”;</p> <p>c. ancas saha wosing ukara inggil menika paring prentah supados <i>mitra tutur</i> nyirami botol-botol ingkang isinipun taneman saben sonten.</p>
15.	<p>Konteks : Ing satunggaling dinten, nalika Awang saweg nyirami taneman kangkung saha sawi, Ibunipun lajeng ngasta celengan ingkang</p>			√		Ngengken	<p>a. Ngginakaken modus ukara pakon ananging kanthi <i>nada</i> andharan boten inggil (boten wonten tandha</p>

1	2	3	4	5	6	7	8
---	---	---	---	---	---	---	---

	<p>dipundamel saking botol bekas.</p> <p>Koteks : “Wah sae sanget. Bu.” Ujare Awang sinambi ngulati celengan sing digawe saka botol bekas.</p> <p>“Hlo, niki rak nggih bahane saking botol ugi ta Bu? Pripun cara ndamele?” takone Awang maneh.</p> <p>Data : “Rampungna dhisik anggonmu siram-siram. Mengko yen wis rampung bakal ibu warahi.” Ngendikane Ibune. (DL.37/13.2.2016)</p>						<p>pakon (!);</p> <p>b.wontenipun tembung “rampungana”;</p> <p>c.ancas saha wosing ukara inggih menika paring prentah supados <i>mitra tutur</i> ngrampungaken anggenipun nyirami botol-botol ingkang isinipun tetuwuhan.</p>
16.	<p>Konteks : Ing satunggaling wana, wonten gajah ingkang namanipun Gajah Galepo. Gajah Galepo menika gajah ingkang tansah kepengin ngindhakaken kawruhipun. Nuju satunggaling dinte, Galepo madosi Beruwang. Nalika sampun kepanggih, Galepo lajeng nyuwun pirsu dhateng Beruwang.</p> <p>Koteks : “Pak Beruwang, panganane bajul iku apa?”</p> <p>“Aku durung tau weruh Bajul.” Semaure Beruwang. “Mulane aku ya ora ngerti apa panganane Bajul. Aku ora weruh.”</p> <p>“Yen ngono, apike aku takon sapa ya?”</p> <p>Data : “Wis ngene wae. Mlakua menyang pinggir Kali Nambran. Ing kana mesthi ana kewan sing</p>			√		Ngengken	<p>a.Ngginakaken modus ukara pakon ananging kanthi <i>nada</i> andharan boten inggil (boten wonten tandha pakon (!));</p> <p>b.wontenipun tembung “mlakua”;</p> <p>c.ancas saha wosing ukara inggih menika paring prentah supados <i>mitra tutur</i> tindak dhateng sisihing Kali Nambran.</p>

1	2	3	4	5	6	7	8
---	---	---	---	---	---	---	---

	ngerti Bajul.” Jawabe Beruwang karo nuding panggonane Kali Nambran. (DL.38/20.2.2016)						
17.	<p>Konteks : Gajah Galepo enggal-enggal dhateng papanipun Bajul, ing sisihing lepen.</p> <p>Koteks : “Pak Bajul, pangananmu apa?”</p> <p>Data : “Apa? Kowe takon apa? Aku ora krungu. Coba nyedhak maneh.” Mangkono jawabe Bajul kang sajake duwe karep ala. (DL.38/20.2.2016)</p>			√		Ngengken	<p>a.Ngginakaken modus ukara pakon ananging kanthi <i>nada</i> andharan boten inggil (boten wonten tandha pakon (!));</p> <p>b.wontenipun ukara “coba nyedhak maneh”;</p> <p>c.ancas saha wosing ukara inggih menika paring prentah supados <i>mitra tutur</i> kersa nyedhak dhateng penutur.</p>
18.	<p>Ukara konteks : “Maong, salah wijining kucing kang wulune endah, buntute njenthar, lan mripate biru kecu nengsemake. Mung kaendahan mau beneh karo perilakune kang congkak tur sombong. Dheweke ora ngajeni marang liyan.”</p> <p>Data : “Awakmu reged, ambune ora enak. Kana ngalih!” (DL.40/5.3.2016)</p> <p>Koteks : “Kaya-kaya wis paling apik, ora ana sing nandhingi kandahan wulune.”</p>				√	Ngengken sanalika	<p>a.Ngginakaken modus ukara pakon kanthi <i>nada</i> andharan inggil (wontenipun tandha pakon (!));</p> <p>b.wontenipun ukara “kana ngalih!”;</p> <p>c.ancas saha wosing ukara inggih menika paring prentah supados <i>mitra tutur</i> ngalih boteng caket-caket <i>penutur</i>;</p> <p>d.<i>penutur</i> nyuwun supados <i>mitra tutur</i> nindakaken prentah saking <i>penutur</i> sanalika ugi, bibar ukara pakon dipunandharaken.</p>
19.	<p>Konteks : Maong ingkang boten saged nglangi, nekad nyebur dhateng lepen.</p> <p>Koteks : “Kanca-kanca,” Kungkong menehi aba-</p>			√		Ngajak	<p>a.Ngginakaken modus ukara pakon ananging kanthi <i>nada</i> andharan boten inggil (boten wonten tandha</p>

1	2	3	4	5	6	7	8
---	---	---	---	---	---	---	---

	<p>aba, karo driijinr nuding aweh pratandha.</p> <p>Data : “Kae Maong kerem, awake dhewe gage aweh pitulung.” (DL.40/5.3.2016)</p>						<p>pakon (!);</p> <p>b.wontenipun ukara “awake dhewe gage aweh pitulungan”;</p> <p>c.ancas saha wosing ukara inggih menika paring prentah supados <i>mitra tutur</i> paring pitulung dhumateng Maong ingkang kerem;</p> <p>d.ancas ing salebeting andharan boten namung paring prentah dhumateng <i>mitra tutur</i>, ananging ugi ngajak <i>mitra tutur</i>.</p>
20.	<p>Konteks : Kodhok-kodhok kasil ngiringaken Maong. Nalika sampun ngglethak miring, saperangan kodhok mijet-mijet wetengipun Maong, wondene saperangan malih ngurut-urut cengelipun Maong. Sanalika toya medal saking tutukipun Maong.</p> <p>Data : “Saiki dilumahke!” (DL.40/5.3.2016)</p> <p>Konteks : Kodhok-kodhok manut prentahipun Kungkong, Maong dipunlumahaken, tumuli Kungkong mencolot ing wetengipun, lajeng astanipun ngenet-enet dhadhanipun Maong.</p>				√	Ngengken sanalika	<p>a.Ngginakaken modus ukara pakon kanthi <i>nada</i> andharan inggil (wontenipun tandha pakon (!));</p> <p>b.ancas saha wosing ukara inggih menika paring prentah supados <i>mitra tutur</i> sami nglumahaken Maong ingkang kerem;</p> <p>c.<i>penutur</i> nyuwun supados <i>mitra tutur</i> nindakaken prentah saking <i>penutur</i> sanalika ugi, bibar ukara pakon dipunandharaken.</p>
21.	<p>Konteks : Sawetawis, kodhok-kodhok wonten ingkang mijeti suku, mblonjo weteng ngginakaken bobokan ron kayu putih, saha</p>			√		Ngengken	<p>a.Ngginakaken modus ukara pakon ananging kanthi <i>nada</i> andharan boten inggil (boten wonten tandha</p>

1	2	3	4	5	6	7	8
---	---	---	---	---	---	---	---

	wonten ingkang ngguyer-uyer sirahipun. Data : “Wis lungguha, Maong.” Panjalake Kungkong. (DL.40/5.3.2016) Koteks : Maong lungguh, “Awaku entheng, wis pulih kaya sekawit.’ Ujare.						pakon (!); b.wontenipun tembung pakon “lungguha”; c.ancas saha wosing ukara inggih menika paring prentah supados <i>mitra tutur</i> kersa lungguh.
22.	Koteks : Dewi Mahdi tindak dhateng kraton Jimbung dipundherekaken Ki Poleng saha Ki Remeng kairid sabregada prajurit. Saduginipun tepis wiring kraton Jimbung, Dewi Mahdi ngutus Ki Poleng saha Ki Remeng supados Sowan dhateng Prabu Jimbung, Jaka Patohan, saperlu caos uninga kenging menapa Dewi Mahdi sowan dhateng kraton Jimbung. Data : “Paman Poleng lan sira Paman Remeng, sira dakutus marak sowan ing ngarsane Kang Mas Jaka Patohan ya Sinuwun Prabu Jimbung, matura lamun insun, Dewi Mahdi wis tekan tepis wiringe kraton Jimbung arsa marak sowan.” Ature Dewi Mahdi. (DL.41/12.3.2016) Koteks : “Ngestokaken dhawuh, ngestokaken dhawuh Dyah Ayu Dewi Mahdi.” Ature Ki Poleng lan Ki Remeng saur manuk.			√		Ngengken	a.Ngginakaken modus ukara pakon ananging kanthi <i>nada</i> andharan boten inggil (boten wonten tandha pakon (!)); b.wontenipun tembung pakon “matura”; c.ancas saha wosing ukara inggih menika paring prentah supados <i>mitra tutur</i> kersa sowan saha matur dhateng Jaka Patohan .
23.	Koteks : Saduginipun ing kraton Jimbung, Ki			√		Ngengken	a.Ngginakaken modus ukara pakon

1	2	3	4	5	6	7	8
---	---	---	---	---	---	---	---

	<p>Poleng saha Ki Remeng munjuk atur kados ingkang dipunwekas dening Dewi Mahdi.</p> <p>Koteks : “Punten dalem sewu Sinuwun, anggenipun Sang Dyah Ayu Dewi Mahdi dumugi ngriki menika badhe ngayunaken paduka.” Ature Ki Poleng lan Ki Remeng sareh.</p> <p>Data : “Paman sakarone, matura marang bendaramu dhiajeng Dewi Mahdi, lamun ingsun iki saiki dudu kadang sentana praja Kalingga...” (DL.41/12.3.2016)</p>						<p>ananging kanthi <i>nada</i> andharan boten inggil (boten wonten tandha pakon (!));</p> <p>b.wontenipun tembung pakon “matura”;</p> <p>c.ancas saha wosing ukara inggih menika paring prentah supados <i>mitra tutur</i> kersa matur dhateng Dewi Mahdi .</p>
24.	<p>Konteks : Sasampunipun Ki Poleng saha Ki Remeng ngendika bilih Dewi Mahdi saperlu badhe ngayunaken Jaka Patohan, Jaka Patohan boten pitados.</p> <p>Koteks : “Saestu, saestu Sinuwun, menawi paduka boten pitados unjuk atur kula manggata kula dherekaken manggihi Sang Dyah Ayu Dewi Mahdi.” Ature Ki Poleng lan Ki Remeng nyakinake.</p> <p>Data : “...matura marang Sinuwun Prabu Kalingga lamun ingsun, Ratu Jimbung ora kersa sowan, kepara arep ngraman lan methal saka panguwasane Kraton Kalingga.” Ature Jaka Patohan sereng. (DL.41/12.3.2016)</p>			√		Ngengken	<p>a.Ngginakaken modus ukara pakon ananging kanthi <i>nada</i> andharan boten inggil (boten wonten tandha pakon (!));</p> <p>b.wontenipun tembung pakon “matura”;</p> <p>c.ancas saha wosing ukara inggih menika paring prentah supados <i>mitra tutur</i> kersa matur dhateng Prabu Kalingga.</p>
25.	<p>Konteks : Jaka Patohan rumaos piyambakipun</p>			√		Ngengken	<p>a.Ngginakaken modus ukara pakon</p>

1	2	3	4	5	6	7	8
---	---	---	---	---	---	---	---

	<p>badhe dipunboyong dhateng Kalingga. Piyambakipun boten kersa, lajeng nampik panglamaripun Dewi Mahdi.</p> <p>Koteks : “Ora ngandel, ingsung ora ngandel nedya nglamar kok ngirid <i>sekotri</i> sagelar sapapan”. Ature Jaka Patohan karo unjal ambegan.</p> <p>Data : “Paman, apa ngono kuwi ora ateges arep ngendharat ingsun, matura ratu gustimu, ingsun ora sudi nampa panglamare Dewi Mahdi.” Ature Jaka Patohan saya sereng. (DL.42/19.3.2016)</p>						<p>ananging kanthi <i>nada</i> andharan boten inggil (boten wonten tandha pakon (!));</p> <p>b.wontenipun tembung pakon “matura”;</p> <p>c.ancas saha wosing ukara inggih menika paring prentah supados <i>mitra tutur</i> kersa matur dhateng Dewi Mahdi.</p>
26.	<p>Koteks : Menawi boten kersa dipunlamar, Ki Poleng saha Ki Remeng piyambak ingkang badhe mboyong Jaka Patohan kanthi peksa.</p> <p>Koteks : “Apa abamu sepisan maneh ingsung ora sudi, ora sudi, ora sudi nampa panglamare Dewi Mahdi apa maneh kapurih marak sowan.” Ature Jaka Patohan sajak nantang.</p> <p>Data : “...he Jaka Patohan yen sira ora kena ginawe becik, lan sira mbeguguk ora gelem nampa panglamare Dyah Ayu Dewi Mahdi, metua njaba, kerigna wong Jimbung, tandhingana krodhaku.” Panantange Ki Poleng lan Ki Remeng marang Jaka Patohan karo metu saka kraton. (DL.42/19.3.2016)</p>			√		Ngengken	<p>a.Ngginakaken modus ukara pakon ananging kanthi <i>nada</i> andharan boten inggil (boten wonten tandha pakon (!));</p> <p>b.wontenipun tembung pakon “metua”, “kerigna”, saha “tandhingana”;</p> <p>c.ancas saha wosing ukara inggih menika paring prentah supados <i>mitra tutur</i> tandhing kaliyan warga Jimbung.</p>

1	2	3	4	5	6	7	8
---	---	---	---	---	---	---	---

27.	<p>Konteks : Ing satunggaling enjing, Jumilan saha Lina saweg nyapu latar. Jumilan lajeng ngajak Lina kangge balapan cepet-cepetan anggenipun ngrampungaken nyapu latar.</p> <p>Koteks : “Lin!” pambengoke Jumilan ngagetake Lina. “Ana apa?”</p> <p>Data : “Ayo balapan.” (DL.43/26.3.2016)</p>			√		Ngajak	<p>a.Ngginakaken modus ukara pakon ananging kanthi <i>nada</i> andharan boten inggil (boten wonten tandha pakon (!));</p> <p>b.ancas saha wosing ukara inggih menika paring prentah supados <i>mitra tutur</i> kersa balapan;</p> <p>c.ancas ing salebeting andharan boten namung paring prentah dhumateng <i>mitra tutur</i>, ananging ugi ngajak <i>mitra tutur</i>.</p>
28.	<p>Konteks : Jumilan leren anggenipun ngandharaken babagan ancas saking perlombaan nyapu, awit piyambakipun mriksani rombongan sampi ingkang lewat.</p> <p>Koteks : “Dina iki pasaran apa, Lin?” pitakone Jumilan dumadakan. “Wage.” “Mulakna... akeh sapi sing liwat.”</p> <p>Data : “Oh ya,” panyelane Lina. “Terusna critamu bab maksud nganakake perlombaan mau.” (DL.43/26.3.2016)</p>			√		Ngengken	<p>a.Ngginakaken modus ukara pakon ananging kanthi <i>nada</i> andharan boten inggil (boten wonten tandha pakon (!));</p> <p>b.wontenipun tembung pakon “terusna”;</p> <p>c.ancas saha wosing ukara inggih menika paring prentah supados <i>mitra tutur</i> kersa nerasaken carios bab ngawontenaken lomba cepet-cepetan nyapu.</p>
29.	<p>Konteks : Jumilan leren anggenipun ngandharaken babagan ancas saking perlombaan nyapu, awit piyambakipun mriksani rombongan sampi ingkang lewat.</p>			√		Ngengken sanalika	<p>a.Ngginakaken modus ukara pakon ananging kanthi <i>nada</i> andharan boten inggil (boten wonten tandha pakon (!));</p>

1	2	3	4	5	6	7	8
---	---	---	---	---	---	---	---

	<p>Data : “Ayo Lan, cepet..” (DL.43/26.3.2016)</p> <p>Koteks : “Oh ya. Merga tugasku akeh. Mula aku golek akal supaya kowe ora ngejak aku ngobrol wae.”</p>						<p>b.ancas saha wosing ukara inggih menika paring prentah supados <i>mitra tutur</i> cepet-cepet ngrampungaken anggenipun nyariosaken alesanipun ngawontenaken lomba nyapu;</p> <p>c.tembung ‘gek gage’ nedahaken bilih <i>penutur</i> nyuwun dhateng <i>mitra tutur</i> supados nindakaken prentah saking <i>penutur</i> sanalika ugi, bibar ukara pakon dipunandharaken.</p>
30.	<p>Konteks : Prabu Siliwangi kagungan putri ingkang asmanipun Putri Kandhita. Putri Kandhita dipundamel gerah, badanipun kebak dening borok ingkang mambet. Gerah menika dipundamel dening dhukun utusanipun selir-seliripun Prabu Siliwangi. Pramila Putri Kandhita dipunusir saking Keraton Pajajaran. Lakunipun dumugi satunggaling pesisir kidul. Lajeng ngaso ing nginggil watu karang, boten karaos ketileman.</p> <p>Data: “He, Putri Kandhita. Yen kowe pengin mari saka lelaramu, enggala nyemplung samodra.” (DL.45/9.4.2016)</p> <p>Koteks : Putri Kandhita banjur gragapan tangi sawise krungu swara kaya ngono. “Apa aku ngimpi?” kandhane ing batin.</p>			√		Ngengken sanalika	<p>a.Ngginakaken modus ukara pakon ananging kanthi <i>nada</i> andharan boten inggil (boten wonten tandha pakon (!));</p> <p>b.wontenipun ukara “enggala nyemplung samodra”;</p> <p>c.ancas saha wosing ukara inggih menika paring prentah supados <i>mitra tutur</i> nyemplung samodra;</p> <p>d.tembung ‘enggala’ nedahaken bilih <i>penutur</i> nyuwun dhateng <i>mitra tutur</i> supados nindakaken prentah saking <i>penutur</i> sanalika ugi, bibar ukara pakon dipunandharaken.</p>

1	2	3	4	5	6	7	8
---	---	---	---	---	---	---	---

